Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

3/2019
май - июнь



## МухIамад Сулимановасе - 100 сон



Басир Инсулов
1924 - 2019

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**


**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**3**

**2019**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**



**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.



Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

НОМЕРАЛДА РУГО:


**МУХIАМАД СУЛИМАНОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 100 СОН.**

**З.Батирова**. Гьесул букIана кIудияб гьунарги бергьараб гIаданлъиги...3

**М. Сулиманов.** Васигат *(къасидат)*.......11

**ДРЯЛЪУЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СОЮЗАЛЪЕ – 85 СОН**

**Р.ДинмухIамаев**. ТIулакьераб борохь *(къиса)*.......17

**ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ**

**ХI.ГIабдулгъапуров.** Ана дов гIищкъугун гьаб дунялалде.......28

**Р.ХIамзатов.** Басир Инусиловасде.......34

**КУЧIДУЛ**

**С.МухIамадова**.......36

**Т.Жаватханова**.......47

**ХАРБАЛ**

**ГI.Расулов**. Къункъарабазул моцI.......52

**ШИГIРУГИ, ДИНГИ, ДУНЯЛГИ**

**М.-Р.ГIумаров.** МагIарул рухIияб адабият бакки ва гьелъул цебетIей .......57

**ХIАЖИ ГIАРИПОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 90 СОН**

**М.ГIабдулхIалимов.** Дов вукIана хъвадарухъан.......70

**ХI.ГIарипова.** Чияр яс *(хабар)*.......75

**РУХIИЯЛ ЦЕРЕХЪАБИ**

**М.Халидова.** Имамзабазул насихIатчагIазул хIакъалъулъ халкъиял биценал.......80

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

НуцIидаса хъарщи бахъуге.......89

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

Махсаро-хочI.......95


---


Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №3 2019 г.**

*май - июнь*

*На аварском языке*

Выход в свет 19.06. 2019 г.
Тираж 1165 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 400 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# МухIамад СУЛИМАНОВ гьавуралдаса - 100 сон

## ГЬЕСУЛ БУКIАНА КIУДИЯБ ГЬУНАРГИ БЕРГЬАРАБ ГIАДАНЛЪИГИ

МухIамад Сулимановасул, батIи-батIиял гIажаиблъаби ругеб гIумруялъги, батIи-батIиял роцадул рахъал гьарзаяб гьесул хасияталъги хIикмалъизе гьарула. Сулиманов вукIана Дагъистаналъул хъвадарухъабазда гьоркьов бищунго тIахьал цIалулезе хирияллъвадарухъабазул цоявлъун. Прозаик, поэт, драматург, публицист гуревги, гьев вукIана гIумру бичIчIулев политик, кверда махщел бугев устар, махсарачи. Гьесул, бищунго халкъалда гьоркьоб гьев хиралъиялъе ккараб гIиллалъун букIана – гIадан хирияб гьесул ракI. МухIамад кIудияб икъбалалъ гогьдаризавурав чи вукIинчIоники, талихI сундулго рахъалъ кьун вохизавурав чи вукIинчIоники, – гьесулъ букIана – жив кинаб гIумруялъул захIмалъабазде данде чIваниги, бищунго талихI бугев чи вугин гьаб ракьалдайилан чIезе кIолеб бихьинчилъи. Гьев кинабго рахъалъ – лъаялъул рахъ босаниги, махщалил рахъ босаниги, пагьмуялъухъ балагьаниги, вукIана гьездаса чIухIияIого гIадатиял гIадамазда гьоркьов бищунго гIадатиявлъун. ГIадамасде бугеб гурхIел-цIоб, гIадатияв чиясде бугеб тIалаб-агъазалъулаб бербалагьиялъ берцин гьабураб букIана гьесул гIумру. РухIияб дунялалъул гIадамазда гьоркьов гьев хутIана кIудияв инсанлъун.



МухIамад Сулиманов гьавуна 1919 соналъ, хIуригаталъул гьури Дагъистаналъул щибаб росулъе щун хадусала. Гьесул лъимерлъи букIана захIматаб, гьевго гIадал эмен нахъе гьечIел бесдалазе хасиятаблъун. Гьеб захIматаб нухдасан вачIана гьев гIумруялде, заманаялъулги гIагаразулги цо-цо данде ккунгутIиялги нахъа толаго. Тумасе росасе арай эбел, гьеб ригьнаде данде букIараб гIагарлъи, гьеб дандеккунгутIиялъул захIмалъаби гьесда лъана лъимерлъудаго.

Цинги эмен хун хадусала, детдомалда араб лъимерлъиялъ гьев гьитIинго ругьунлъана гIумру бичIчIизе, жиндирго къуваталдалъун, жиндирго бажариялдалъун къоялдаса къоялде, соналдаса соналде цеве тIун ине. ЛъикIал къиматаздалъун лъугIараб школа, гьединго рецщалда лъугIараб Буйнакскиялъул Аварпедучилище букIана гьесул бегIераб гIакълуялъ лъим гьекъараб иццлъун. Граждан рагъул соназ тарал лъалкIал жеги цIорон рукIинчIо. Гьелъул героязул бицен жеги Хундерил росулъа къун букIинчIо. ЛъикIал, бахIарчиял гIадамазул цIаразул бице-киценаз кьолеб букIана пикру гьабизе лъалел, ургъизе бажари бугел гIолохъабазе тарбия.

Сулимановас гьитIинго жигар бахъана живго гIураб росдал, Дагъистаналъул тарих лъазабизе. Гьесда бичIчIулеб букIана гIумруялъул нухда таричIого цеве ине жиндие техникумалдаса щвараб лъаялъ гIей гьабулареблъи. Гьединлъидал цо-кIиго соналъ Хунзахъ районалъул ва КъахIиб районалъул (гьанже Шамил район) школаздаги хIалтIун, гьев цIализе лъугьана Нальчик шагьаралъул педагогикияб институталде. Гьеле гьенив цIалулаго, байбихьана ВатIанияб рагъ. МухIамадица армиялде ине гIарза хъвала. Гьев вукIинчIо ВатIаналде хIинкъи ккараб мехалъ, жиндирго гIумруялъул ургъел гьабулев чи. ГьитIинго беццлъараб цояб бералъ гьесие квалквал гьабулеб букIана жиндирго гIумруялъул аслияб мурад – ВатIан тушманасдаса цIуни рагIалде бахъинабизе. Амма гьев гьедула тIурунги, хIилла гьабунги рагъде инчIого чIеларилан. «Дир паспорт тушманас цIехезе гьечIо, цIадулъе унев дун лъица гьукъулев?» абун хъвана гьес.

Гьесда кколеб букIана жиндир курсцоял студенталги рагъде ун, рокъов хутIи кIудияб рогьо бугилан.



**М. Сулимановги Югославиялъул БахIарчи М. Батировги**

Таваккалав, кидаго сундасаго хIинкъичIев, гьитIинаб мехалъ чанги заруд вагъун ругьунав ва жиндасанго кIудияздаса къейгицин хIехьоларев вукIарав МухIамадица къабул гьабичIо, жив гIадазул улбул гIодулелги тун, рокъов чIезе. ЧанцIул гьев нахъчIварав санкомиссиялъ. Амма МухIамад рагъде ритIизе тIасарищарал поездалде рахунеб мехалъ, цогидал гьенире гьукъизе нухда чIун вукIарав солдатги довехун тункун, багъарулеб поездалде кIанцIула. Гьел рукIуна рагъде унел ругел гIарадачагIи. Гьезул командирасе рекIее гIола бахIарчияв гIолохъанчи. Кодоб документ гьечIониги, гьес гьев цадахъ рагъде вачуна.

Амма рагъ букIана рагъ, чармил ракI бугевги тIуркIизавичIого толареб. МухIамад, тIоцебесеб гьес гIахьаллъи гьабураб рагъдаго, лъукъула. Щвараб ругънада жаниб катанги бугIун, «дугIнул чIола», гьес, ругъун гьадингояб жо букIин хIазе, живго рагъул байданалдаса нахъе, госпиталалде витIичIого вукIине. ТIолабго Европаги цадахъ бачун вачIарав тушманас гьурана лъикIал

гьудулзабиги, чIабаралде сверизаруна граждан рагъалдаса хадур чIаго гьарун рукIарал шагьаралги. Гьесул малакь букIана Украина, Белоруссия, Эстония, Литва. Тушманас жигар бахъулеб букIана Ленинградалде, Сталинградалде нух бахъизе. Гьеб кIиябго шагьаралъ бихьизабулеб букIана бицун бахъунареб бахIарчилъи. МухIамадил полк, нахъе-нахъе къалаго, щола Кубаналъул ракьанде. Краснодар шагьаралъул рагIалда, тIаде чIахI-къул бан рахчун гIарадабигун, рахчун чIун ругел гьезда аскIове гIагарлъулев вукIана тушман. Гьеб кьабгIеялъулъ къоазарагогIанасев тушман гъурула. МухIамадил полкалъулги лъабго чи нахъе хутIула. МухIамад захIматго лъукъула. ЦIидасан гьев рагъухъабазул кьерда эхетула. ГамачI гьалулеб цIа тIад баканиги, кIолеб букIунаро тушманасда Сталинград босизе, Ленинград къуркьизабизе.

Туапсе цIунун гьабулеб рагъулъ МухIамад лъабабизеги лъукъула, гьесул каранда ругъун щола. Цинги хадуб Тифлисалъул госпиталь, гьениса, мадар лъугьарабго, тохтурасул изну гьечIониги, лъутула рагъде ва цIидасан госпиталалде тIадвуссинавула. Ахирги, сахлъизегIан госпиталалда вегизавизе кIвечIев МухIамад витIула Тифлисалъул рагъул училищеялде цIализе. Цо лъагIалида ункъо соналъул цIалиги лъугIизабун, гьев офицерасул формаги ретIун, Прибалтикаялъул фронталде витIула взводалъул командирлъун. Бахъана Смоленск, Орш, эркен гьабулеб букIана бидул гIурулъ тIерхьун бугеб Белоруссия. Немцахъа бахъана Каунас, Вильнюс, Шауляй, Волковишск. Советиял гIарадачагIаз бахана пачалихъалъул гIорхъи. КIиабилеб «БагIараб цIва» орденалъе Сулиманов мустахIикълъана Штолупенел шагьаразда букIараб гIассияб рагъда. Гьев цIидасан захIматго лъукъула. Врачаз гIажаиблъи гьабулаан гьесул ругънал хехго сахлъиялда. РакI лъикIав, аваданав чи вукIин букIун батила ругънал хехго сахлъиялъе сабаб. МухIамадица гIахьаллъи гьабуна Маутхаузен, Норхаузен шагьарал эркен гьариялъулъ. Гьесул квераз рагьана Бухенвальдалъул каву. Немцазул тарих абадиялъе нечолеб гIассилъи бихьана гьеса. Нусиялда къого хвалил фабрикаялъ, крематориялда рухIун хваразул къисматалъ ссудизе гьабуна гьесул ругънаца басараб керен.

Гьеле гьеб мехалъ бадиса бортараб бихьинчиясул къанагIатаб магIил гороялъ гьавун ватила гьесул хъвадарухъан…

Ахирисеб немцазул гулла МухIамадида щвана Берлиналда. Гьеб гIассияб рагъулъ гьев мустахIикълъана цоги рагъул тIадегIанаб шапакъаталъе, тIоцебесеб даражаялъул «ВатIанияб рагъул» орденалъе. Рагъ лъугIараб къоялъ МухIамад вукIана тохтурасул носол балакь. Сулиманов мустахIикълъана лъабго орденалъе ва анкьго медалалъе. Рагъ лъугIун хадусел соназ МухIамад цIализе лъугьуна Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институталде. Рагъдаса хадусел соназ гьев хIалтIана Москваялда театралияб институталда мугIалимлъун. Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччала гьесул тIоцебесеб «Гургур магIарда» абураб тIехь. 1944 соналъул август моцIалда, рагъ гIодоцараб сардилъ, окопалъуб МухIамад лъугьуна партиялде.

Октябрь. ВатIанияб рагъ. Гьеб кIиялъго гьабураб кIудияб асар гIумруялъго свинчIо гьесул рекIелъа. ХIуригаталъул темаги, ВатIанияб рагъул темаги гьесул асаразулъ лъугьана аслияб темабилъун. Гьедин рижарал руго гьесул «Хунздерил хъала» абураб пьесаги, «Абадиял нугIзал» абураб романги.

Сулимановасул махщалил къуват дида бихьула, гьес рагьулеб бугеб гIумруялъул гъварилъуде гьев вакканагIан – гучлъулеб бугеб гьесул «цIуне ВатIан, цIуне вацлъи, цIуне рекъел» абун гIадамазде балеб ахIиялъулъ. Гьесул асаразулъ рухIияб рахъалъ кIудиял гIун рачIунел руго гьесул героял. Гьезда кIолеб буго хIинкъи, ракъи, къварилъи къезабизе. Гьезда кIолеб буго гIассияб рагъдаги, ракъун къечон хутIаниги гьудуллъи, гIаданлъи, адаб, цогидасул гьабизе кколеб агъаз цIунизе. Аслияб масъала, гIумруялъ хъвадарухъанасда цебе лъураб – рекьарухъабазда гьоркьобги интеллигенциялъул ракIазулъги кьижараб гIакълу борчIизабизе тIадегIанаб гIумруялъул тIалаб – ватIан бокьизе ва цIунизе, инсан хIадуризе ва куцазе. Гьеле гьединал гIумруялъулъ кIвар бугел суалал мухIканго рагьулел руго МухIамадица. Заманаялъул цIадулъ лъадарула хъвадарухъан, заманаялъул лъугьа-бахъиназ тIамула гьев кодобе къалам босизе. Хъвадарухъанасда тIадаб буго жинца гIумру гьабулеб заманаялъул лъикIал, квешал рахъал загьир гьаризе, жамагIаталъул гIузрулъун ккараб унтуе дару цIехезе, рухIияб щокълъиялъе дару балагьизе. Гьеле гьеб киналъулго бицуна Сулимановас некIсияб чархида ккураб гIадаб чваххун бачIунеб умумузул мацIалъ хъвараб «Сулахъ – гьалагаб гIор» абураб къисаялда. Гьеб асар буго хъвадарухъанас бихьизабураб гIумруялъул цо гьитIинаб бутIа, МухIамадил жиндирго беразда бихьараб ритIухъаб гIумруялъул хIакъикъат. Къисаялда бихьизабулеб буго нилъер республикаялда бижараб цIияб, кIудияб къуват. Гьеб къуват бижизабизе бажари гIурал кIвахI, свак гьечIел гIолохъабазул захIматалъул бахIарчилъи. Къисаялъул бищунго кIвар бугеб жо буго гIадатиял магIарулазул гIолохъабазул кIудияб гIумруялъул нухде рахъине бажари гIей, гьеб бихьизабизе кIвей, гьезда гIумруялъул нухда дандчIварал захIмалъаби къезаризе кIвей. РакI бохизабула цIалулаго, рагIа-ракьанде щун рагьарал образаз, хIалтIуде гьезул бугеб рокьиялъ. РекIелъ чIухIи бижизабула хIалтIуде гьеб къисаялъул героязул бугеб кIваралъ, бугеб бербалагьиялъ. Цебе гIолохъабаз кигIан гIакъуба бихьун гIумру гьабулеб букIун батаниги, гьезул гIакълуялда кIолаан жиндаго квелъ базе, живго квешаб рахъалдаса лъикIаб



**М. Сулиманов Авар театралъул артисталгун**

рахъалде вуссинавизе. МухIамадица бихьизабулеб замнаялъул гIолохъаби руго жакъа ругел гIолохъабазе кинабго рахъалъ мисал бугеллъун, бажари бугеллъун. Жакъа Дагъистаналъул хIакимзабазул лъимал бечелъиялдаги, эркенлъиялдаги куцарал, кинаб букIаниги захIматалдеги ругьунлъичIел, жиб-жиб экзаменалъухъ гIарацги кьун, цIали лъугIарал руго. Метер гьезул щиб букIине бугеб? ХутIугеги гьел эмен гьечIого, махIрумлъугеги гьел инсул яги гIагарлъиялъул кверчIваялдаса. Бажари бугел, лъай бугел гIелбащадаз чIамичIого кIкIвине бегьула гьел. Гьединал гIолилаз МухIамад Сулимановасул захIматалъ гIадан куцалеб къагIида щвалде щун рагьарал къисаби цIалани, кигIандай гьелъул пайда букIинаан гIун бачIунеб гIелалъе.

Жакъа кидагоялъе хIажат руго Дагъистаналъе гьунар бугел, бегIерал, квешалдаса лъикIаб батIа бахъизе лъалел, рокьизеги лъалел, гурхIизеги лъалел, адаб-хIурмат гьабизеги лъалел гIолохъаби. РухIияб язихълъи лъугIизабизе кIолел гIолохъаби. ГIадан цIунизе кIолел, гьев вичIчIизе лъалел васалги ясалги.

МухIамадица гьаб къиса сайгъат гьабулеб буго «Ккараб къо хIехьолел, къараб рачел чучуларел, ракI цIадулал, цIар гьайбатал магIарул гIолилазе». Къисаялъул аслиял героял руго авторасда гьумер-цIар лъалел чIагоял гIадамал – инженер Рожков, Гончаров ва цогидалги авторасе жидерго рекIел балъголъаби рицарал цогидал гIолохъабиги. РагIа-ракьанде щун рагьун буго магIарухъа вас МухIамадил образ, хIалтIуде гьесул бугеб рокьиги, амма жиндиего бокьараб гьабичIого чIолареб гIамалги. Изнуги гьечIого, рехун хIалтIиги тун, магIарухъе арав МухIамад бригадаялдаса нахъе рехизе дагьалъ хутIула. Гьединаб кьварараб букIана гьабулеб хIалтIуде бербалагьи. Гьеб асаралда авторас жиндирго къисаялъул герой МухIамад щвалде щун вихьизавун вуго.

КигIан эбел-инсул адаб ккурав вас вукIаниги, гьес инкар гьабулеб буго эбел-инсуе йокьарай яс лъадилъун ячине. Гьес ячуней йиго лъарагIай Кумсият. ЦIакъ берцинго, мухIканго рагьулеб буго интернационалияб гьудуллъиялъул тема, мухIканго, цIалдолезе чIалгIинаредухъ бицунеб буго гIадатияв бетонщикасдасан байбихьун хIукуматалъул тIадегIанал шапакъатазе мустахIикълъарав «ЗахIматалъул бахIарчиясул» дурусаб гIумруялъул.

Дагъистаналъул литератураялда жаниб гьоркьохъеб ва чIахIияб гIелалъе хъварал асаразухъ къечон букIана магIарул адабият. Гьелъул къеч буссинабулеб иццлъун лъугьана Сулимановасул, пачалихъалъулаб премиялъе мустахIикълъараб, «Лъабго къиса» абураб тIехь. Гьелда жанире рачун руго «ХIинкъараб сарар», «Такъсир», «Беццаб божилъи» абулел къисаби. Гьенир рехсон ратила чанги хъвадарухъанасул гIумруялда дандчIварал лъугьа– бахъинал. Гьенир руго кинабго жидеда сверухъе бугебщинаб жо лъазе бокьарал гьитIинал героял Самиги Набиги. Гьезул кумекалдалъун къватIив чIвазавизе кIолев вуго кIудияв заралчи, хъачагъ, нохъазда вахчун гIумру арав тушман. ГIатIидго рихьизарулел руго магIарул росдал лъикIалги квешалги рахъал.

РекIел кIудияб хинлъигун гьеб къисаялъулъ сурат бахъулеб буго гIумру къварилъиялда арай кIодол, бесдалазе кьезе гьелъулъ бугебщинаб рокьиялъул, гурхIелалъул.

Гьаниб буго гIалхулаб законалъ вокьулесдаса ятIа гьаюрай, гIмру бигъарай, вокьуларев росасда аскIоб гIумру тIамулей магIарулалъул

пашманаб образ. КІудияб асар гьабула намусалъ рокьи загьир гьабизе течІев магІарулас. Гьанир руго магІна бугел, иман бугел, гурхІел-цІоб кІудиял, къо ккараб мехалъ кумекалъе ратулел росдал гІадамал. Гьанив вуго гьитІинав васас халкъалда цеве суризавурав, гІадамал гуккулев тушман.

Эбел-инсуца гогьдаризаюн, захІмат бихьизе течІого гІезаюрай Викаца гІемераб рекІел унти щвезабулеб буго эбел-инсуе, гьелъул образалъ умумул ахІулел руго лъимал хІалтІуде ругьун гьаризе, гьезие, гогьдаризарун гуреб, битІараб тарбия кьезе. Хъвадарухъанасе абизе бокьун буго талихІалъул аслу захІмат бугилан. Гьал къисабазулъ кьун ругел образаз лъимал ахІулел руго лъикІлъиялде, берцинаб, бацІцІадаб гІумруялде. Лъималазе хирияб Нухи абун цІар бугеб гьвеялъул чІаголъиялъ, гьелъул мутІигІлъиялъ гьитІинав цІалдохъанасул рекІелъ бижизабулеб буго гурхІел-цІоб, гІисинал рухІчІаголъабаздеги гІадамасего гІадаб адаб.

КъатІра гьечІони, ралъадги букІунаро. Лъадал цо къатІра гІадинаб жо буго адабияталда жаниб къокъаб хабар. ЛъикІаб, рекІелъ хутІулеб къокъаб хабар хъвазеялдаса бигьаяб бугилан рикІкІуна машгьурал хъвадарухъабаз кІудияб асар хъвазе. Цо берцинаб меседил тІагІалида бикІун берцинал нахъищал гьарулев устарас гІадин, гьитІинаб асаралда жаниб кІудияб пикруги лъун, хъвалеб асар гьеб захІматаб букІунеб батила.

МухІамадица кучІдул цІакъ дагьал гурони хъвачІо. Хъваразда гьоркьор гІемерисел рукІана махсара-кепалъе хъварал.

Прозаялде машгъуллъараб мехалъ МухІамадие гьеб жанр рекІее гІола, гьелъие гІилла батила, ракІалда бугеб жо загьир гьабизе прозаялъул гІадинал гІатІидал ресал поэзиялъул рукІунгутІи, авторас тІаса бищулеблъи жиндиего данде кколеб нух.

БукІаниги, КІудияб ВатІанияб рагъ рикІкІалъанагІан гІагарлъулеб букІана рекІее рагъулаб тема. КІудияб балагьалъул гьумер макьилъги лъадалги бачІунеб букІана цебе. РакІалде щолел рукІана гьале гьабсагІат хвелалъ квер бегьилилан ккарал лахІзаталги. Гьаб нухалъги хвалдаса ворчІани, киданиги гьереси бицинарин, киданиги гІадамасул ракІ бакъвалеб рагІи абиларин. ТІадегІанав Аллагьас нагагьлъун жиндие рикъзи кьуни, гьеб жинца киданиги гІадамазулгун гІахьал гьабилилан, барахши-хъантІи чорхолъе биччаларилан ракІалде кколаанилан бицунаан МухІамадица. Бадиса бадибе хвел нилъехъ балагьараб мехалъ гьелда хурхине гІедегІарав, гьеб хиралъулев чи, я живго, я цогидал жинда рагъда дандчІвачІила. ВатІанго гІадин, гІумруги бокьулеб букІун бугила чиясе. Рагъул цІадулъ цохІо жалго рагъулел ругеб бакІалъул гурони, хІакъикъат лъалароанила. Немцазул гулбузул цІадакь цІунун бугеб гьитІинаб гохІ – гьеб букІанила кІудияб ватІан. Гьеле гьеб ВатІаналъе кьолеб букІанила рухІ гІолохъабаз, щибаб гали тушманасухъа бахъулаго чваххулел рукІанила бидул гІорал. КІудияб тІадецуй гьабулеб букІана гьединал ракІалдещвеяз. ЦІидасан кинабго жиндаго бихьарабщиналъухъ гІакълу камиллъарал бераз валагьизе бокьана хъвадарухъанасе. РикІкІадасан балагьун ричІчІизе бигьалъулел рукІана рагъул цо-цо лъугьа-бахъинал. Гьесие баянлъана тарихалъул бицине ккани, гьелъие битІараб къимат кьезе кІолеб гІакълу камиллъизе ккoлеблъи. Гьеле гьеб даражаялде живго ваханилан ккараб мехалъ МухІамадица хъвана рагъул темаялда «Рагъул нухазда», «Апараг», «Дандерижи», «Гъалал» абурал поэмаби.



**М. Сулиманов инсул гIагарлъигун**

Киназего бокьулеб асарлъун букIана МухIамадил «Васият» абулеб поэма. ГIумруялъул чIаголъи лъугIарал кIиго херас бицунеб буго цере рукIарал чабхъеназулги, гIемерал бидул лъалкIал нахъе тараб бигъараб гIумруялъулги. Гъабураб такъсиралдаса кида-къадги чиясул ракIбухIулеблъи, ракIбухIулеб жо гъабичIого тезе жигар бахъизе кколеблъиги. Бечедаб, берцинаб, чваххун бачIунеб магIарул мацIалъ хъвараб Магьдил къиса цIаларазда ракIалде ккезе бегьула: «ГIайиб гурищ гьадигIан берцинго кочIодалъун асар хъван бажарулев чияс кучIдул хъвачIого тезе», – ян.

«Апараг» абураб поэмаялда «Рагъул нухазда» абураб поэмаялъул пикру такрарлъулеб буго. Гьелъие гIилла батизеги бегьула кIиябго поэмаялъул герой живго вукIин. Гьеб поэмаялда МухIамадица рорхулел руго гIумруялда жанир кидаго кIвар бугеллъун хутIулел гIисинаб гIелалъе тарбия кьеялъул суалал. Гьес жиндирго гIелалъул бицунаго абулеб буго:

**Дир гIел гIедегIараб, гIанчIаб бижана,**
**Умумузда лъачIеб чIаголъи лъазе,**
**Цере наслабазда макьилъ бихьичIеб,**
**Эркенаб, кIудияб гIумру гIуцIизе.**
**Гьанже лъималаца нилъ нечолареб**
**Баче абе хадуб халатаб гьаб нух.**

Гьениб гьес бихьизабулеб буго авар мацIалъул бечелъи, бокьухъе рагIи абизе жиндирго бугеб махщел.

Бокьарав гIолохъанчияс гIумруялъул дарслъун цадахъ босизе бегьила поэтасе кIодоца сапаралде иналде гьабураб малъи:

**Квер кьелалде, гъеж борце,**
**Дандиясул бер борце,**
**Хехго гожо бихьулев**
**Бихьинчи довегIан те.**
**Лъимаца малъаниги,**



**М. Сулиманов, М. Шамхалов, Р.ХIамзатов, ГI-М. ГIалиев**

**ЛъикIаб жо гIадахъ босе,**
**КIалдиб мацI гIемерасул**
**РагIдукь гIодов вукIунге,**
**Чи вокьа, чилъи бихьун,**
**Рукъ бокьа, гьими бихьун.**

Вацлъиялъул темаялдаги бакI батун буго поэмаялда:

**Россия цолъана**
**Цебего нилъер,**
**Цо хъизан лъугьараб**
**Рукъги къайиги.**
**Цо зоб нилъеда тIад,**
**Цо ракь хIатIазукь,**
**Цо бакъ борхалъуда,**
**Цо гьава гьуърузулъ.**
**Мунго бакъун кьуна**
**Дуца нижей чед.**
**Мунго хохон кьуна**
**РетIине ретIел.**

«Дандерижи» абураб поэмаялда данде кколеб буго лъикIабги квешабги. Гьанив аслияв герой вуго ватIан цIунун би гIодобе тIолел гIадамал ругеб мехалъ, жиндирго гIумру хвасар гьабизе тушманасе ВатIан бичарав хIалихьат. Гьев мустахIикълъулев вуго гIадамазул ва жиндирго лъималазул нагIанаялъе.

Судьялъун хIалтIулев вугев хиянатчиясул васас жиндирго эмен чIвазе къотIула. «Дандерижи»-ялъул авторасе бихьизабизе бокьун буго, кигIан кьогIал, захIматал шартIазде кканиги, ВатIан ва халкъ бичизе бегьунгутIи, бихьинчиясул гIумруялъул роценлъун бахIарчилъиги букIине кколеблъи.

М.Сулимановас нилъее тана нилъер умумузул бахIарзазул хвел гьечIел образал.

*Залму БАТИРОВА,*
***Дагъистаналъул халкъияй шагIир.***

**МухIамад СУЛИМАНОВ**

## В А С И Г А Т

**Бакъуде керен кьураб, керчаб рохьалъ бацараб
Цо мугIрул ахалъуда кIиго кули букIана.
Рахъ-рахъалъан чвахулел, чапун гIазул лъугьунел
ГIисин иххал цолъулеб лъарги гьениб букIана.
Радал багIарбакъуца мегIер гвангъараб мехалъ,
Кулаздаса къватIиве кIиго чи вахъунаан.
Цоцахъ ралагьун гьимун, гьаругьин кверал росун,
КIиявго накъиталда къоялъ гIодор чIолаан.
Гьезул цояв вукIана Магьди абун цIар бугев,
Бох хабалъе бортарав, тату хун гIодов ккарав,
ГIумруялъ хъачагълъуда чияр ракьал тирарав,
Кьварарав багьадуран кибго цIар тIибитIарав.
Цойгиявги вукIана ГIалиасхIаб абулев,
Сверухъ улка-ракьалда речIчIун данде чи течIев,
Амма гьанже херлъиялъ къан цIцIун черх чучун арав,
Ахираб къо щвеялъухъ хал ккун валагьун чIарав.
Цо къоялъ гьал хараби харбие жоги тIагIун,
ГанчIазда гIодор рукIун, гIенеккун чIун рукIана.
Гьениб цо жо ракIалде бачIарав херав Магьди,
Магжида кверги бахъун, АсхIабида кIалъана:
– Валлагь вац ГIалиасхIаб, сунел руго дир къоял,
Къолден хураб херлъиялъ лъахъван унеб буго жан.
Бицине жо лъугIана, гIакълу лъалъараниб ана,
Аллагьасул къадаралъ къвал базе заман щвана.
Амма дуе бицине цо хабар хутIун буго,
БахIараб мехалъ ккараб хIикматаб къиса буго.
Накалда кан бичIунев, каранда цIул хъвалхьунев,
Къуват чорхолъ бергьарав чи вукIарав, гьудул, дун.
Квелъ-чангиталъ кколареб, чалбудай кьун хьихьараб,
Кьолокь кIанцIур бачунеб чу букIараб, гьудул, дир.
Амма гьаб жакъагицин къан карнада ракI цIцIулеб,
КъабихIаб иш лъугьана дихьа цо сапаралда.
Ярагъ борчун, чу рекIун, рекIел мурад тIубазе
ТIубараб нигаталда дун росулъа вахъана.
Дидаса кутакав чи данде чIвани, чIвалилан,
ЧIчIалилиласул асаргун дица мегIер бегана.
Керчаб цо рохьове щун, сухъмахъккун къокъунаго,
Къан чIолареб дир айгъир, эгъе кIутIун, лъалхъана.**

Гьабго щиб гІаламатан гІодове рещтІарасда
ГъотІол рагІдукь гІодов чІун цо нухлулав ватана.
Цо хІал бихьун лъикІилан, галиги цебе тІамун:
«ТІаде вахъа, вахьна!» – ян, дун гьесда хъачІ кІалъана.
Хучун чІегІер михъалгун, чІваркьун кІиябго бергун,
КІудияб хІинкъиялда гьевги дихъ валагьана.
Цояб хъатикь бахккенгун, цояб хъатикь ханжаргун,
Хаган дихъги валагьун, гьев чи ракІ кьватІун хвана.
Гьесда кодоб букІараб яргъил рекІин бихьизе,
Магжиде гьеб гьесидал, рас гъенезе лъугьана.
Дирго камиллъиялда кутакалда ракІги чІун,
Гьениса вахъарав дун, авлахъалде лъугьана.
Гьанже гІурухъеги щун, шагьраялъ къокъунаго,
РикІкІадасан вачІунев цо нухлулав вихьана.
Меседил мухъал хъвараб хъахІилаб чухъа ретІун,
ТІеренаб шинкІилалъул чугун гьев тІаде щвана.
Щиб ракьалъул чидаян, данде вилълъараб мехалъ,
Дирго гІадаб гІелалъул магІарулав ватана.
Дидехун саламги кьун, кьабгІун унев гьесдехун
Кьурун чодаги вуссун, дица калам гьабуна:
– Щиб ле, мун цІакъ чІухІарав хІара гури вихьулев,
ХІал бихьизе кІиявго цо-цо хурхун лъикІ гурищ?
Гьесул берцин тІуркІичІо, тІадвуссун валагьана,
Чуги лъалхъизе гьабун, гьал рагІаби абуна:
– Нухлулав, дир къваригІел къиматаб, тІокІаб буго,
ТІадвуссун вачІинегІан чІезе сабру гІеларищ?
Дун пуланаб росулъе цо хІурулгІин хъамизе
КъватІив вахъарав вугин, нух кквечІого теларищ?
Дир каранлъ ццин багъана, бадиса цІа пирхана,
ЦІцІулъи бихьулищ гьвелан, гьесда хъачІго кІалъана.
Гьанжеги гьев лъалхъичІо, чІухІун дихъ валагьана:
– ТалихІ кьеги, нухлулав, нух те дий, – ян гьарана.
ГьадигІан ракІ хІинкъарав хІалихьат теларилан,
Тиризе гьабун чугун, гьесда хадув вилълъана.
– Я дур, я дир бидуца белъун гурде лъечІого,
Мун ворчІизе гьечІилан, – чІухІун гьесда кІалъана.
– Щибха, эдин батани, байбихьизе рачІа, – ян
Рачлихьго чвалченги тун, тІил гьес кодоб босана.
Дагьабго хІалги хисун, хвалченги къватІиб бахъун,
Щибдай алъул ккелаян, дунги тІаде вилълъана.
БитІун хвалчен кьабизе кьолонив ворхулаго,
Кьурун вуссун, дир бетІер тІилица гьес бухана.
ГІадалъе цІаги бахун, бадиса канлъиги ун,
Кьолонисаги вортун, дунги гІодов речІчІана.
Нахъа лъавуде вачІун, тІаде вахъунев дида

ТIаде валагьарав гьес гьал рагIаби абуна:
– Дир ахIмакъав нухлулав, дир заман унеб буго,
Дуде вуссун вукIани, дун кватIизехъин вуго.
Дурго чорхол къуватги, къватIиб цIараб хвалченги
ХинкIал чIвазе жибго тун, те дун берцинго ине.
Гьанже дир керемалда кутакаб цIа багъана:
– Я мун, я дун хвечIого нух теларин, – гьедана.
Нахъойги тIилги борхун, нухлулав цеве чIана,
Ццидалъ хввалчен ччун дунги гьеседа данде вортана.
Амма гьанжесалаги гьесулев вукIарав дун
Гьес кьабараб тIилица кьолониса вортана.
Нахъойги чIарбида лъун, лъавудаса арав дун
РекIеде вачIиналде чуги ккун гьев ватана.
ТIаде вахъун, михъ кьурун, кьварун дун цеве чIедал,
Ццидалъ дихъги валагьун, гьес дидехун абуна:
– ГьанжелъагIан дир дургун махсараби рукIана,
Амма мун чIолев гьечIо, вахая дурго чоде!
Дур бидул хIакъ босани, битI ккеларин вукIана,
Ккараб къо борхичIого пайда ккезехъин гьечIо.
Чан нухалъ буханиги, дур бетIер кантIиларо,
Кинниги гьалде кканин, гьанже вачIа вагъизе!
Гьес чол квелъ къокъго ккуна, къватIибе хвалчен цIана,
Нартавцин хIинкъуледухъ къвакIун тIаде вачIана.
Дир нодо гIетIул цIуна, цIунцIрабаз мугъ басана,
Бадиб хIохьелги кIанцIун, кIал-мацI къотIун хутIана.
ХIакъир  дихъги  валагьун, хвалченги лъалиниб лъун,
Лъимадул гьимиялда гьес дидехун абуна:
– Дун цо сагIаталдаса нахъвуссун гьанив щвела,
Гьаниса кьуричIого валагьун мунги чIела…
Гьедин дидаги абун, нухлулав воржун ана,
Надалдаса гIетI бацIцIун, вуцIцIухIун дунги чIана.
БитIун сагIат induceналде авлахъалъул тIарада
ТIад кIиго чи рекIараб чу паркъулеб бихьана.
Гьелда хадуб бахъараб бицатаб хIурул кIкIуйлъан
АхIуд хадур рачIунел лъабгоялги рихьана.
Цевесев тIаде щведал, дун хIикмалъун хутIана,
Хъамун ясгун вачIунев нухлулав гьев ватана.
Гьеcда хадув вукIарав лъабавго чол рекIарав
Чанго галул манзилалъ рикIкIадегIан лъалхъана.
Нахъе квералги кьурун, кьолоде цее ккурай.
Камилай цо меседу йосун гьес дихъе кьуна.
– Нагагь гьадал чагIаца чIван дун гIодов рехани,
ЧIечIого гьайги хъамун, нух босе, – ян абуна.
Лъавудаса арай яс гьес дихъе кьолеб мехалъ,
Лъабгоясда гьоркьоса цо херав чи ахIдана:

**– Ле, дур бетIерчIахъаяв, чIегIер питна бекьуге,**
**Кьалде ниж тIамичIого, тIадюссун яс нахъе кье!**
**– Гьеб рагIуде нуцIа къан, рокъове вусса, херав,**
**ХвечIого дир хъатикьа хъамурай йорчIиларо!**
**Цинги ясалъул эмен васаздехун вуссана,**
**Гьезул цIикIкIарасдехун килищ битIун кIалъана:**
**– Яче дурго яц нахъе, къотIе бетIер гъов хIамил,**
**ТIокIаб гъосда бицине берцинаб рагIи гьечIин!**
**Инсул амру тIубазе, тIадаб намус баччизе**
**Бахъун хвалченгун васги вортун ана цевехун.**
**Чол гарбида хъат кIутIун, хвалченги къватIиб бахъун,**
**Хъумурлъун нухлулавги гьесде данде вахъана.**
**КIиго гIолохъанчияс чода рагъ гьабулелъул,**
**Лъавуде ячIарай яс йиххун дихъ ялагьана.**
**Нухлулас хвалчен кьабун, чодаса далун унев**
**Вац вихьараб мехалда гьелъул черх сородана.**
**Гьанжесаги инсуца ахIун гьаракь гьабуна,**
**Кьолонив вахъунги чIун, михъал тIуркIун кIалъана:**
**– Ле, багьадур, нилъеда гьоркьоб цо биги кканин,**
**Бегьиларищ гьей дир яс гьанжегIаги йиччазе?**
**Надалдаса гIетI бацIцIун, цIан бадибе тIагъургун,**
**Нухлулас инкар гьабун, квер гьесдехун хьвагIана.**
**Гьеб мехалдаги херас хадусев вас витIана,**
**КъотIун хIамил бетIергун, яц нахъе яче абун.**
**ТIаде гIунтIулев вугев гIолилай ясалъул вац**
**ЦинтIаго ругъунги щун, чодаса далун ана.**
**Дица къахIан ккун йигей, йиххарай магIарул яс,**
**ГIассиял гьаркьал гьарун, кьуркьудизе лъугьана.**
**Гьанже живго хутIарав херас къвалал гурана,**
**КъватIибе хвалченги цIан, цIакъ ракI бекун кIалъана:**
**– Васав, нилъеда гьоркьоб кьалул кор багъарана,**
**Кьоларищ гьанжегIаги гьей дир яс дуца нахъе?**
**БетIерги гIодоб къулун, къвалакь цояб кверги чIван,**
**Хвалченги чода бацIцIун, нухлулас жаваб кьуна:**
**– КигIан дур хьахIаб магжил хIурмат кквезе кканиги,**
**Нахъе кьезе хъамурай яс гурелъул, щибилеб.**
**АзарцIул данд кьабулеб кьурулъ восун лъуниги,**
**РухI кIалухъ букIаго гьай гьанже дихъа щвеларо!**
**Гьебмехалда херав чи чугун цеве вачIана,**
**АскIове гIагарлъигун, нахъеги гьес абуна:**
**– Гьанже ахираб намус борхизе диде ккана,**
**Дурго хIал лъан букIине, лъугьаха данде, – абун.**
**Гьез цоцазде хьвагIулеб яргъил паркъи бахъана,**
**Нахъе къан, цере рачIун, чIвадаризе лъугьана.**
**Амма херав чиясул чорхол рухI хьадарлъана,**
**Дагьаб заманалдасан сукI-сукIун вортун ана.**

Бидул цIураб хвалченги чол жалалъ бацIцIунаго,
Нахъе вуссун нухлулав нижеда аскIов щвана.
Ясалъ нодо букIкIана, кIутIби цоцалъ регъана,
Цабиги рукъулаго, къварид ялагьун чIана.
Бадиса магIил горо гIодобе бортичIого,
ТIаде вачIарав гьесда гьал рагIаби абуна:
– Дуца гIемерго тIоркIаб бахIарчилъи гьабуна,
ГьанжегIаги дир кверал ричизе бегьиларищ?
Мунгун данде вагъизе нахъе чиги хутIичIин,
ЧIваразухъ ялагьизе йиччазе бегьиларищ?
Бадиса кьерги босун, рес къотIарав нухлулас
Ясалъул квераздаса кварал нахъе ричана.
Дида кодоса йорчIун, чодаса гъоркье кIанцIун,
КIалагъоркье ккун вугев инсухье гьей йортана.
Гьесда кодоса бортун, хьибилалда ккун бугеб
Хвалченги кодоб босун, яс чода тIад рекIана.
Рахьдал кьераб гормендо горбода гьелъ жеманна,
Инсул букIараб тIагъур тIад ясалъ босун лъуна.
Гурдил къвалалги гурун, къан хъатикь хвалченги ккун,
КъвакIараб чанги рагIи нухлуласда абуна:
– Эмен чIварав дир тушман, вацал чIварав бидулав,
Дурго чорхол хIал лъазе лъугьая гьанже данде!
Дун цIогьохъе хъамурав, хъачагълъуда куцарав,
Каранда ракI батани, бахъе ярагъ къватIибе!
Гьелъул хабар рагIарав нухлуласул кьер тIуна,
ТIуртIудулеб квер борхун, хитIаб гьабун кIалъана:
– ХIурулгIин, гIедегIуге, гIайиб ккарав дун гуро,
Дуде бугеб гIищкъуялъ къо хIехьарав чи вуго.
Мун гIадинай ясалъул расалда кIутIизегIан,
КIихIи бекун рехила хвалчен дица гIодобе!
Маргъалул дур черхалда хвалчадул мухъ хъвазегIан,
Хулжалги раччун тела вижараб инсул росу.
Дур инсулгун вацазул къадар гьедин ккун буго,
Ккаралда щиб гьабилеб, гьеб ярагъ гIодоб рехе!
Дур тухумалда гьоркьоб кьал хIажатав вукIинчIо,
АхIуд рахъун ал щведал, щибха дица гьабилеб?
Ясалъ данде кьварараб кьогIаб жаваб гьабуна,
Гьаругьин ячIунаго, гурдил къвалал гурана:
– Дуда кIалъалей йигей рокьи ккарай яс гуро,
Вокьаравги гъоркьго тун дуца хъамурай йиго.
Мунгун хвалчад ягъулей гьитIинаб лъимер гуро,
Дирго намусги цIарги цIунизе чIарай йиго!
Чанги дун гIадиназул гIодун ратила улбул,
Мун гIадинал хъачагъаз хъамун ясалги тIагIун.
МагIу лъугIун, би чвахун, чандай гIодана ясал,
РекIей рокьараздаса кьурун мун гIадас тIурал!

**Хъачагъ гуревани дун дуца хъамилароан,**
**Рокьи дихъ ккарабани – эменги чIвалароан!**
**Мун гIадасе рекъараб къваридаб лахIту буго,**
**Хвалчен гурони дуда тIокIаб кIалъазе гьечIо!**
**Гьел рагIабиги абун, яс цеегIан ячIана,**
**Рес къотIарав нухлулав данде вахъине ккана.**
**Гьавги тохлъизе гьавун, тирун кьолода тIадгун,**
**ТIун гъеж инеб хIалалда ясалъ хвалчен кьабана.**
**Кодоса ярагъ бортун, гъажилда цояб квер лъун,**
**Кьолониса багьадур далдалун вортун ана.**
**Бидул хIоринив лъурав эмен тIаде ворхана,**
**Тарталаго вацалги аскIорегIан рачIана.**
**ЧIухIарав нухлуласул каранда хIетIеги чIун,**
**ЧIел босарай меседо дидехун ялагьана.**
**– Мунги гьавго гIадинав гIалхулав гьве вихьулин,**
**Бихьинлъи дулъ батани, бахъе дуцагим хвалчен!**
**Чода дунги къахIан ккун къуваталда вукIанин,**
**Вахъа, дурго чорхол хIал ясалда бихьизабе!**
**Гьел рагIабаз дир бетIер тIубан гIадал гьабуна,**
**ГIажаибай ясалда бицине жо тIагIана.**
**Дирго черхалдасаги чу-ярагъалдасаги**
**ТIубан рокьиги бичун, чара бухIун хутIана.**
**Дидасаги бергьарав багьадур гIодов лъурай**
**ГIолилайгун вагъизе, узухъда, дир хьул ккечIо.**
**Вацазулги инсулги рухI цIунун цIумлъун чIарай,**
**ЧIел босарай ясалда дун хIелун гаргадана.**
**РакI бакъвараб ххвел гьабун, къурав чилъун хIалаго,**
**ХIалалъ чодеги вахун – гьайда нахъе лъутана.**
**Гьелдаса нахъе тIолго дир гIумру инжитлъана,**
**Баркат бахъун магIишат нахъе ккун, тIагIун ана.**
**ТIокIалъ чабхъад вахъинчIо, чу-ярагъ рехун тана,**
**Тухум-кьибилгун барщун, вахъун колода чIана.**
**Дир басрияб кьилиги, кьаву чIвараб хвалченги**
**Хвараб мехалъ дир хабалъ букъеян хъванги тана…**

* * *

**МугIрул ахада бугеб кIиго колода цебе**
**ГанчIил бикIун гьабураб кIиго зани батула.**
**Заман бан чIегIерлъараб гьелъул цоялда гIанлъун**
**ГIисинаб хатIалъ хъвараб хъвай-хъвагIайги батула:**
**«Гьанив вукъарав Магьдил къаданиб ракIгъеялъе,**
**КIиго батIияб тIагIел гIадада лъураб гуро:**
**Кьили – тIокIав тIад рекIун Магьди хьвадунгутIизе,**
**Халчен – халкъалда гьоркьоб кьогIаб питна къотIизе».**

# ДРялъул хъвадарухъабазул союзалъе - 85 сон

**Ражаб ДИНМУХIАМАЕВ**

*Аваразул советияб заманаялъул прозаялъе кьучI лъуразул цояв Ражаб ДинмухIамаев гьавуна 1905 соналъ Буйнакск округалъул (гьанжесеб Лаваша районалъул) Урма росулъ. Чи чIван Сибиралде витIарав инсуда цадахъ 12 сон базегIан Ражаб Дагъистан тун рикIкIад вукIана. Гьениса тIадвуссун лъагIел индал, эменги хун, гьитIинго гIолохъанчиясул тIалаб-агъазалде ккана эбелги яцалги. Жеги 14 сон гурони бачIев чи ккана ДинмухIамаев багIарал партизаназде гьоркьове.*



*1920-26 соназда гьев вукIана комсомолалъул батIи-батIиял хIалтIабазда. Хадусеб кIиго соналъ цIалана Москваялда. Гьениса тIадвуссиндал, хIалтIана партиялъул советиял идарабазда. ВукIана Дагъиздаталъул начальниклъун, «МагIарул большевик» газеталъул редакторлъун, Дагърадиоялда жавабияб ишалда. ДинмухIамаев кколаан СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул ва Дагънаркомпросалъул коллегиялъул членги.*

*Гьев гIахьаллъана Дагъистаналъулги СССРалъулги Хъвадарухъабазул тIоцересел съездазда.*

*Ражабил литературияб хIаракатчилъи байбихьана 1926 соналдаса нахъе.*

*Жакъасел цIалдохъабазухъе щвечIел ругониги, доб заманалда магIарул халкъалда гьоркьор машгьурал рукIана ДинмухIамаевасул «Ургъалида хадуб рохел» абураб роман, «Бидухъ би», «Хъабчилъ бахIарзал», «Къанал чIвай», «ТIулакьераб борохь» абурал къисаби. Гьес авар мацIалде руссинаруна политикиял хIаракатчагIазулги адабияталъулги лъикIаланго асарал. Ражаб вукIана махщел бугев журналистги.*

*ВатIаналде тIаде къо ккедал, гьеб цIунизе ана, аза-азар дагъистаниялго гIадин, ДинмухIамаевги. Гьениб 1944 соналъ тушманасул рекIкIаб гуллица ахир лъуна жеги кIикъого сонцин бачIев хъвадарухъанасул гIумруялъе. Анищаллъун хутIана жеги кагътиде росичIел гIемерал Ражабил асарал.*

*Нижеца журналалъул кумекалдалъун цIалдолезулгун лъай-хъвай гьабулеб «ТIулакьераб борохь» абураб къиса буго 1942 соналъ Дагъгизалъ бахъараб тIехьалдаса босараб. Нилъер заманалда бицинегIанасеб кIвар гьелъул батичIониги, къисаялдасан бихьулеб буго ВатIанияб рагъда цересел соназул магIарул росдал гIумруги улкаялде къо ккедал магIарулазул умумулъанго*

*батараб тавакалгун бахIарчилъиги. Нилъер жакъасеб гIелалда дол соназул къисмат лъаялъе квербакъулеблъун букIинаанилан абураб пикруялъ босана нижеца гьаб къиса. Гьединго ратизе бегьула гьанир мацIалъулги битIунхъваялъулги жакъасеб къагIидаялде данде кколарел бакIалги. Гьебги, авторасул творчествоялъул хаслъи цIунизе кколеб букIиналъ, бицинегIанасеб хиса-баси гьабичIого тана.*

## ТIУЛАКЬЕРАБ БОРОХЬ

### *(къиса)*

Кехердерил магIарда гъоркь, акнадерил лъарал рагIалда ихдалил тIугьдул тIегьараб майданалда чадиразул мухъал хъахIлъун рихьулел рукIана. Гьел ральдал рагIалда чIарал гьорол русбузда релълъунаан. Лъарал рагIалдаса гIебеде бугеб, къатIипаялда релълъараб мечI, якъут гIадин, щубица чарлъулеб букIана. Дагьаб эхедегIан, тIаде гьетIун бачIараб, зобалазде бахараб кьурда гъоркь кIудиял гьоцIаби гIадин, жанир боцIул цIурал гвареналги рихьула.

МугIрул кIкIалабазул сасин хвезбураб рогьалида хадусеб хъуй дагьдагькkун цIикIкIана. Чадрал сверун гIадамал хъудилел, чуязул илхъаби хIихIидилел, гIиял рехъаби гъадилел, боцIул рехьед гIумусдилеб, гьаби гьаракь къун хIапделел рагIула.

ГIиял къавул бакьулъ колхозалъул правлениялъул кIалтIа, хъатикь блокнотгун, вахъун чIун вукIана къунщбузда саву ккарав, кIаркьаби рацIцIадго кIкIварав, тIаса михъал къунцIарав, къокъбиццатаб черхалъул чи. Гьев вукIана колхозалъул председатель, коммунист СултIан. Гьесул инсулаб, гIадлуялъул цIураб сипаталдаса араб заманаялъул батраклъиялъул яшавалъул кьогIаб дангъва жегиги ун букIинчIо. Гьес гьалмагъзабазулгун гIодове виччан накъит гьабулеб букIана. ХIалтIул къо бикьун, гьабизе кколеб иш жив-живасда тIад къалеб букIана. Бицунеб рагIи, гьабулеб калам къокъаб букIана:

– ГIалибег! КьагIиги рачун мун гьадал гохIазухъе ая. Дица доба хал гьабуна хер хIеренаб бакI букIин гуребги, гIияе бокьулеб тайпаялъулги буго. Сахратула! Щибаб бригадаялъ чахъаби чури къаде кваналелде лъугIизабе. ГIумар! Дуца рехъен кIкIалал ахаде баче. Барти кваридаса биччаге. Расулица сепаратор къачIай. Карим цIодорго валагьизе ккела. Сон ГъалбацI тIаде щвечIебани, кIудияб зарал ккезе букIана. Щивав жинда тIадаб ишалде гIедегIана. Чодрол рагьда херав Айгун хутIана.

– Кьижизе анани лъикI гуродай мун, Айгун? – ян абуна председателас.

Айгун рорчIи ккун вукIана, рогьун хадуб гурони хъощтIе вуссун вукIинчIо. Макьихун вукIаниги, нахъе ине бокьуларого вукIана.

– СултIан, цо гьари буго, дир вас, дуде.

– Щиб, дир эмен?

– Вас вачIунев гурищ нилъер вугев. Гьединлъидал…

СултIанида ракIалде ккана жинда кIудияв чиясул мурад бичIчIанин. Айгунги гьоркьов къотIизе гьавун, гьикъана:

– Колхозалде лъугьинавизейищ бокьун бугеб? Бегьула, гIемер лъикI. ГIиял рехъаби нилъер чIахIиял.

– Дир вас кIохIалав чи гуро. ХIалтIини гьес оцоца гIадин гьабулеб, дие цогидаб жо къваригIун букIана…

– Щиб?

– Митис куйдухъ дуца дие нилъерго тайпаялъул гIангис кьегIер хисани, цIакъ бокьилаанха. Цо лъикIаб шашликIги гьабун, гьоболлъи гьабизе къваригIун букIана. Нилъ нилъерго чагIилъидал, хисани щибан?

– Дурго митис хъве!

– Квасудаги гьанадаги барахщун вуго. Цо нухиялда ичIго гилавка бахъула. ГIайиб гурищ барщизегIан гIадада хвезабизе.

– Щай дуе мунпагIат гьечIеб хиса-баси? Дурго авансниги босеха, кIудияв.

– Щиб гьабизе дие центнер гьанал. Амма бертин гьабулеб мехалъни нахъе чIваларебха. Хисани щибан, чIоро.

– БукIа абе, хисилин, – абун рагIи кьуна председателас.

Айгуница, тIаса бахъун тIагъургун, надалдаса гIетI бацIцIана.

* * *

Заводалъул кIалтIа бугеб кIудияб гьецIоялда тIад гIодовги чIун, Давуд кIудияв чиясул хабаралъухъ гIенеккун вукIана.

– Тамашаяблъун лъугьун буго нилъер мацI. Цере макьилъги рихьилареб рагIабигун букIуна бицунеб жо. Ахтанамилила, тарха-турухила, рамбулайила, сапуратурила… – цо-цо мехалда гьазул магIнаго бичIчIулеб гьечIо дида.

– МацI бечелъи, нилъго бечелъийин кколеб, кIудияв чи. Культура цебетIолеб букIин ритIухъ гьабулеб ишлъунин дуца бицунеб бугеб, – абун Давудица Айгун гьоркьов къотIизавуна.

КIудияв чиги Давудги, бахараб харилъан захIматго бохдулги рахъулаго, хъощнире рилълъана. Гьел аскIоса унел рукIараб пажинир, гIачи речIчIулел ясазул кочIол берцинал бакъназ кIкIал-къоно цIуна. ХIанчIазул чIирчIириги, кочIол гьаракьги цоцалъ жубан, ракI хIайран гьабулеб хIал букIана сверухълъиялда тIибитIун.

– Бихьулищ гIащикьго ахIулеб бугелб куц, – янги абун, кIудияв чияс гIодовеги къулун, тIегь тIун цебе ккуна. – Цебе дида гьаб махI берцинаб нигIмат малакь мерхьунеб бугонаниги бихьулароан, гьанжеян абуни, гьеб тIун, кодобе босун, махI сунтIун, кеп босизе лъимадулгIанги гьира бахъунеб буго. Дуе рокьулищ тIугьдул, Давуд? – ан гьикъана гьес.

– Узухъда, рокьула. ТIегь бахIараб, гIолохъанаб гIумруялде данде кквезе кколеб, гьелъулгун ихтияр бащадаб чIаголъи буго. Завалалда бугеб жо, рухI бугеб букIа, гьечIеб букIа, нилъеца хIурмат гьабизе кколеб, тIабигIат берцин гьабулеб жолъидал, – абун жавабги гьабун, Давудица тIегь каранзул чвантиниб къазабуна.

КIудияв чи, сундулалиго пикруги гьабулаго, Давудица бицунеб жо тIубан гIадахъги босичIого, захIматго харилъан хIатIалги рахъулаго, дагьа-макъав тарулаго рокъове гIедегIун вукIана. Гьес гьороца бигъинабаруб мегеж каранда тIад битIа-бищизабуна. Цинги, угьунги биччан, абуна:

– Бищунго кIудияб ишалъул хIакъалъулъ, Давуд, дица дуда бицинего бицинчIебха, – ян.

Айгуница асда бицана гIангис кьагIрихъ, председателасдаги гьарун, митис куй кьезабиялъул. БакIалъул кьагIрил гьанал шашликI цогидалъулалдаса гьуинаб букIин. Вас цIалун лъугIун рокъове вачIине вукIин. ГIемер халатбахъичIого бертин гьабизе букIин.

– Гъовни аниве некIого щвана, – ян лъазабуна Давудица.

КIудияв чи, циндаго занкIан чIана. КIал гьикъулеб гIадин, Давудил бадиве валагьана. Бицине рагIи бачIунарого, гIундузда рагIаралда божуларого, бералги къапезарулаго, цIехана:

– Щибжойилая?

– Щибха букIинеб, дида цадахъ нахъвуссана. Дицалъидал гъосухъе рекIине чу биччараб.

– Огь, дур мунагьал рахчаяв, гьабунщинаб гIадада ккана гури. Цебеккунго бицине ккелароанищ? – абун Айгун, гIолохъанчи гIадин, тириго, жиндирго чодродехун валагьун гьелана.

* * *

ПатIимат, бахараб харилъан, ссудулел бохдузул пикруги гьабичIого, гIедегIуней йикIана. Алда гьудул вихьичIелдаса кIиго лъагIел букIана. Вокьулес рачIунел рукIана гьитIинал, берцинго сукIарал кагътал. Гьелъ гьел, инсудасаги вацасдасаги балъго, анцI-анцIгIаги нухалъ къаси сардилъ щиб, рогьалил хъахIлъи бавулъ щиб, тохаб бакIалда цIалун, жиндирго ракIгъезабулаан. Рокьул жаниб цIун бугеб гьелъул рекIее кIудияб хIалхьи щолаан. Живго вихьарав гIадинги лъугьун, чIалгIен буссараб асар лъугьунаан.

ПатIимат Айгунил чадиралъул ракьандаса гIебеде уней йикIана. Хадуй ахIдолей гIаданалъул гьаракьги рагIун, нахъюссана. ХIетIе хIинцго босана.

– Йо, ПатIимат, чIа, чIухIарай, дуда бицине жо буго! – абун гьелде квер хьвагIана Дайгьанатица.

– Щиб дуе? – абун ПатIимат, бокьичIого гIадин лъалхъана.

Гьека-гьунщиялда цееги кIанцIун, Дайгьанатица лъикIаб хабаралъухъ сайгъат тIалаб гьабуна.

– Сундухъ? – абун щибго лъалареб ххвел гьабуна ПатIиматица.

– ВачIана гури. Гьале гьал дир беразда вихьана, – ян лъугьана Дайгьанат. – ХIусенида цадахъ парторгги вукIана. Божуларей ятани цIехон бихье. Гьезул чуяздаса кьалал рахъарай чIужу дунлъидал. Мун тун батIияв чи щивниги цIехечIо, цIакъ чIалгIун вукIанила, жиндир бицунаанищила. Мунни йохулей гьечIо, щиб дуе? – абун Дайгьанатица гьалмагъалда къвал бана.

ПатIимат гьимана.

Дайгьанатида гьеб бичIчIичIо.

– Пашманлъизе ккани дие лъугьараб жо гьечIо, – ян жаваб кьуна ПатIиматица. – ВачIин Давудица бицана. РетIел ретIине гIедегIун йиго. Мун щиб гьабизехъин йигей? – абун гьикъана ПатIиматица гьалмагъалда.

– Йилълъа дахIададал доре. Хъош нилъер кверазде хIажат бугеб гIадин бихьана. Цодагьал церегIан къояз къотIи гьабун букIана кумекалъе ячIинилан.

– Дуца бицунеб жого щиб? – абун багIарлъун яхъана ПатIимат. – Дун нечола гьаб ретIелгун ХIусенида цее чIезе.

– ХIусен некIого дур инсуда цадахъ радио къачIазе ана.

Жакъа жинда жаниб ХIусеница рещтIен гьабураб чадиралъуе яккичIого, рокъое ине ПатIиматил ракIалъ къабул гьабичIо.

ЧIунтараб ручун гIадин бихьулеб букIараб кIудияв чиясул хъощ кIалагъоркьеги, гъоркьияб тIадеги чIвазабуна. Ясаз нухлул кровать, бусен-

матахI, буртина цадахъго къватIибе рехана. Лъухьулел харицелазул сас бахъана. Пунхъараб лъималъул тIириялъ, тIупун накIкI кинниги бугеб хIур гIодоцине гьабуна, столалда тIад бацIцIадаб, цIияб газета тIамуна.

– Бертин, ПатIимат, кидалгIаги букIинеб? – абун гьикъана, полотенцаялъ стакабиги рацIцIунаго Дайгьанатица.

– Эбелалъе бокьун буго хур-хер рукъалде буссинабун хадуб, хасалихъе гьабизе. Инсуца абулеб буго гьабсагIаталъ бокьаниги, – ян жаваб гьабулаго ПатIиматил гьурмада цо гьабан абун цIар лъезе лъалареб ургъалил асар загьирлъана.

Дайгьанатие щибго лъазе, кинабго бакIалде бер щвезабизе бокьулаан. ХIусенил хулжал рихьаралдаса нахъе, щиб гIамал гьабунги, гьезда жание яккизеги бокьун, сверун терелей хутIун йикIана. Добе-гъобе тункун, тIасан кверал рахъун: «Вабабай, азул бакIлъи», – ян цо къвакIараб жо хъатикьеги бачIун, гьайбатаб гьимиялъ гьумерги къалъун:

– Эгъе бугилан ккола. Дуе рачIарал туфлаби ратизе ккола, ПатIимат. Кинаб кьералъулдай ругел, рачIа балагьизе, – абун лъугьана гьей.

Хулжазухъ бугеб жо лъазе кигIан бокьун букIаниги, тIеркIезе ракIги лъугьун, намуслъунги яхъун, ПатIиматица гьудул нахъе цIана.

– Бахьикъос, нилъго сурилелде нахъе йилълъа, – янги абун Дайгьанатил кIазил рагIалги ккун, рагьдухъе къватIие кIанцIана гьей.

* * *

ГIемер азарилал гIиязулгун цIаназул рехъаби гьекъезе лъарахъе гIодоре лъугьунел рукIана. Кьаралъиялъ гургинлъарал бачал, тIеренал рорхатал бохдузда ритIучIал гIадин нецаялдаса тIурулел, риххун, рахъ-рахъалде щущан унел рукIана. ГIемер ахIдон гьаракъ къарал, рекерун свакарал гIухьби, гIетI-тереталъ ран, бачал данде гьаризе жигар бахъулел рукIана. Гуми гIадал, гьанад хьарал, ччорбал рицщатал, ракъучехьалъул мохмох лъугьарал гIачи¸ кIвахIалго хьощтIе руссунел рукIана.

КIудияв чи, Айгунгун парторгасул халатбахъараб накъит къотIизеги гьабун, жиндирго чадиралъул ракьанде векерана. Рагьда гьалаглъараб рекIее рахIатги тIалаб гьабун, хIохьбахъизе къасд ккана.

Чадир чIобого батана. «Киве арав?» – абун хIикмалъи гьабуна Айгуница. Доре-гьанирехун речIчIизарурал берازда радалисагицин хъубго тун букIараб хьошниб кидаго букIинчIеб рацIцIа-ракъалъи батана. КIудияв чиясул ракI разилъана.

«ГIакълу бугев жо вуго дир ав, ясазегIанги рацIцIалъи бокьулев», – ян ракIалдеги ккун, Айгун гьимулел бералгун хьошниб бугебщиналъухъ тIа-тIад вуссун валагьана. «Ун вуго, эмен валагьизе ватила. Уха, гьадинго гурелъул дица ав агрономлъиялъе цIализавурав, чIовогояв гурев, лъай бугевлъун лъугьарав», – ян абуна Айгуница жинцаго жиндаго. Столалда тIад бугеб тIогьол гулихъги валагьун, данде къан бералгун, гьимана. РакI борхун-тархун, хIинчI гIадин, пархелеб букIана. Айгунил берал кроваталда тIад ПатIиматида кIочон тараб касинкаялда речIчIана. Хапун кодобеги босун, лъил гьебалиги лъан, кьунсрул рукIкIинаруна.

Кьвагьулеб рагIараб тункIил гьаракьалъ ургъел бикьизеги гьабун: «Гьаб щиб, гьаб…» – абун правлениялде гIедегIана. ХьахIаб, гьарщараб, кIудияб

мегеж каранда тIад бигъана. КIудияв чи, ракIалъе хехго бокьаниги, хIинцго гурого бохдулги рахъуларого, ПатIиматидаги Дайгьанатидаги цнвесан довехун ана. Гьесда гьел рихьичIо. Гьеб заман букIана ясазул бер гIерул тIогьив вугев ХIусенида чIвараб, талихIалъ гьел кодоре росараб.

КIиабизе речIчIараб туманкIалъ цIум гьаваялда куркьбал хехго хьвагIезаризе тIамуна. Малърал чучун, хъамун унеб букIараб кьегIер гьецIо гIадин, ракьалде бортана…

– Щвана, – ян вохун кIудияв чиясул гьаракь борчIана.

Амма цIудул къуват цо лахIзаталъ гурони лъугIун букIинчIо. Гулбуз тIогьиса ччукI-ччукIизарурал кваркьаби данде сукIизеги гьарун, рехараб гьецIо гIадин, гIодобе бортун унеб бугеб кьагIрида хадуб къавукъана. Ракьалде щвезе лахIзат хутIараб мехалъ хадубги гъун, хапун малъразгун кьегIерги ккун, цIум цIидасан гьаваялде бахана. Лъицаялиго ахIана:

– Ле, тирилъи, гьунар бихьулищ?!

СултIаница залпалда хадуб залп балагьизабуна. ЦIум ццидахунеб, гIедегIулеб букIана. РакIалде кколаан гьелъие бокьун бугин гулби кIалалъги ккун, рахъ-рахъалде рехизеян.

КIудияв чиясда гIадамал дора-гъорасан тенколел рукIана. Цо щивалиго гIурччинаб ретIел ретIарас СултIанида гьарана:

– Эмен, цо дихъе бихьея! – абун.

ХIусеница председателасухъа туманкIги босун, хъундагъги кIигъажалда цузабун, рекъезабун ишангун, кьвагьун балагьизабуна.

Гьанжесала лъукъараб цIум, тушманасул самолет гIадин, чара къосун, гьаваялда терхезе лъугьана. Цодагьаб манзилалъ боржунги ун, кIудияб хехлъиялда, рехараб тIагъур гIадин, гIодобе бортун бачIана.

– Молодец, ХIусен!

– Гьай баркала!

– СултIание нихдал карщ! – абун ахIдезе лъугьана ралагьун рукIарал гIадамал. Гьел цIум бортаралъуре рекерана.

* * *

Чинаридул ризаб, гIурччинаб тIамах гьури-муч чIвайдал шуршудизе лъугьана. ГьутIбузда гьоркь ругел столал, тIад сокIкIараб кваница гьетIизарун рукIана. Гьваридал гьудрул кьарияб гьангун хинкIаз цIун рукIана. БутIрул кIкIварал бихьинал, чахтIал гIебал руччаби, кьер-кьерал касинкаби горбоде рехарал ясал берцинаб накъитгун столал сверун гIодор чIана. ХIурматияб бакIалда, парторгасдаги колхозалъул председателасдаги гьоркьов, Айгун рекъон ккун вукIана.

ХIусен гIолилазул рахъалде накъиталде вуссана. ПатIиматги Дайгьанатги Аминатие  кумек гьабизе лъугьана. ХIусен вачIиналъул рохалиде ясал чIухIараб ретIелгун, къачIа-кIатIан рукIана. ПатIиматилги Дайгьанатилги тирилъи рестораналда ругел ясазул гIадаб букIана.

ХIусенил абурай, херал чагIазул бегIераб мацIалдаса цIунун, гIолохъаби ругеб бокIнилъе къалей йикIинчIо. Дайгьанатица ХIусенида цере лъолаан кьари-кьариял гьанал кескал, хинаб бихьун бухIараб жо, санагIалъи ккарабго гIиндеги щурулаан:

– Гьаб дуе гьолъ битIараб буго, – ян. Гьалмагъалъул гьудулас гьимун жаваб гьабуна:

– Баркала дуеги долъиеги, – ян.

Аваданаб, чIаголъи цIикIкIараб накъит, цIа-рагIалъул зваргъи, гIолилазул бацIцIадаб рекIелъан бачIунеб релъи-хъуй, радиоялъул хъвар-хъвари, гъабзазул гъулгъуди, хIайваназул гIумусди, кьагIазул гъади – кинабго цоцалъ босун букIана.

Гъалмагъзабазда ХIусеница рицана шагьаралъул цIиял харбал.

* * *

Къадеквен ахиралде гIагарлъулеб букIана. Кванан рахъарал гIухьби берцинаб цIорол ящикалда жаниб лъун гъотIол гIаркьелалда бан бугеб барометралда цере рахъун чIун, роцIи-кьерхеналъул хIисабалда рукIана. КIиабилеб сменаялъул гIолохъаби квен-тIехги къабул гьабичIого, ХIусеница шагьаралдаса рачIарал папиросаздаса кеп босулел рукIана. Пионеразул лагералдаса гъоркьеги рещтIун, лъарахъе чвердезе унеб букIараб лъималазул руккел, ХIусеница чIвараб цIумги куркьбалги ккун хадуб бехъерхъулаго, чIиргъи-хъуялда цересан рекерун ана. ГъотIол гIаркьалида щула гьабун бугеб репродуктор «Коминтерн» станциялъул зваргъи кьезе лъугьана.

Микрофоналъул чIиргъиги бахъун, репродукторалда жанисан иххил гIадаб сас бахъана, рикIкIадаб Москваялъул студиялда жаниб бугеб хъваши аскIосан гIадинан рагIизе лъугьана. Лъазаби дикторас цо чанго нухалда такрар гьабуна. гьелъул къагIида цебехун рагIулелдаса батIияб, гIин тIамизе тIамулеблъун букIана.

– РуцIцIа, ле! Гьадав кIалъалев чи дир гьобол Лебитан вуго. ЦIакъ лъикIав чиха, лъачи, дов вугев, – абун вохун Айгун репродукторалда гъоркьегIан вилълъана. – Гъоркьиса выставкаялде араб мехалъ, дун дос тамахаб бакIида гIодов чIезе гьавун вукIана. Исана нилъехъе гьоболлъухъе вачIинилан вукIана, – ян кIудияв чияс жиндирго чIухIи бахчулеб букIинчIо. ХIусенида бичIчIана гIадатлъун букIинчIеб лъазабиялъ цо кIвар бугеб хабар бицинехъин букIин. Гьев хехго столалъул рагIалда кIусана.

Репродукторалда жанисан, гьакил гIадаб къирщ-къирщиги бахъун: «Совет Союзалъул гражданал ва гражданкаби», – ян абуна цебеги чанго нухалъ рагIун букIараб, цодагьаб цабзазда нахъа мацI балев чиясул гIадаб гьаракьалъ. Гьев вукIана Молотов. КIалъай сабураб, гIодобичччараб букIана. Советияб правительствоялъул бетIерасул гъудулас лъазабуна немцазул фашизм, къотIиги хвезабун, Совет Союзалде тIаде кIанцIанилан.

ХIусенил, Давудил ва СултIанил кьер хисана. Колхозниказда хабар божизе захIматаблъун бихьана. Дагь-дагьккун гьеб хIакъаб букIин, кигIан ракIалъе бокьуларого бугониги, бичIчIизе лъугьана. ГIенеккаразул гьурмазда гIорхъи гьечIеб гъварилъиялъул ццин бигьана. Рахъ-рахъалъан кьерщолел цабзазул сас бахъана, цindаго боржунеб тIотIолгицин гьаракь рагIулеб хIал лъугьана. Цоцазда гьоркьоб гьуинлъи цIикIкIараб хъизаналда тIаде КIудияб ВатIан цIуниялъул гьир бегана. Хъубаб гитлерилазул борхьил щекъер кквезе хIадурал квераз зарал жамгIияб кутакалда къазе лъугьана.

Радиоялъул лъазаби лъугIана. ХIусен, чияр квераз кумек гьабурав гIадин, скамейкаги гьоркьоб тун столалде тIаде кIанцIана. Кодоб ккун букIараб кагътил жоялде тIаде бералги речIчIизарулаго, жинда рагIараб, рахьдал мацIалде буссинабизе лъугьана.

– Нилъеда тIадаб буго, гуллие керенги кьун, нилъерго бокьулеб ватIан цIунизе! – ян лъугIизе гьабуна гьес калам.

– Хиянатал гьаби!

– Инсанасул биялъ гурони чехь гIорцIулареб агьлу!

– Гьанже бихьилагури!

– Щвелел ратила нуж нижехъе!

– Намус бугез чуял кьолой!

– ВатIаналде къо кканин, чи лъикIас ярагъ борче! – абун ахIдана колхозникал.

* * *

ТIаса квен нахъе бакIарун бахъун букIинчIеб стол, трибунаялде сверана. ГIадатияб собраниялдацин руцIцIунчIей бокьулел гьалаглъулел рукIана. КIалъаял кьварарал, ВатIан цIунизе хIадурал рукIиналъул бицарал, мугIрузда щобал рахун добаб рахъалда ругел, рикIкIада росабалъецин рагIулел ругилан абун ракIалде кколеб букIана. КIалъазе вахъана парторг Давуд, артелалъул бетIер СултIан, кухарка Аминат¸ гIухьби, бригадирал ва звеноводал. Гьез бицунеб букIана жидеца ватIаналъе гIоло рухI кьелилан, тIаса рехараб лагълъи цойги нухалъ мугъзада лъун баччизегIан, хвелго къабулаб бугилан. Щивас тIалаб гьабулеб букIана цебеялда дандеккун гьанже цIикIкIун хIалтIи, бица гьалаглъарав тушман щущахъ виххизавизе хвалчаби чархида кквей, тылалда гьабулеб хIалтIи къуватаблъунги гьабун, БагIараб Армиялъе кумек кутаклъизаби. «Гьанал, нахул тоннаби, бищун тIагIамаб хIан, лъикIаб тIорщел, фабриказе квас, армиялъе кьариял чуял, чармилаб ярагъ! Гьеле тушманасе нилъер жаваб», – абун ахIулеб букIана гьез.

ПатIиматида аскIойги яхъун чIун, Дайгьанат гьарулел патриотлъиялъулал кIалъаязухъ гIенеккун йикIана. ВатIаналде тIаде бачIун бугеб хIинкъи, гьелда рукьбулъе бортун бичIчIана. ХIусенил чIегIерал бераз гьелда ГIабдулмуъмин ракIалде щвезавуна: «Довги ватила гьанже жиндирго танкгун фашистазда цIа бакулев, дунги аниш гьесда цадахъ», абураб пикруялъ гьей кодо-кодое йосулей йикIана.

ГIабдулмуъминие гитлерилал кутакалда рокьулароан. Гьес Дайгьанитида чанцIулго, накъит ккараб мехалда, бицун букIана фашизмалъул хъублъиялъул.

Цо талихIалъул керен цIураб сордоялъ, чIарбида тIамураб халичаялда гIодорги чIун, росги лъадиги накъиталда рукIана. Дайгьанат кутакалда йохун, цин гьудуласухъ, цин гордухъан бихьулеб цIвабзазул цIураб зодихъ ялагьун, гьуинаб лахIзат халатгьабулей йикIана. Доба-гъоба рокъоб бугеб партал-магIалалде берги щвезабун, ГIабдулмуъминица абуна:

– Нилъер магIарухъ, Дайгьанат, мунпагIалъиги босичIого, гIадада холеб бугебщинаб жо. ТалихI батагийин, доб къинаб гIакдалалда чехь релълъараб гIеретI дуе щиб гьабизе къваригIараб, доб гIодобе босуларо, ретIел кIудияб тIарсиниб гурони чуруларо. Гьал гIертIазул, тIабкIазул, пахьул хIерччазул чан азарго патрондай бахъилаан. РухI хвасар гьабун, нилъ цоцазе хутIизе кумек гьабилаан.

Гьеб цIияб пикруялъ Дайгьанат гIемераб жоялде рекIеда ятизе гьаюна. Гьалаглъун ракIгун, багIарлъун гьумергун гьей намусалъ мугъалда кверги тункун трибунаялъул ракьанде йилълъана. Лъилали лъалареб къуватаб

квералъ тIаде яхине кумекги гьабун, Дайгьанатица кIалъазе абун кIал рагьана.

Гьелъул кIалдиса къватIибе жийго гIажаиблъун хутIизаюраб, борхатаб, бихьинаб гьаракь борчIана. Жиндирго росасул-танкистасул цIаралдасан гьелъ гьабураб каламалъ гIемер дунял бихьаралги гIажаиблъизе лъугьана.

– Дун росасе кьолаго эбелалъ дие пахь-мачI кьуна. Саргъасаз, ТIабкIаз рукъ кьабгIун жаниб цIезабуна. Узухъда, гьеб дие къваригIун гьечIилан абулеб мех гуро, дир рукIа-рахъиналъе гьечIого гIоларел жал руго. Бугониги, пахь жакъа ВатIаналъе хIажат бугилан абун ракIалде кколеб буго. Дица гьеб ракIбацIцIадго ВатIан цIунизе кьолеб буго. БукIа абе нилъер пахь квешал тушбабазе гIажалаллъун, гулла-ххерлъун, цIуне абе нилъеца кьуралъ нилъер росалгун вацал. Дица абила киналго магIарул руччаби ВатIаналъе кьолелда барахщугеян.

Дайгьанатил рагIабаз хIайран гьаруна руччаби:

– Дица гIеретI кьела!

– Пахьул тIабакIгун тIарс хъвай!

– Дир саргъас дур пахьул тIабкъидаса квешаб батила?!

– Воре, дир самавар кIочене гурин!

КIудияв Айгун ургъулев вукIана. Жиндир анщинаб гIумруялъул пикру гьабуна. Васасе чIужу ячиналъул хIакъалъулъ лъагIелаз гьабулеб букIараб пикруги кибе араб лъачIого билана. ВатIан цIунун рухI кьезе хIадурал гIолохъабазул каламалъ кодове восарав гьев цин-циязул бадиве валагьулев, гьезул рекIелъ ругел сипатал цIализе гIамал гьабулев вукIана. Гьесие бищунго хIинкъи кьолеб жолъун букIана, кIалалъ бицунеб кьварараб бугониги, рекIелъ бугеб тамахабцин батизе гурилан абураб пикру. Гьеб пикруялъ вухIулев вугев кIудияв чи сабру тIагIун, цо бакIалда чIезе кIоларого лъугьана.

ТIадеялдаса тIаде ццидахине лъугьарав Айгунил гьумер цIабуцIана. Макьидаса вигьарав гIадинги лъугьун, кIалъазе рагIи гьарана.

– Дир лъимал, – илан абуна гьес, – дун хIадурлъулев вукIана, бертинги гьабун, васасе чIужу ячине. Дица лъазабулеб буго, васасе чIужу ячинеги, бертин гьабизеги гьечIо. Цин цевеккун тушман тIагIинавизе ккун вуго, рахIатаб гIумруялде руссине, гьеб цIунизе къваригIун буго. Гьединаб гIумруялъул нилъецаго тIалаб гьабичIони, цоги тIалаб гьабизе чи гьечIо!

КIудияв чи лъалхъана, хъатикь мегежги къакъан, жинца бицунеб жо бичIчIулебцин бугодаян рахъ-рахъалде халги гьабун, цIидасан кIалъазе лъугьана. Гьес бицана рекIелъ бугеб мурад.

КIудияв чиясе жаваблъун халкъалъ хъатчIвана. Гьесул тIалабалда рекъон, азарго гIи БагIараб Армиялъе кьезе ва къого тIаса бищараб чу рекIаразе битIизе разилъана. Цо лъилалиго тIалабалда рекъон росулъ ругел лъикIалщинал кьалал гьезда лъезе къотIи гьабуна.

– Баркала, баркала, дир лъимал, – ян абуна кIудияв чияс, гьороца парпадизабулеб мегежги каранда рекъезабулаго, гьеб сайгъат васасул бертаде гьабулебгIанги ракI бохунги бачIун.

Халкъалда гьоркьосан цо лъилалиго гъваридаб, ццидалаб гьаракьалъ абуна:

– БагIараб Армиялде хъвазе бокьарал аскIоре рачIа, – ян.

Гьеб колхозниказ бищунго бокьун къабул гьабуна. Митинг лъугIана.

Колхозалъул председатель, жиндирго чодрониса кагъатги босун, армиялде ине бокьаразул руккалилъе тIерхьана.

– ДахIадада, мун киве? – абун гьикъана СултIанида тIаде нух бахъулев вукIарав гьитIинав Рамазаница. – Цин цереккун гIолилал риччанте…

– ВахI, мун цIакъго гIедегIун вугогури, – ян хьибилса валагьарав Айгуница жиндаса цеве чи виччазе къабул гьабичIо. – Лъалищ дуда гьабсагIаталъ дун лъималазул лъималзадаса бахIарав вукIин? Къо ккараб бакIалде нахъе ккеларо! – ян гьев цIавуцIун, керен-бетIерги битIизабун, сверухъ ругезухъ чIухIун валагьана. – Дир гIумру гьабсагIаталъ, лъай дуда, къоло щуго сонин! Ле, ХIусен! – абун ахIана гьес жиндирго васасде, – дора районалда некIого нилъехъ ралагьун ратила. Хехго чуял кьолой!..

Гьеб инсулаб тIалабалъ киназего кIудияб асар гьабуна. Отрядалде хъвай-хъвагIай кIочон тун, столалда сверухъ ракIарун рукIарал гIолилал жинди-жиндир чу кквезе, кьили-матахI къачIазе, хвалчаби, хунжрул рекIинаризе гIедегIана.

* * *

КIиго сагIаталдасан киналго хIадурлъана. Къайи чIван бугеб бакIалдаса цодагьал гъоркьехун, тIугьдуз бессараб гIурдада отряд данделъана. ИлхъичагIаз гьалагал чуял хIалихъе къан чIезарун рукIана. Правлениялъул хIукмуялда рекъон, боцIухъ бала-гъалагьизе тарал гIадамал хутIизегIан, киналго тIад ярагъги борчун, къватIире рахъине къачIана. Руччаби ургъалида ругониги, сабуралда, гIодоре риччан бутIрулгун, гIода-чIвадиги гьабичIого, вацалгун васал ва росал тIоритIизе къачIадилел рукIана.

СултIаница рекIаразе буюрухъ кьуна. ГIолилал хъата-масан чуязде рахана. Цо формаялъул чIегIерал чухъби, хъахIал руцалаби, магъидал тIагъал ругел хунжрул хIадур гьарун рукIана.

Зурмица бачунеб рагъулаб бакъан, къолол двари, чуязул чармилал тIукъбузул тIваркъи кIкIалабахъ хъудулеб букIана.

КIичI-кIичIараб сверелалъул сухъмахъалде нахъе тIерхьана отряд. Нухда регIизе рахъарал, къотIун нухккун гIодоре гIор бахуде гIедегIана. Гьале отряд тIаде щолеб буго. Рехараб чIор гIадин, чармил кIалдираял магъидал цабзаца хъарсунел чуязул отряд кьурда нахъасан баккана. ТIоритIулезда тIаде тIоцеве СултIан щвана. Гьесда хадувго гъуна гьород гьаршизабун мегежгун, хъатикь ккун багIараб байрахъгун, чол горбоде тIадеги къулун Айгун. Руччабаз, ясаз гьезда данде шалал, квербацIцIал хьвагIана. Отряд чIана. Къо-лъикI гьабизе лъугьан.

ПатIиматица инсуе, Айгуние ва Давудие нухбитIана. Гъоркь кьурдулеб гьалагаб чуги гIодоцинабулаго, ХIусен ПатIиматида аскIове щвана. ГIажаибго хинлъун бахъун, гьелъул ракI тIуркIана. Цоцазда кIалъазе азие заман гIун букIинчIо. ПатIиматица боркьараб керен чодул магъдида цузабуна, гъаримго гьудуласул бадие ялагьун, бетIер чол жалазде тIаде бегизабуна. ГIетIул махI бахъараб рас берцинал кIутIбузда цузабуна. Нахъойги бетIерги эхеде борхизе гьабун, ХIусенихъе квер бегьана.

ХIусен хехго гIодове къулана, къвалакьаги ккун, гьудул корое йосана. Халатбахъараб убач гьабун, гьезул кIутIби данде ана. МагIарухъ магIарулазда

гьоркьоб гIадатлъун букIинчIониги, гьудулзабазул къочи гIад гьабулев чи вахъинчIо, цоцаздаса ратIалъизе захIматго бугезда ракI барахшун рукIана.

– Нух битIаги, гьудул, – абун ПатIиматил чIегIерал, жиделъа жеги лъимерлъи инчIел, бацIцIадаб рокьиялъулги тIаде бачIун бугеб ургъалилги жанир цIун ругел берал ракI къварилъун, магIил цIуна.

– ЛъикIго хутIаги, гьалмагъ, кIочонге! – ян жаваб кьолаго, ХIусен багIарлъун вахъана. – ЯхI бахъе, гьудул, нилъеде къварилъи бачаразде балагьги биччан, берцинаб гIумруялъе нахъруссина!

– ТалихI кьун руссаги!

– Намус цIунун, ватIаналдаса тушман къватIиве гъун гурони нахъруссунге!

– Къо захIматаб тIаде щвани, нижги хадур гъела! – абун нухбитIулезул хъуялъул кIкIал-къоно цIуна.

ПатIимат жийго аниехун хутIун йикIаниги, гьелъул ракIалъ гьудуласда цадахъ некIого гIор бахун букIана.

Дайгьанат къайи чIвараб бакIалдаса гъоркье тIоритIулезда хадуйги ялагьун, жинда божун тараб гIи-боцIухъ цIодорго ялагьун йикIана. Гьелда бихьана жиндир росдал гIолилал гIажаибаб, къезе рес гьечIел гIурусазул, лъарагIазул, лезгиязул, даргиязул, гъумекдерил, хьиндалазул, бакълъулазул, цIунтIадерил ва цоги-цоги гIемерал халкъазул отрядазда гъорлъе журан, ватIан цIунулеб кутакаб къуватлъун лъугьин.

***15 июль 1941 сон.***



# ТIерхъунарел цIваби

## АНА ДОВ ГIИЩКЪУГУН ГЬАБ ГIУМРУЯЛДЕ

Бекерун унаго гIодоб ккараб чуги, боржун унаго чIараб цIумги, гьунарал гьарулаго кваридаса вортарав палугьанги ракIалде щола дида Авартеатралъул артист Басир Инусиловасул пикру гьабунщинахъе.

I963 соналъул 22 декабралда, жиндирго театралдаса, гьалмагъасул рукъалда рекIараб цIа свинабизеян мотоциклалдаги рекIун, гIедегIун унаго, нагагьаб балагьалдалъун гIолохъанго гIумруялдаса ватIалъана артист Басир МухIамадович Инусилов.

**Грим бахинчIого, жиндирго ратIлилъ**
**ВатIалъана Басир, суфлер гьечIого.**
**Къана гIумруялъул чIегIераб пардав**
**Гьалдолел соназул магIаруласде,**

– ян хъвана артистасде гьабураб жиндирго кочIолъ Расул ХIамзатовас.

Аваразе гуребги, Дагъистаналъул театралияб искусствоялъе кIудияб ками ккана. Жиндирго творчествоялъулаб гьунар тIегьалеб гIужалъ – гIумруялъул 39 соналда вукIаго, абадиялъго машгьурлъиялъул цIар нахъаги тун, цевеса ана РСФСРалъул мустахIикъав ва Дагъистаналъул халкъияв артист.

**Дуца гьабураб щиб, гIагарав Басир,**
**Гьадин гIасияб роль кин дуца хIараб?**
**Вахъа мун къаникьа, къаси театр**
**Духъ балагьун бугин, те гьеб махсара…**

КигIан нилъ пашманлъаниги, гьеб махсаро батичIо ва живго Басирни киса, сценаялде вахинев, гьесул гIадаб махщел бугев чицин театралде щвечIо, гьелдаса нахъе анцI-анцI сонал аниги…

Исана, гIумруялъул 95 сон тIубараб мехалъги, чIагояздаса чIагояв гIадин, нилъер рекIелъ ва пикрабазулъ гIумру гьабулев вуго гьев. Гьедин, жеги нус-нус соназ вукIинеги вуго. Франгазул хъвадарухъан Шотобрианица абун буго: «ЧIагояз хваразда малъуларо, хварас мисал босизе гIемераб жо нахъе тола».

Басир Инусилов гьавуна 1924 соналда Хунзахъ районалъул ТIануси росулъ колхозчагIазул хъизаналъе. 1931 соналъ гьев эбел-инсуца цIализе витIула ТIанусиб анкьгосонилаб школалде. 1938 соналъ гьеб лъугIизеги гьабула. Басирил I6 сон букIуна 1939 соналда авартеатралде хIалтIизе вачIиндал. ХIалтIула гьенив ункъо соналъ. ХIала кьура-кьурал ролал, ругьунлъана малъа-малъараб

# Басир Имусилов - спектаклазда









босизе… Мадар-кӀачар гьабула ЦӀадаса ХӀамзатил «Базалаялда» – Дадучил, А.Треневасул «Любовь Яровая» – писменосцасул ролал хӀаязулъ. 1943 соналда вачуна армиялде хъулухъ гьабизе. Отделениялъул командирлъунги вукӀун, гьитӀинав сержантасул чинги щун тӀадвуссана. Вац ГӀалиасхӀаб хӀалтӀулеб бакӀалда КъахӀивеги ун, гьенив 1947 абилелдаса 1950 абилеб соналде щввезегӀан хӀалтӀула культураялъул рокъов художественнияв руководительлъун. 1950 соналдаса байбихьун, доб декабралъул талихӀкъараб къо щвезегӀан хӀалтӀула Авартеатралда артистлъун. Гьеб ахирисеб анцӀила лъабго сонилаб творчествоялъул нух гӀезегӀанго бечедаблъун ккола гьунар бугев артистасул. Гьел соназ магӀарул маданияталда тана киданиги кӀочонарел лъалкӀал. Хал гьабеха цо: цохӀо А.Лавреневасул «Голос Америкаялда» гьес батӀи-батӀияб заманалда хӀала полковникасул, Хасутунил ва Путлерил ролал. А.Островскиясул «ГӀайиб гьечӀого гӀайибияв» спектаклалда Дудукинил, Корнейчукил «ХӀикматаб рохьалда» матросасул ва Ветровоясул, М.ХӀусеновасул «Аланил хъизаналда» Байрамил, Н.Гоголил «Бертиналда» Подколесникилги, Ничницалги, Машидат Гъайирбековалъул «ТалихӀал къоязда» ХӀажил ва бригадирасул, Гольдонил «КӀигоясул цевеteласда» Бригелал, Платон Кречетил ва гӀемерал цогидазулги ролал.

Доб заманалда Басиргун хӀалтӀулев вукӀарав театралъул бетӀерав режиссер П.В.Джапаридзеца ракӀалде щвезабулеб буго: «… ГӀурусазул кӀудияв драматург А.Н.Островскиясул «ГӀайиб гьечӀого гӀайибияв» абураб захӀматаб пьесаялда тӀад хӀалтӀи гьабизе байбихьараб заманалда вачӀана гьев театралде. Доб соналда дица гьарурал хъвай-хъвагӀаязда буго: цӀакъ ракӀ тӀаде цӀалев вуго Дудукин хӀалев гӀолохъанав артист Инусилов. ГьабсагӀат бакӀго вуго, кинабго жо хӀинцӀго лъалеб буго. КъваригӀун буго гьев артистасулаб нухдасан цӀодорго вачине. ЛъикӀаб, берцинаб гьаракь буго… Бихьула лъикӀав артистлъун лъугьине вукӀин».

Живго БетӀергьанас тӀамун вихьуларищ лъикӀав артистасе кумекалъе цӀодорав режиссер.

Американазул поэт Эмерсоница абун буго гӀадамасул лъикӀал рахъал ратизе лъайги чиясул гьунар кколилан. Гьеле гьев Василий Джапаридзе творчествоялъул нухда дандги чӀван, гьесда Басирилъ бугеб лъикӀлъиги, лъикӀав гьев артистлъун лъугьине вукӀинги бихьун букӀинчӀебани, щиб лъалеб. Инусиловги хутӀизе бегьулаан гӀадатияв артистлъун. ХӀазе гъира букӀин живго Басирица тӀатинабун букӀинчӀебаниги режиссерасул хьул буссинаан гьесдаса. Чабхъаде щивгун къватӀиве вахъиневан чӀечӀого ургъел-агъазалда вукӀунелъулха театралда режиссерин абурав чи. Тураpаб хъабахъгӀан вокьуларо гьесие кӀвахӀалав артист. Режиссер Джапаридзеда бихьана хасаб театралияб хъвай-цӀали гьечӀев Басирие захӀмалъулеб букӀин унго-унгояб куцалъ роль хӀазе. Амма жинцаго хӀалев чи гӀадамазда мухӀканго цеве чӀезавизе цӀакъго кӀудияб гъира букӀиналдалъун гьес тӀолабго къуват ва бажари гьеб мурадалъе кьей.

Басирица абулеб букӀун буго: «Дие театр буго дирго гӀумру!» – ян. Дун гьелда ракӀ-ракӀалъ божула. Щайгурелъул¸гьел рагӀабазе Басир

ритIухъавлъун вукIиндал жиндирго къокъаб гIумруялъул ахиралде щвезегIан. Щибаб хIалтIул сон гьесул цойги ва цойги гали цебехун тIамиялъул хIужалъун лъугьараб… Довго Джапаридзеца ракIалде щвезабулеб буго: «…1958 соналда гIурусазул кIудияв хъвадарухъан Н.В.Гоголь гьавураб къоялдаса нусиялда кIикъоялда анцIго сон тIубаялъул хIурматалда, театралъ байбихьана «Бертин» абураб комедиялда тIад хIалтIизе. Басирида тIадкъана цо чIужугIаданалъул роль хIазе. Амма гьеб масъала тIубазабизе гьесда кIвечIо. Комедиялда аслияб Подколесинил роль хIалев вукIарав артист хIажатавлъун ккана гьеб пьеса бихьизабиялда цересел къоязда театралдаса нахъе ине. Театр захIматаб хIалалде ккана. Дица хIукму гьабуна гьеб роль хIазе Инусиловасда тIадкъазе. Узухъда, Подколесинил захIматаб ва жавабияб роль хIазе тохлъукьего тIадкъаялъ гIолохъанав артистасул кутакалда рахIат хвезабуна. Басирица цIакъго кIудияб хIалтIи гьабуна гьеб ролалда тIад. Кьижизецин дагьаб заман хутIулеб хIалалде ккана гьев. Апрель моцIалъ спектакль бихьидал, балагьарал гьесдаса рази хутIана. Басир ватана кIудияб бажари бугев артист».

Гьединан батIи-батIиял гIадамал хIазе актерасе махщел гуребги хIажалъула гIакълуги цIодорлъиги. БетIералъ босичIеб ракIалъги къабул гьабуларелъулха. ГIакъилаб бетIерги, цIодораб ракIги бугев чи Басир вукIиналда кинабгIаги щаклъи гьечIо. Гьелъие нугIлъилъун ругелъулха сценаялдаса гьес рихьизарурал персонажал. Бицуна, Басирица хIараздаса тIуванго батIияв, цIияв литературияв герой, бегIераб пикруялъул, кIудияб гIаданлъиялъул чи М.Хурщиловасул «Кьвараран къоязда» Ромашовасул роль бергьенлъиялда хIазе кIвечIониги, мадараб хIалалъ рагIалде бахъинабизе бажари гIун буго гьесул. Гьеб спектакль лъурав режиссерас хъвалеб буго: «Гьеб ролалда тIад хIалтIиялъ Басир ругьун гьавизе кколаан сценаялда пикру гьабизе, спектаклалда кколел киналго лъугьа-бахъиназе къимат кьезе, гьел лъугьа-бахъиназулъ гьоркьоб къотIи ккараб мехалъги балагьарал гIадамазул пикру жиндехунго буссинабизе. Гьел масъалабазул цIикIкIарасеб бутIа Басирица тIубазабуна» – ян.

Гьедин, цин бергьун, цин къуркьи лъалареб захIматалъ толеб букIана Басрица лъалкI жиндирго творчествоялъул биографиялда. Франгав Гюгоца абурабила: «Къечарасда лъимги, ракI бугесда рокьиги кидаго батулилан». ТIад кIалъазе рагIи гьечIеб пикру гьечIищха? Басирица балагьулаан щибаб ролалъе жинди-жиндир гIамал-хасият, хасаб пикру-къасд… Бихьараз гьелъие кколеб къимат кьеларищха?! Басирил хIакъалъулъ хабар ккедал, кIикъого соналъ театралда шоферлъун хIалтIулев ХIасан-ХIусеница абуна:

– Дуца бицунеб щиб, дов гIадин унго-унголъун сценаялда хIалтIулев артист Авартеаралда я вукIинчIо, я гьечIо. – Гьев витIаравги вуго. Испанияв Сервантесица абурабила: «ХIалтIиги таваккалги ккола талихIалъул магIарде чи вачунел чуял», – ин.

«…А.С.Пушкинил «Цыганал» абулеб поэмаялъул кьучIалда гIуцIараб спектаклялда херав цыганасул роль хIалаго Инусилас цIидасан бихьизабуна жиндирго бажари. Басирица гьабураб гьеб хIалтIи дие лъугьана дирго творчествоялъулаб анищ гIумруялде

бахъинабизе. – Шекспирил «Отелло» трагедия Авартеатрралъул сценаялда бихьизабизе таваккал тӀамиялъул кьучӀлъун. ГӀемераб заманалда кинго санагӀат кколеб букӀинчӀо «Отелло» авар мацӀалде буссинабизе, ахаралдаги ккана. ХӀамид Темирхановас гьеб гьабун лъугӀана 1955 соналъул июналда. Аслияб роль Отелло хӀазе тӀадкъана Басир Инусиловасда». Гьедин хъалеб буго В.П.Джапаридзеца. Щибаб ишалъулъ букӀуна бищунго кӀудияб борхалъи. БатӀаго цӀакъ инсанасул бажари, жан ва гьунар борцунеб рахъ ва гьеб тӀубанго загьирлъулеб гӀуж…

Гьединаб борхалъуде вахана ва гьединаб анищалъулъ гӀужде щвана Инусилов Отеллол роль хӀаялдалъун.

Доб мехалъ Басирил гьудуллъун вукӀарав артист ИмахӀажи Тахъиевас бицана гьадин:

– Цо нухалъ Басирица дун вачана шагьаралъул ахикье. Ниж гьенир гӀемер заманалъ тира-сверана. Басирица цӀакъ гӀемерал суалал кьуна дие.

– ИмахӀажи, мун вуго дова Москваялда цӀаларав чи. ГӀемерал Шекспирил хӀакъалъулъ хъварал тӀахьазулгун лъай-хъвай гьабун батила дуца. Бицея цо дида, дур хӀисабалда, кинав чи кколев Отелло?

– Сундасаго цеве гьев вукӀаралъулха генерал. ЦӀакъго-цӀакъ кьварарав, ритӀухъав ва къадруяв инсангиха. Мун, Басир, къокъвицатав, цодагьав вагъа-вачарияльул тирилъи гьечӀев чиги вугелъул, рагъулав чиясулъ букӀунеб къамартӀлъи, гьесул гӀадлуялда куцараб хьвада-чӀвади ва гь.ц. унго-унгояв генералаcда релълъараб букӀиналда тӀад хӀалтӀизе ккела.

– Рагъул чи гьев вукӀин дида кӀочон теларо, амма дида бищунго цебе гьесул хӀисабалде боссизе ракӀалда буго инсанлъиялъулаб рахъ, цо гьесие аслияблъун кколеб гӀамал-хасият, пикру-къасд…

Гьеле гьедин, лъалареб гьабун лъачӀеб цӀехон, захӀмат хӀехьон, гӀакъуба къулчӀун, кӀудияб устарлъиялда къачӀа-кӀатӀан гӀуцӀула Басирица жиндирго Отеллол роль.

1955 ссоналъул 17 декабралда «Отелло» спектакль къабул гьабизе бачӀуна кӀудияб комиссия: Москваялдаса критикал Г.К.Крыжицкий, Е.В.Жданова, Ю.А.Рыбаков, драматург Д.Щеглов, Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъул вакилзаби.

КӀудияб рецц-бакъ гьабун кӀодо гьабула театралъул гьеб хӀалтӀи.

1960 сон. Москва шагьар. Дагъистаналъул литератраялъул ва искусствоялъул Декада тӀобитӀулаго гьениб Авартеатралъ бихьизабуна Расул ХӀамзатовасул «МагӀарулай».

«…ГӀемерал лъикӀал рагӀаби абизе бегьула ролал хӀарал гӀадамазул, тӀоцебесеб иргаялда Асиятил эмен ГӀалил цӀакъ ритӀухъаб образ гӀуцӀарав Б.Инусиловасул хӀакъалъулъ. Актерас кутакалда бажарун бихьизабулеб буго ГӀалил рекӀелъ магӀарулазул гӀадатазе ритӀухълъиялда ва ясалде бугеб рокьиялда гьоркьоб унеб къеркьей» – гьедин хъвана доб мехалъ «Театральная жизнь» журналалда гьеб спектаклялъул хӀакъалъулъ.

Гьеб мехалде щвезегӀан Басир вукӀана Дагъистаналъул халкъияв артист.

Декадаялдаса хадуб гьесие кьуна РСФСРалъул мустахIикъав артист абураб тIадегIанаб цIар.

ГIенеккилин РСФСРалъул халкъияв арстист МахIмуд ГIабдулхаликъовасухъги. Гьадин хъвалеб буго МахIмудица жиндирго «Дир театр» абураб тIехьалда Б.Инусиловасул хIакъалъулъ:

«Басир Инусилов вукIана унго-унголъунги театралъе вижарав чи. Гьесул ракьалда чIолеб хIетIеги, багъарулеб кверги, гьабулеб каламги, пикрабиги, напсги гьес щулаго бухьинабун букIана театралияб искусствоялдехун. Театр жиндиего бокьун гурони, театралъе живго вокьиялъе гьес кидиниги хIаракат бахъулароан. Репетициялъул заманалда гьелда хурхинчIеб хабар цо лъицаниги гьоркьоб речIчIизабуни, Инусиловасе гьеб букIана цо кинабалиго вахIшилъи ва хIакъирлъи.

– Пикрабазда гьоркьор кьватIалаби ккезаруге, сачмаги речIчIун, хIанчIи чIвалел рукIинчIого, гIарада щай кьвагьулереб кьурда багъулеб хIалалъ, – илан абулаан артистазда Басирица.

Инусиловасул творчествоялъе бищунго хасиятаб жо букIана хIалбихьи ва кIвахI гьечIеб захIмат. Гьев хIалтIулаан цохIо сценаялда гуревги, репетициялдаги, гьоболлъухъги, гьудулзабазухъги. Цониги сагIат гьес гIадада биччалароан жиндирго герозул образазул пикраби гьаричIого. Басирица жиндаго гIумруялда бихьанщинаб, рагIанщинаб, лъарабщинаб кинабго данде гьабун, пикрабазул хIасил сценаялде босулаан. Гьеле гьелъулъ букIана гьунар тIокIав арстист Инусилов Басирил творчествоялъул бечелъи».

Бекерун унаго гIодоб ккана чу, боржун унаго кваркьи бекана цIудул… Гьебги ккана доб хасалил къоялъ, тохлъукьего.

Лъабго сордо-къоялъ къеркьола калам къотIун бусада лъурав гьев хвасар гьавизеян доб мехалъ Буйнакскиялда хIалтIулев вукIарав тохтур Муртуз Нахибашев. Къасиги-къадги аскIоса нахъе инчIого сверухъ эхетун рукIана артистал. ХIалтIулеб букIинчIо театр… РекIел кIутIи къотIана, къотIана хIухьелги…Ана Басир нилъедаса!

Басир хванилан кьогIаб хабар гьебго къоялъ тIибитIун ана Дагъистаналдаго. Балеб букIана гIазу, пулеб букIана гьури…

«БагIараб байрахъ» газеталдасан Авартеатралъул коллективалъ рагIи кьолеб букIана театралда гьесул музей гIадин бокIон гIуцIизе, гьениб гьесул гIумру ва хIалтIи бихьизабулел материалал лъезе. Хунзахъ росулъ балеб бугеб культураялъул рукъалъе Б.М.Инусиловасул цIар кьезе. Артист гьавураб рукъалъул къеда – Хунзахъ районалъул ТIануси росулъ мемориалияб хъарщи лъезе.

Амма жеги гьел къасдал хутIана къасдаллъун.

***ХIайбула ГIАБДУЛГЪАПУРОВ,***
***Авартеатралъул художественнияв руководитель,***
***Дагъистаналъул халкъияв артист.***

## БАСИР ИНУСИЛОВАСДЕ

Дуца гьабураб щиб, гIагарав Басир,
Гьадин гIассияб роль кин дуца хIараб?
Вахъа мун къаникьа, къаси театр
Духъ балагьун бугин, те гьеб махсаро.

Мун цо нухалъ хвечIо сценаялда…
Хадуб пардав къайгун къватIивги ваккун,
Машгьурав, чIегIерав мугIрул Отелло,
ЧIваралъуса вахъун чанцIул велъарав?

Велъана гьитIинав лъимер кинигин,
Квер ккун цадахъ ячун Дездемонагун.
Баркала, камилаб искусство, дуе –
Унаан тIовитIун тIогьол квацIабаз.

Гьанжеги игIланал, авар театр,
Анкьгоялда къаси рагьулеб пардав,
Зал цIун буго, гьудул, магIарулаца…
Музыка, байбихьи, Басир кив вугев?

Дир рекIел режиссер ахIделев вуго:
«Инусилов, вахъа сценаялде…»

Унго хабалазул къаназда кIолищ,
Къаси нижехъе мун виччангутIизе;
Дур рилълъин, балагьи, дур гьаракьалде
Гьадин урхъарал ниж махIрум гьаризе…

Рагьула пардавал, гьечIо вихьулев
Бищун бетIераб роль хIалев дир артист,
Пардавал къарабго, къватIир раккулелъ
КигIан гьарданиги вихьуларо гьев.

Дир магIу чваххула залалда жаниб,
ЗахIмат буго дие, гьабго кинаб иш?

Щибаб пьесаялда хасел байбихьулъ,
Басир, дуца хIараб дур балагьаб роль?
Дурго хвелалъейищ репетиция
Халатал къояца дуца гьабураб?

**Гьелъул режиссер щив, гьелъул автор щив? –**
**Шекспирица жеги гьединаб хъвачIо.**
**Жеги, греказул трагедиялъ**
**Багьадурал чIвана, артистал чIвачIо.**

**Грим бахинчIого, жиндирго ратIлилъ**
**ВатIалъана Басир, суфлер гьечIого.**
**Къана гIумруялъул чIегIераб пардав**
**Гьалдолел соназул магIаруласде.**

**Аза-азар автор ахIананиги –**
**Ахирияб пардав, гьечIо тIокIав гъов,**
**Азарго режиссер тIаделъаниги,**
**ТIокIав кIалъаларо мугIрул Отелло.**

**ТIокIаб рагIиларо дир ГIалил гьаракь,**
**Дир тIагъур чияда тIад лъогейилан,**
**Дир ханжар, Хадижат, дир ханжарилан,**
**ТIасалъугьа, дир яс, Асиятилан.**

**Ана гъов гIищкъугун гьаб гIумруялде,**
**Ва ццингун тохлъукье дандчIвараб хвалде.**
**ХутIана театр, гъосул сцена**
**Ва сценаялде рехараб канлъи.**

**Дуца гьабураб щиб, гIагарав Басир,**
**Гьедин гIассияб роль хIаге нижее.**
**Вахъа мун къаникьа, къаси театр**
**Духъ балагьун бугин, те гьеб махсаро.**



# КучІдул



**Сабигат**
**МУХІАМАДОВА**

## УНКЪМУХЪИЛ КУЧІДУЛ

*** * ***

**Гьаб хъахІаб кагъатгун гІумруялъ гьудул,**
**Тоге мусру хъахІаб жемизегІан дун.**
**Дир гІумру бихьулиш аскІосан унеб,**
**Вуссинариш нахъе, ун бахъиналде.**

*** * ***

**Тарихалъул тІанчал чарлъулел руго,**
**РухІдаллъи тІагІараб замана бакІлъун.**
**Къадарабщиналъе борхалъи щвана,**
**Жагьилабщиналда куркьбал рижана.**

*** * ***

**Ханлъи рекІелъ ккураб хІеренлъи киса,**
**ГъотІол гІаркьелалцин далун рихьулин.**
**Мун лъаралдасайш дир талихІ къараб,**
**СихІкъотІигун жубан бугин чІалгІен дир.**

*** * ***

**ТалихІ гьересииш, гьеб уяб жойищ,**
**Божулареб рекІей шибдай гьабилеб?**
**Гьаб дунял дунялиш, хабаде нухиш,**
**Нухлул рагІал ккурай киедай щвелей?**

* * *

РекIел тIиналдаса къватIиб бахъичIеб,
РухI жаниб лъураб кечI кибе рехилеб?
Балъгояб рокьуда жемараб мусру,
Гьеб тIаса бахъизе щайдай кватIулев?

* * *

ТалихIалъиш гуккарай,
Пашманлъи щиб гьимидул,
Гьуинаб гьоцIогицин
Батулеб бугин кьогIлъун.

* * *

Гьороца унел руго гьодорал дур рагIаби,
Кисан божи босилеб каранда ракI рагьулеб?
Дихъе гали босуге, чIамучIал хабаралгун,
Гьимулеб бихьулариш талихI гIенеккарасул.

* * *

ШагIир чIвараб улка чIобоголъула,
ЧIалгIеналъ ккуна ракI хъалаялъубги.
ГIадамазул бухьен хазина буго,
ХутIараб щинаб жо гIарцухъги шола.

* * *

Рогьел бецлъун ана мун халлъулареб, –
Ургьиб цIа бакулеб берзул балагьи.
Гьуинаб гьоцIоги кьогIлъанин дие,
Мун вихьизе хъвачIеб гьаб дунялалда

* * *

Замана анагIан, къвал базе эбел
Камурай гьай дица шибдай гьабилеб?
Сонал тIерхьанагIан цIикIкIунеб урхъи, –
Эбел, дудаса дир цIикIкIана сонал.

* * *

Рагьараб тIехь къазе къуват гIоларин,
ГIумру гIуцIизе гьей киса регIилей?
ЙикIинчIей гIадин гьей тIагIуней йиго,
КучIдул хъварал кверaз ракIги данде къан.

* * *

Микрафон кьуниги гIенеккун чIела,
ГIенекизе кIолев чи хутIун гьечIин.
Абуни щиб рагIи, абичIони щиб,
РагIул магIнагицин чIобоголъанин.

* * *

Хабар-кIалалъе гьаб дуниялги тун,
Берал къаншун тела заман дир щванин.
Дир къварилъиялъул рорхатал сиял,
Гьеб мехалъгIаги нуж инариш рихxун.

* * *

Цо батIиялъ хъварал кучIдул цIалидал,
Риххун анин ккана салул хъалаби.
РухI гьечIел, цIар гьечIел гьегьал мухъазулъ
Я гьумер бихьичIо, я ракI батичIо

* * *

Нухал къосинарищ, къисмат чIваларищ, –
Аллагь кIочон тараб къо тIаде щвани.
Сабру бекилилан ургъел рештIуна,
ТIаде щвараб балагь хIехьечIонани.

* * *

ПонцIеро кинигин кьвагьулеб буго,
ЧIобогояб рагIи, тIагIараб божи.
ХIалихьалъи буго гьанже ханлъуда,
Унтараб ритIухълъи кIалъагейлан.

* * *

Заманаги чIана, чирахъги свина, –
Дир халатаб сапар бихьулеб ахир.
Дун къокъал кучIдузул гIащикъай гьобол,
Дуниял толеблъи лъалеб букIарай.

* * *

Дунялалъул къоял тIун унел ругин,
РихьичIел хвел гьабун аскIосан унел.
Йоржинеги кIвечIей, йортунги инчIей,
Вокьун ватаниги божизе кIвечIей.

* * *

Унго гьаб кинаб тIегь, тIун реханиги,
БечIалебго гьечIин каранзул рокьи;
РикIкIалъи ккунагIан урхъи цIикIкIунеб,
Дун хваниги гьаниб хутIизе бугеб.

* * *

Алжаналъул нур рештIун
КIиязулго нух буго,
Берцинаб дур ракIалъул
Гьаракь рагIулеб буго.

* * *

Малъараб гьабулей шагIирги гурин,
Дицаго малъараб гьабун гурони.
Дунго хадуй гъолей гIамалги гьечIо,
Дун лъалин, лъаларел гаргаданиги.

* * *

Борхатаб рукъ гуро къваригIун бугеб,
Халкъалъул рекIелъе нух лъолей йиго.
Рецц-цIаралъе гуро шигIраби хъварал,
Аллагь, Дур разилъи дий хIалхьи буго.

* * *

Дур бералъ кенчIолеб хIасраталъул цIа,
ЦIидасан божилъи босилеб кисан?
ГIумруялъ босичIеб цебехун гали,
ХъахIаб рас баккидал сундул бицинеб?

* * *

Мунго дудасаго рази вукIине,
Дудаса лъикIав чи гьечIилан ккоге.
Кинабниги лъазе гIоларо гIакълу,
ХIакъикъат цIехолеб унин гьаб гIумру.

* * *

Дир чIухIи бекулеб бергьенлъи щвани,
БицинчIого тоге цере ккаразда.
Хадуб дир бадиса гирараб магIу,
Гьекъезеги кьеха гIенеккаразе.

* * *

**Рии билун буго дир гIумруялъул,**
**Дир кучIдул тIугьдуллъун кинан тIегьалел?**
**ГIунун холей йиго Саба меседо,**
**Сабигат йихьанищ, дида ятичIо.**

* * *

**Гьимигун битIулеб загьрудал бокал,**
**ЧIужугIаданалъул би тIолеб заман.**
**Чухъби цере ритIун чIухIун хьвадулел,**
**ЧIухIун рагье нуцIа алжаналъулги.**

* * *

**Къоларевги чIвала речIун нахъасан, –**
**Батулебго гьечIо дида ритIухълъи.**
**Борхатаб тахида жагьилав шинав, –**
**Щай рокъосанго дун къватIий яхьарай?**

* * *

**ВацIцIадав какула капурал ракIаз,**
**КIоларо хIехьезе халкъалъ вишарав.**
**ГIакъиласул къимат гIакъилас гуреб**
**Гьабулареблъи щай гьазда лъалареб?**

* * *

**НуцIаги рахана, гордалги къана,**
**Къваридаб дир кечIгун къвал бан хутIана.**
**ЧIухIиялъдай чIварай, хIинкъуниш ккарай,**
**КIвечIин талихIалъе ракIцин рагьизе.**

* * *

**ГIакълуялъ бищараб гурищ гьаб гIищкъу,**
**ГIакъиллъи гуребдай гIадан хиральи.**
**КучIдул байрамкъояз хъвалел гIадинан**
**Рокьи лъалареца лъолел бугьтанал.**

* * *

**Рикьарал нухаца араб чIаголъи,**
**Иниш цадахъ рухIалъ ахIичIеб дур цIар.**
**Унтараб рекIее дару батичIо,**
**РакIго гурхIичIого теладай дунял.**

***

**Бакъ баккулелъулги, тIерхьунелъулги**
**Бихьулеб дир росу – хIикматаб ватIан.**
**Гьавагьунеб цIумалъ гьаюла асир,**
**Мугъзада бегараб щай дие шагьар.**

* * *

ГІайиб лъида бугеб, лъикІав дир гьудул,
Бакъвараб гъотІода хІинчІ рештІанилан.
Кьурун кин буссунеб кьолареб талихІ, –
Лъаларин мун тани, лъайги босулин.

* * *

Сундаса ракІ бохун гали босилеб,
Дун дирго халкъалъе хиралъичІони.
Сундаса йохилей гьаб дунялалда,
Халкъалъухъе цІалеб ракІ дир гьечІони.

* * *

Аллагьасухъ буго сундулго кверщел,
Кин къисмат хисеян дица абилеб.
ГьечІо дида бараб ракьалда шибго,
ТІадегІанас кьураб нух тун батІияб.

* * *

Нухал рикьулелъуб босун унеб рухІ,
Гьаб дунял толелъун шибдай гьабилеб?
ЦІадгун цадахъ дирги магІу гирулин,
ракІ беканщиназда гурхІа дир, Аллагь.

* * *

АбичІел рагІабаз ракІ бухІуларин,
Мунго щай кІочарав дида гурхІичІев
Цо галиялъ цеве вачІине кІвечІев,
ТІолго дуялалъе кин чиярлъарав.

* * *

Бечедаб букІуна, Аллагь рехсолеб,
Мун ургьиб бугеб ракІ, магІу гируге.
ТалихІалъул каву къанин кканиги,
Кидаго тІагІине гьечІеб божилъи.

* * *

ГІаданлъи цІунараб бакІ батуларин,
РакІ гІодой биччарав чи вихьуларин,
ЧІвалел, хъолел руго диналъул вацал,
ГІужий росун руго гІакъилалщинал.

* * *

Чамги хІаким вуго чІухІун кІалъалев,
БакІ нахъе босани жал роpтун унел.
ХІалихьатав цІогьор, чванта цІуравин,
Валиясда цеве чІухІун хьвадулев.

* * *

ГIеретI цIунин абун иццги къунаро,–
Эбелалъул рокьи, гьелъул хIеренлъи.
Калам къотIарабго рештIараб хасел,
Хиялал къокълъидал ралъдал гъварилъи.

* * *

Меседил кьо бани данделъиладай,
Нилъ цого гIоралъул кIиго рагIаллъи.
Къваридал кучIдузги унго теладай,
Цо мун кIочон тараб къо тIаде щвани.

* * *

ГIагарабин тараб рукъ чиярлъила,
ГIагаравин тарав чи гьечIонани.
Дуниялалъулги мугъ бекун ина,
Дирилан рикIкIарас дуниял тани.

* * *

КигIан гIемераб квешлъи бугеб гьаб дунялалда,
Я Аллагь, цIуне лъимал, цIуне хирияб уммат.
Къосине риччаге ниж, къосине  вичаге чи,
Квешлъи ургъулевщинав, ХIалкIолев,
рикIкIад гьаве

* * *

Рагъилан абулеб рагIидул бакIлъи,
ТIолго гьал халкъазул бецIцIун тIолеб би.
Аллагь, хвасар гьаре лъималгун херал,
ГIолохъанго херлъун къулулел улбул.

* * *

РакI къанцIулеб гуреб хабарги гьечIин,
Кинандай рорхилел хадусел къоял?
МагIирукъин кколеб дунялги бугин,
Рохилел сундаса гьаб гIумруялда?

* * *

Пикру лъимер буго ботIролъ бижараб,
Балагьулеб щиб гьелъ гьаб гIумруялда.
Кагътида хьван тарал хIарпал гьел гуро,
БухIи рекIел буго черх сородулеб.

* * *

**Шибго хIажат гьечIо гьаб дунялалда,–**
**Иман шулалъаги дир лъималазул.**
**Эбел-инсул ракIал къварид гьарулел,**
**Лъугьунгеги лъимал, БетIергьан Аллагь.**

* * *

**ХIалхьи гьечIеб дунял, къваридаб къисмат,**
**ХIарпал тIад рекьулеб хъахIаб гьаб кагъат,–**
**БачIин букIинадай, кIочон теладай,**
**Халкъалъул рекIелъе нух батиладай?**

* * *

**Эбел-инсул рокъоб нуцIа рахараб**
**Щибизе дуниял дида бихьараб.**
**Бихьараб щиналде сабру гурони,**
**Батизего кIвечIо батIияб сабаб.**

* * *

**Меседил гъуниялъ дий нух къаларо,**
**Къориний кканиги мукIурлъиларо,**
**Дирго нух хисулей шагIир дун гуро,**
**Дирго рухIалъ цадахъ ина гьаб гIамал.**

* * *

**Дир лъукъараб рагIи, къо тIаде щванин,**
**Холеб шагIирлъиялъ дун чIвалей йигин.**
**Дун дидаго гьечIо гьанже ятулей,**
**ГIадамал нужеда дун йихьарайш?**

* * *

**Къваридал кучIдузул чIухIарай шагIир,**
**Щибизе яхъарай рокъоса къватIий.**
**Шушан танин кучIдул керен борлъарал,**
**Дир нухдаса ине инсан ккогеги.**

* * *

**Аллагь мун разияб къоялъ босе рухI,**
**РухIияб бечелъи тIагIине тоге.**
**ТIадегIанав Дуца, гьарула цIуне,**
**СиратI гIатIилъулеб нухдаса яче.**

* * *

КIочон тарайниги йикIарай ани,
Дуда гIайибги чIван гIодой юссине.
БукIинчIеб щиналъе жаваб кин кьелеб,
Кидаго вукIинчIев, кив валагьилев?

* * *

Къваридаб дур сурат, ссун унеб канлъи,
Кие дун ячарай гIумрул нухаз.
Ахирисеб рагIи, рагьараб горду,
ХIухьел кинан цIалеб пашман вихьидал.

* * *

Борхьил хIинкъи  гьечIеб алжанги гурин,
ЦIуне, ТIадегIанав, Дуца дир лъимал.
РухI босулеб сагIат гьикъун шоларин,
Къосине биччаге Дуца гьаб уммат.

* * *

Цоцазда кIалъалел вац яц гьечIони,
Сундуе гьаб гIумру, сундулъдай рохел.
МагIишат-яшавги квенги, ретIелги
Бугони гIолебдай гIакълу бугесе.

* * *

ЦIорозе лъугьани бухIулеб гIарац,
ХутIугеги гьудул хинлъи гьечIого.
Чедалъухъги кьолеб меседил мегIер,
Ракъун хвезе гьудул хъван батугеги.

* * *

Дун жеги хун гьечIин ракIалде ккана,
ЦIидасан кечалъ нух дихье цIехедал.
РикIккIада, рикIкIада рагIула макънал,
Жидер хIеренлъидухъ ракI дир урхъарал.

* * *

ВачIаравги веццун, аравги какун,
Кинав гIакълучиян цIар дуда лъелеб.
КIудияв хIелхIелчи хIакимчиясул, –
ГIаданлъи цIунани хIакъдай батулеб?

* * *

Гьанже дун дихьего гIедегIун йиго,
КенчIолел бераца босулеб дунял.
Дида дихьего нух батулеб гьечIо,
Балъгоял балагьаз сверухъ къед байдал.

* * *

**Дун кинандай хисилей, хисулареб дуниял,**
**Бихъараб ракI букъизе рукIкIен-кунги щоларин.**
**Кьоял, нухалги гьечIо аскIоре нилъ рачунел,**
**ГIунараб гIамалалъдай талихI бекулеб бугеб?**

* * *

**БухIараб гьороца черх чурхъаниги,**
**Чилъи рехун течIел чIахъаян абе.**
**Гьаб дуниялалда гьоболлъухъ рукIин**
**КIочон толарезда Аллагь гурхIаги.**

* * *

**Къулун бихьиларо битIараб рагIи,**
**Рагьараб ракIалъул хIакъикъат буго.**
**Бакъ баккулеб къилба яхIалъул къулгIа,**
**ТIадегIанасухъе нилъ рачунеб нух.**

* * *

**ГIодана гьудуллъи гIарцухъе щведал,**
**ГьитIинлъана намус месед бихьидал;**
**ЧIагоял гIадамал гIадада хоге,**
**ГIаданлъигун чилъи чехьалъухъ кьоге**

* * *

**Дунали цеего хвезе йикIарай,**
**Как базеян тIаде яхъинчIей ани.**
**РечIчIан щинаб чIорги щвелаан рекIелъ**
**Дир ТIадегIанас дун цIуничIей ани.**

* * *

**Духъе сверун унел азарго нухал,**
**Нухлулайлъун йиго гIумруялъ хутIун.**
**Дихъе цо сухъмахъцин батичIев гьудул,**
**Дур пакъирлъиялда йиго дун гурхIун.**

* * *

**БухIун унеб буго дир рекIел дунял,**
**ГIаданлъи цIунарав чIвалев вихьидал.**
**Босун унеб буго чIалгIеналъ дир рухI,**
**РухIдаллъи лъаларев нухда ватидал.**

* * *

**Къулун вихьуларо эркенав инсан,**
**Аллагьасе гурев гьаб ракьалда тIад.**
**Валлагь ватуларо квешлъи ургъулев,**
**Диналъул вацасе, иман шулияв.**

* * *

**Гъудуллъиги бичун бечелъаразул**
**Улкаго цIун бугин кие дун иней?**
**Ришватал кьун хъулухъ, цIар босаразда**
**Басралъулеб дунял гьечIиниш кколеб?**

* * *

**Дир рекIел канлъухъе къалъарал мугIрул,**
**Рокьул хIеренлъиялъ хIулилъун дунял,**
**Бакъул чIоралгун дун  кьурдулей йиго,**
**Кодоб щвараб талихI нахъе чIвачIого.**

* * *

**ШагIир херлъуларо яги холаро,**
**Ракьалда гьесул кечI бугогIан мехалъ**
**МегIер бихханиги  хутIула рагIи,**
**Рагьун бугеб рекIелъ хIасрат букIаго.**

* * *

**Дир гIурчинаб ралъад, лъица кквелей дун,**
**Дир хъахIилал зобал, зани чIвазегIан.**
**Дир чIухIараб  бетIер лъийго къуличIеб,**
**ЧIахьа дир дуниял, данде билълъинчIеб.**

* * *

**Аллагь рекIелъ ккурав чи чIалгIеналъ кваналаро,**
**ЧIобого хутIуларо, квешлъулев вихьуларо.**
**РахIманасул нух ккурал кидаго къосунаро,**
**РухIцин, кIалкIучI кинигин, бигьаго боржун ина.**

* * *

**Дир гIищкъул дуниял бихьичIев гьудул,**
**Гьаб ракьалдаго мун вугищ лъаларо.**
**Цо къоялъ бикьулеб гIищкъуги гуро,**
**Санал рахъун гIумру боржун аниги.**

* * *

**ШигIрабазулъ гьуршун рокьи ракьалда,**
**ХIанчIи кинигин гьел роржаян абе.**
**Учузаб рагIигун учузаб гIамал**
**Бугездехун дида юссине кIвечIин.**

**ТIагьират**
**ЖАВАТХАНОВА**



### ЧI У Ж У ГI А Д А Н

**Йиго чIужугIадан, жийго бакъ гIадай,**
**ГIажаибго сверухъ хинлъи бикьулей,**
**Бадиса, гугьарлъун, гьими чвахулей,**
**Гьелъухъ балагьидал ракI бохулеб куц.**

**Йиго гьури гIадай, гIедерай, хехай,**
**Харилъ басандулеб бурутI гIадинай,**
**ГIамал хисардулей нус-нус батIияй,**
**Барщунин гIодулей, йохун гIодулей.**

**Йиго чIужугIадан ралъад гIадинай,**
**Гъварилъи беразул борцун кIоларей,**
**Бальгояй, хIикматай, хIал паналъулей,**
**ХIасратго жиндего тIаде ракI цIалей.**

**Дулъ кинабго тIокIаб, дир чIужугIадан,**
**ГIатIидаб ралъадги, гьуриги, бакъги.**
**Мун йигелъур руго цIвабиги бакъги,**
**ЦIар кIодо гьабулеб гьунарги тIабгIги.**

**ЙикIа мун, гьарула, гьаб дунялалда**
**Дангъура цIун сверухъ хинлъи бикьулей.**
**Рокьиги, талихIги, тамахаб ракIги**
**РекIей рокьулезе даимго кьолей.**

### ХИЯНАТ ГЬАБУНА ДУЕ ГЬАБЗАЦА

*АхIмад МухIамадов ракIалде щвеялъе.*

**АхIмад МухIамадов – бахIарчияв вас,**
**БахIрияз хIиллаялъ нахъасан чIварав.**
**ХIалихьатчагIазе бахъараб хвалчен,**
**Хиянат гьабуна дуе гьабзаца.**

Рохьазда рахчарал гъарачагIазда
Тушманлъи лъазабун букIана дуца.
Балъгоял гьужумал, гьезул чабхъенал,
Чан дур хIаракатлъ щущазарурал.

Гьезул «гьунар» гIуна, гIицIго сардида,
Рокъове унев дуй гъоркьчIел гьабизе:
ЦIунизе гIадамал цадахъ гьечIев дуй,
ЧIегIер маскаби ххун, гулил цIад базе.

БахIарзаз, рухIги кьун, ватIан цIунула,
ЦIукIби, хиянатго, халкъгун рагъула,
Ракълие гIололъун гIумру кьуралъухъ,
Кьуна ВатIаналъ дуй БахIарчиян цIар.

ГIарцухъ яхI бичарал – лагълъуда хвела,
Дур цIвагун цIаралъе хвел гьечIо, АхIмад.
БахIарзазул ватIан – ЧIарада район,
Дур цIар кьурал васаз борхун квела гьеб.

* * *

КIиявго васасул сурат кодоб ккун,
Сверун унеб буго гьале чанго сон.
Суалазе жаваб: «Сундуе гIоло?»
ГIолил васал чIварал, кьолев чи гьечIо.

Кьурабазде ххарун, мугIрузда хьвадун,
ГIи– боцIи хьихьулел гьитIинал гIухьби,
ГIадада гIакIаде, гIужиеги гъун,
Гъачагъал рукIанин лъуна бугьтанал.

Лъимал ками гIечIищ, гIажал батаял
ГIайиб кканин щайзе мукIурлъуларел?
Рукъ-къайи рехун тун эхетун ругел
Эбел-инсуй жаваб щай гьабулареб?

Жанисан рухIелалъ рохел бахъарал
Берал гьезул рихьун кин нуж кьижулел?
ЦIа гIадал гIолилал гIадада чIвайдал,
ЧIвадарухъабазул къунадай талихI.

Рахъа, хIакимзаби, кабинетахъа
Каранда суратгун дада вихьизе.
Рагье ракIал, берал, ле, депутатал,
Лъимал хварай бабал берал рихьизе.

**Бице гIаламалда гIайиб лъил бугеб,**
**ГIадлуялде раче гулла кьвагьарал.**
**ТIасалъугьинарун, гьереси, гIайиб**
**РитIухъаб букIинчIеб чIезеги гьабе.**

## РАГЬДУХЪАН БАККАНА БЕРИЧАБ ХАСЕЛ

**Августги тIерхьана, тIанхалги рикъун,**
**ТIури щун, лъутана, лъар бахун, рии.**
**Лъорахъ рахчун гIечал гIисинлъималахъ**
**ГIодоре рортарал гIицIал гъутIбукьан.**

**Зодисан щущалеб щенон балеб цIад,**
**ЦIалтун биччун рогьел магIил щубаца.**
**Щобдаса тIерхьарал роол къоязухъ**
**Хинаб цIадал тIири тIинкIун гIодулеб…**

**Баккана рагьдухъан беричаб хасел.,**
**Хинлъи бачахъулеб гьуриги бачун.**
**Парча бигъана гьелъ сверухъ тIогьилаб**
**ТIад ретIун къатIипа, меседил кьераб.**

**Бокьула берцинаб, хасел мун дие,**
**Хирияб ракIалъе кIарчамаб дур кьер.**
**Хурзабахъан тIорщел, бахчабахъ нигIмат –**
**БугIун цагъур цIураб баракатаб мех.**

*** * ***

**Дун гIенеккун йиго гьуинаб харбихъ -**
**ГIакъилго, берцинго бицунеб буго.**
**Бадире ралагьун гьимулел руго,**
**Гьодорал рецц-бакъал цоцазе гьарун.**

**ГьунарчагIи гIемер руго ракьалда,**
**Бокьараб роль хIазе бажари бугел.**
**БачIинехъе лъала лъие ва кинаб**
**Калам рекъон кколеб гьел артистазда.**

**ГIажаибго хехго бакъан рекъола,**
**Бокьарал чагIигун гьезул кучIдузул.**
**Кинаб бугониги пайда щолев чи**
**Чвархъан хIелиялъул къоралъ ккола гьез.**

**РакI релъулеб буго, унго гIадамал**
**РукIунел кинха нуж ракьа-къартI гьечIел.**
**ГьетIулел, жемулел, рехьен чIахI гIадал,**
**Рихьизе, рагIизе цIакъ рокьуларел.**

**Э Б Е Л**

**Хирияй, хирияй, хирияй, эбел,**
**Хиралъи сундалъун дуде борцинеб.**
**Бакъул нур, къаси моцI, къеч буссунеб лъим,**
**Лъида кIвараб дуе кколеб къимат кьун.**

**РекIел тIегь, тIогьолъан буссунареб их,**
**Хивалазул ханлъун лъималаз толей.**
**ЛъугIел гьечIеб рии, бечIалареб гъветI,**
**ТIадегIан гьаюрай живго Аллагьас.**

**Жан гIазизай эбел, кечI дуй ахIила,**
**ХIасратай, дуй гIоло гIумруги кьела.**
**ГIагарай дугIадулъ даим мун йиго,**
**Йокьулей, рокьи дур дунялго цIураб.**

**Кида дун щваниги какикьжоялда,**
**Квералги цере ккун, ятула эбел.**
**Ялагьун, нахъасан, зодихъе кверал**
**ЦIуне эбелилан, ритIула дица.**

**Недегьаб дур гьаракь, зобалги рикьун,**
**Зоб-ракь бижарасде боржунеб буго.**
**БетIергьан, гьарула дир лъималазда**
**ГурхIел-рахIмуялъул лъун тейин цIобан.**

**ЦIамхIалаб магIуги, горо-цIад гIадин,**
**Гирун унеб буго бабал бадисан.**
**БетIергьан, дицаги, магIуги къулчIун,**
**ЦIуне эбелилан гьарула дуда!**

**ЦIуне эбел, Аллагь, цIалеб хIухьел – гьей,**
**ЦIияб къогун цадахъ, баккараб бакъ – гьей,**
**Гьекъон къеч хьвалареб, хIабургъин гьечIеб**
**Дир гIумруялъул ицц – хирияй эбел.**

**Сахлъи эбелалъе, халатаб гIумру,**
**Хириял тIанчIазе даим хутIаяй.**
**Хирияй, хирияй, жеги хирияй,**
**ЦIуне, Аллагь, эбел, цIуне хIалкIолев.**

## САЙИГЪАТЛЪУН ВУГО МУН ГЬАБ РАКЬАЛДА

*МухIамад Ибрагьимовичасе*

**Сайигъатлъун вуго мун гьаб ракьалда,**
**РоцIараб, гьайбатаб гьеб дур гIамалалъ.**
**ГIорхъи-рахъ лъалареб дур гIаданлъиялъ,**
**Лъимадул гIадинаб дур хIеренлъиялъ.**

**Сайигъатлъун вуго – лъай бугев вукIун,**
**КIваркьун мацIазда тIад хIалтIулев вукIун.**
**Миллат цIехечIого, пишацоялгун**
**Берцинаб тIалабгун ургъулев вукIун.**

**Сайигъатлъун вуго – гIагараб росдай,**
**ГIагарлъидуй, тIолго районцоязе.**
**ГIемер кIалъачIого, гьаял рачIого,**
**ВачIун, хIажаталъув ватулев вукIун.**





**ГIарип РАСУЛОВ**

## КЪУНКЪАРАБАЗУЛ МОЦI

***Щуго соналъ ВатIанияб рагъул нухазда вукIарав фронтовик – эмен ракIалде щвеялъе.***

Апанди, гIедегIинчIого, гьавугьинан, хIатIаз соназул рикIкIен борцунев чи кинигин, военкоматалдехун валагьун унев вукIана. ДандчIварал бихьиназул саламалъе жавабалъе бетIерги гьанкIулаго, гьас идараялъул нуцIа рагьана. Амма гьасул рекIелъ кIетIолеб «Дун гьазул армиялде ахIулезул сияхIалдасаги ана, бетIерги хъахIлъана, щайдай дун гьанжеги гьазие хIажалъарав?» – абураб пикруялъ валъаргъунаго, Апанди жаниве лъугьана. Чамго чи хIакимасухъе ине чIун ругоан. ТIадагьго галабиги росулаго, жиндирго гIадаталда саламалъе бетIерги гьанкIезабун, гьас бухари тIагъур бахъана ва кваранаб хъат ботIрода бахъана, къванщал ритIизаруна.

– Апанди-даци, командирасул амру буго дие: мун гьаниве щваравго жиндихъе вачейин абураб, – илан, чIурканго гьасда данде ячIана гIолохъанай секретарь. Апанди данделъаразухъ валагьана ва гIолилалда хадув ана. Гьелъ нуцIаги рагьун гьав жаниве витIана. Гьурмада гьимиги бекьулаго, комиссар гьасда данде вахъун вачIана.

– Гьалмагъ полковник, гвардиялъул сержант Рашидов дур буюрухъалда рекъон тIаде щвана, – ян, разияб махсароялда абуна Апандица.

– Вихьула, вихьула, жеги соназ бахъун гьечIо духъа игитасул къамартIлъи, – ян велъанхъулаго гьасдаги абун, комиссарас гъежги ккун гьав тахбакIида гIодовчIезавуна. – Дида лъалеб букIана мун унтун вукIин. ХIалтIул хIалуциналъ кватIизегIан гьанив хутIула. Мун вахъун вукIин лъаравго, рокъоб лъазабун букIана мун нижехъе гьаниве витIейилан… Гьадинаб иш буго, Апанди, районалъул школлъималазе цIакъ бокьун буго мунгун дандчIвазе, – комиссар цо лахIзаталъ ургъелазул карачелазулъ восана, – Нужер гIелалъул гIадамазул кьерал лъедерлъулел руго, гьудул. Гьелъ цереса аразул «налъиги» тIубазабизе нужеде кколеб буго.

– ТIехь бакьулъа рагIиха, ГIусман, – илан нечадго гIадин жавабалъе рагIи абуна гьасги. Полковникасул кьунсрул чанида хадуб гIедегIараб цIудул куркьби кинигин, данде рукIкIана ва гьасухъе цо кагъат бегьана.

– РикIкIадаса Крюково росулъа гьаб кагъат бачIана нижехъе. ЦIале дуцаго.

Апандица сородулел квераз кодобе босана гьеб ва цIороберал ралагьизе лъугьана. ГIусманица жиндиралго кьуна.

«Хирияв гьалмагъ комиссар, – абун якъинаб лъимадул хатIалъ хъван бугоан гьеб. – Бергьенлъиялъул байрамалде нижер росулъ рагьулеб буго гьаб эркен гьарурал бахIарзазе памятник. Гьелда бан нижее бокьилаан, фашистаздаса нижер росу хвасар гьарулезда гьоркьов вукIарав бахIарчияв рагъухъан А.Рашидовасул сурат щвезе. Нижехъе щварал хIужабазда рекъон гьев армиялде ахIун вукIун вуго нужер военкоматалъ… Гьесул гIагарлъиялъул чи нахъе ватани, нижее бокьилаан гьевгун дандчIвазе…

КIудияб баркалагун Крюковалъул рагъул тарихалъул хIужаби ралагьулезул «БагIараб ЦIва» кружокалъул гIахьалчIужу, цIалдохъан Мария Ткаченко».

ЦIалун лъугIаниги рикIкIадаса бачIараб кагъат кодоб ккунго букIана гьасухъ. Гъваридал пикрабазул куркьбазда гьав вортанхъилев вукIана дол некIого арал захIматал рагъулал соназул рагIадазда цадахъ. Мех-мехалъ рекIелъ хIенсезе лъугьунаан доб заманаялъул лъугьа-бахъин. Лъавуде вачIарав Апандица хIурматалда кагъат комиссарасда цебе лъуна ва гьалдолеб рекIеда абизе рагIи батуларого валагьун хутIана. РакIалде щвана гьазул десанталъул къукъа, даималъго гьенир хутIарал гьудулзаби, бахIарчияв командир лейтенант Воронцов. Циндаго гьулчун бачIараб хиялазул бакIлъиялъ асир гьаурав Апанди полковникасухъ валагьун хутIун вукIана…

… Циндаго гьасул каранда багIарараб хIара рахIму гьечIеб квералъ къазабунин ккана. Кьвагьи-гIанхъиялъул гьаркьал гьасда рагIулел рукIинчIо, гьав гIодов ккана ва тIину гьечIеб бецIлъукье вортулев вугин кколеб букIана…

– ВахI ле, хIикмат буго гьеб цIадулъа дун чIаго ворчIи, – ян пашманго жиндирго пикраби данде раакIаризе хIаракатги бахъулаго, угьун биччана Апандица. Цинги лахIзаталдасан тIадеги жубана: – Гьеб букIана дир рагъулаб лъугьа-бахъиналъе ахир лъураб къо – рагъулаб «БагIараб байрахъ» орден… ЧIван хадуб кьураб шапакъат…

– Дида кинабго ракIалда буго. Рагъдаса хадуб таманаб заманги ун гурищха дица дур каранда бараб гьеб Москваялдаса битIун бачIараб шапакъат…

– Чам батIияб госпиталь дида бихьараб, чам батIияв тохтирас дие дару гьабураб. Рокъовцин дун тIагIаравлъун тун вукIун вуго. Амма киназулго пикрабазда мухъги цIан, тушманасе квешезего гIадин дун чIаго хутIана, – илан дагьаб роцIун бачIана херав рагъухъанасул гьумер, кунчIана соназ кIвекIарал гьасул beралги…

– Кинаб жавабха хъвалеб Крюковалде? – абун херасухъа жаваб балагьулев вукIана комиссар.

– Валлагь лъаларо… Щай лъалареб? Хъвай дозухъе гвардиялъул сержант Рашидов нужеца цIараб заманалде гьениве щвезе вугилан. Гьеле дуе дир ахирисеб калам.

Полковник тIаде вахъана ва гьасда аскIовеги вачIун, недегьго кверги Апандил гъажалда лъун, рахIатхун херасухъ валагьана.

– БакIлъиларoдай дир гьудуласе гьеб халатаб нух?

– БакIлъичIoгoги хутIилищха херлъунги вугелъул. Амма хутIарал сoназ рекIее рахIат букIина рагъда ратIалъарал гьудулзабазул памятникалда цеве эхетизе щвей.

– ЦIакъ лъикI абуна дуца. Гьелдаса лъикIаб хIукмуги гьабун бугo. КIудияб баркала дуе, къуркьи гьечIев рагъухъан!

– Дие баркала сундухъ? Баркала кьезе ккела ватIан цIунулагo гIумру кьуразул цIарал цIунаразе, – ян абуна Апандица.

Цинги, кIиябгo кверги столалъул рагIалда чIван, бетIер хъахIлъарав рагъухъан бакIгo тIаде вахъана. ТIадеги жубана: – Гьедин букIинеги ккола, – ян. Херав дагьалъ лъалхъана, ургъана ва ине хIадурана.

– Кида сапаралъ вахъиневали лъадиялдаги дандбан, хадуб дихъе ахIе, нижеца белтал росизе, – йилан абуна, къомех-лъикI гьабулагo, комиссарас Апандида.

… Маххул герелабазул бакъаналъухъги гIенеккун вагоналъул гордухъан валагьарав Апандида бихьана, ахирисеб кунчIиги гьабун тIерхьун унеб бакъул нур. БакI-бакIалда рихьула хаселалъ тIамхал гьечIoгo хутIарал гъутIби. Гьезул тIеренал гIаркьелаз щиб букIаниги, гьасда бичIчIулареб жo гьарулеб бугин кколаан. Пашманаб бакъан бачунеб гIадин, бецIлъун ана дунял. Гьеб параялъгo херасул каранлъ пирхун рачIана дoб тунка-гIусиялъул сипатал. Гьасда якъинго ракIалда бугo Крюковалъул килисаги, гIадамазул гьаркьалги, лъималазул гIoдиги. Тушбабаз килисалда жанирeги гъун росдал гIадамал рухIизехъин рукIун рyгo. Гьелъие гIиллаги, кIигo къоялъ цебе партизаназ таманал фашистал гъурун рукIун руго гьенир…

Иргадулаб тIадкъаялдаса тIадбуссараб лейтенант Воронцовасул отряд хIаракаталда макьидаса борчIизабуна. Къокъидаго гьелда цебе чIараб масъалаги бичIчIизабун килисалда жанире гъурал крюковалъулал хвасар гьаризе ритIана. Лейтенант Воронцовас анцIила щуго, гьунар цIикIкIарав, багьадур тIаса вищана. Воронцовасда рахьдал мацI кинигин лъалаан немец мацI ва гьелъул Бавариялъулаб сверел. Гьединлъидал гьевги гьесул кумекчи дунги цадахъ ине кколел рукIана немцазда аскIoрe. Циндаго хъархъазда аскIoб кIалалъ бачунеб аргъаналъул гьаркьал рагIана. Ниж цIoдоргo, гIoдоре къулун, гьенирехун рилълъана. Хъархъазулъ вегун вугоан фашист ва жиндиего ракIгъеялъе, жеги рагIичIел, бакънал рачунев. Воронцовас гьезул мацIалъ гьесдехун хитIаб гьабуна. Апандида бичIчIана гьекъолеб шнапсалъул калам букIин. «Я, Я» – абун чIагoлъун вачIана гьев. Командирасухъ букIун бугo цебесеб тIадкъаялдаса немцазухъа щвараб шнапс-гIаракъи. Гьеб лахIзаталдаго квегIисан ва кваранисан иргаялда кьвагьулел автоматазул гьаркьал рахьана. Немец мацIалъул ахIи-хIур, гьалмагъир байбихьана. «Нилъ тIатун ругел къагIидаха. Рагъухъаби церехун!» – ан ахIана командирас. Фашистаз гулбузул ирга биччана лейтенантасул каранде. Апандица гIедерго кьвагьиялъ чIезе гьавуна унтер офицер. Къого галигIанасеб манзил хутIун букIана килисалде щвезе. БакIаб гьудигун, гулбуца рецарал, нилъерги тушманасулги рагъухъаби ракьалде ртулел рукIана.

ЧIварав командирасул иш жиндего босана Апандица. Ахирисеб гуллиде щвезегIан вагъана гьавги. Амма заманалдасан, каранда гьецIoкъ кьабурав чи

кинигин, гьавги ракьалде шапун ана. Хадуб щиб ккарабали гӀакълуялдаса ун лъукъарав гьасда лъалеб букӀинчӀо…

ЦохӀо ракӀалда чӀеялъул гӀаламат буго: нилъерал жанир тӀамун рукӀарал килисаялде захӀматаб бакӀаб нух букӀин. Тушманасул солдатал согӀаб рагъде ран рукӀана. Гьезул хӀаракат гьанже жидерго гӀумру цӀуниялде буссун букӀана. Фашистазул дандечӀей чучаниги, гьужум гьабулелги лъедерлъун унел рукӀана. Апандил гӀемерал гьудулзаби тӀагӀана, командир Воронцов чӀван хадуб нухмалъи гьас кодобе босана. Амма гьелъие къокъаб заман букӀун буго. Апандида ккана жив лахӀтугӀан бецӀаб, тӀино гьечӀеб кӀкӀалахъе вортун унев вугин. Цинги паркъун ун гьав гӀакълуялдаса ватӀалъана…

Рокъобе битӀун ана хасаб тӀадкъай тӀубазабулаго, бахӀарчилъиялда хванин гвардиялъул сержант Апанди Рашидов абураб кагъат…

…Рогьалил гӀужалъ поезд лъалхъана Крюковалдаса гӀемер рикӀкӀад гьечӀеб вокзалалда. Лъадиялъ жигар бахъулеб букӀана росулъе унеб автобус бачӀинегӀан гьав чӀезавизе. Апандие бокьана гьасул рагъул соназе ахир лъураб авлахъ къотӀун цоги нухалъ ине.

– Дур унтарал махӀабазда хӀехьезе кӀвеладай гьеб манзил? – ян гьарулеб букӀана гьелъ росасда. Амма Апандица гьелъул каламалъухъ гӀин бачӀо.

Гьас галаби росулел рукӀана гьужумалъ вахъарав рагъухъанас кинигин. Гьанжесеб гьужум букӀана ракълилаб, чи чӀвалареб, гьесда ругьун лъолареб. Росулъе гӀагарлъанагӀан Апандил рекӀел кьаби гӀедерлъана. Гьав циндаго лъалхъана.

– ЧӀая, жакъа чамабилеб къо?

– Къоло ункъабилеб апрель, – ан гьасухъги ялагьун жаваб гьабуна лъадиялъ.

– Унго хӀикмалъи бихьуларищ, – илан гӀажаибго цӀияб бараб росдадехунги валагьун абуна гьас. – Дун захӀматго лъукъараб къо ккола жакъа.

Гьаниб гьечӀоан доб некӀсияб килисаги, гӀатӀилъун бугоан росдал майданги. Майдан бакьулъ хъахӀаб ххам тӀад жемараб залимаб зани бихьула. Гьалдолеб рекӀее сабруги кьолаго, гьав гьелда цеве эхетана, яхӀ гьабизе кӀвечӀого, ххамил гӀиншги бичӀизабун, гьав гьелда гъоркье ваккана. Хьибилалдасан жидерго ишалъ унел гӀадамал гьазухъ ралагьун хутӀулаан. Апандица цӀалана гьеб ракӀалдещвеялъул зонода рикӀарал ва меседил кьералъ релъарал рагӀаби. Гьелда хъван ругоан рагъда гьазул къукъаялъул чӀваразул цӀарал ва адабияб реццалъул рагӀаби. Херав рагъухъанасул бадиса гирун ана магӀил гарал, цинги гьав сородулел махӀабазда кквезе кӀвечӀого, гӀодов кӀусун ана. Лъади гьесда хурхана, цинги гьаркьалги гьарун: «Больница киб бугеб нужер?» – абун гӀадамазде ахӀдана. ГӀадамал аскӀоре щвелалде херав рагъухъанасул рухӀ босун букӀана…

Лъади гӀантго гӀадин сверухъ ялагьана. ХӀеренаб гьорол шуршудиялда гьоркьоса гьалъул гӀундузда рещтӀана, тӀасан роржун унел къункърабазул гьаркьал. Гьез дагьабги бакӀ гьабуна гьалъул ургъелаз самулеб ракӀ. Гьалда цебе чӀана къороллъиялъул захӀматаб гӀумру, къоккедал квер кьезе нахъе хутӀичӀев Апанди. Циндаго тӀолабго дуниял чӀобоголъанин жиндийин бухъардулеб ракӀалъ абулаго, гьалъ, кӀазил рагӀалалъ, гьарзаго бадиса чвахулеб магӀу бацӀцӀунеб букӀана…

БахIарчияв солдат, рагъда беркъапичIев рагъухъан, халкъияв бахIарчи гIадин, кIудияб хIурматгун вукъана гьудулзабазда аскIов. Мармаралъул заниялда хисизабуна Апанди Рашидов хвараб сонги.

## ЦIАКЪГО РИКIКIАЛЪИЛАРОДАЙ

Гъваридал пикрабаз кодове восарав ХIасан, ругьунабго къагIидаялъ, машинаялдаса рещтIана. ЧIухIадго идараялъул кIалгIабазухъги валагьун, ризал кьунсрузда квералги рахъун, таваккалго минаялда жаниве лъугьана. Гьасие салам кьезе данделъарал гIадин хIалтIухъабазул читIир букIана квегIисаги кваранисаги коридоралъур. Гьеб параялъго данде вачIунев Исламил кверги босун, гьас гьев чIезавуна.

– ЛъикI ккана мун данде ккей. Рилълъая мун дие къваригIун вугин, – абун гьав гьесул бадиве валагьана ва къокъабго лъалхъияллдаса хадуб абуна: – БитIун бицани, мун гуревха, дур гIакъиллъи– лъайин дие къваригIун бугеб.

– РалъадгIанасеб гIакълу дургоги букIун, дир ятимаб лъаялъ дуе пайда кьеларин ккола, – йилан, хIаким кIодо гьавизе бокьун, гьоркьобе рехана Исламица. КIиявго хIакимасул рокъореги лъугьун столалда нахъа гIодор чIана.

– Балагьея, гьадинаб иш буго дуда дандбазе, – ян кIалъалаго, столалда тIад ругел кагътазул хъирщадилев вукIана ХIасан.

– Дир гьунар-махщел гIолеб хIалтIи батани, дун хIадурав вуго гьеб тIадкъай тIубазабизе, – абун жигараб чIаголъиялда бакIидаго гьункьана Ислам. ХIасанида лъалаан гьесул бегIераб гIакълуги¸ гIужилаб каламги кIалдибго батулеблъи. Гьайгьай, Ислам лъалаго ворхалъун вачIунаан гьесие кумек гьабизе щвеялъ.

– Гьа, батана гьаб дица ракIалде щвеялъе хъван букIараб кагъатги, – илан хIакимас кагътил кесек жиндаго цебе ккуна.

– Дун гIемерал улка-ракьазде щвана ва гьезул хабалазул хал гьабуна… – йилан гьасие жиндирго хиял рагьулаго ХIасаница шавкъалда мегIер кIвекIана. – Нилъерго тIалаб-агъаз гьечIолъи буго цIар арал гIадамазул хобал цогидаздаса ратIа гьаричIого тей.

ХIасан лъалхъана гьав ворцунеб кинигин, кIваркьун Исламихъ валагьана.

– КигIан дуда квеш букIаниги, дица абилаан, ХIасан, мун мекъи вугилан. Дида лъала, щибаб дур ургъараб ишалъе дандечIей гьабурав чи тушманилан ккола дуда. Амма дица дуда жакъа битIахъе абила: хвалил къисмат кинасулго цохIо буго. Нилъ, хIакимзаби, гьадинги халкъалда чIалгIун руго. Хобалниги цадахъал рукIине те, жеги цIикIкIун халкъалдаса нилъ рикIкIалъичIого рукIине…



# ШигІруги, динги, дунялги



## МАГІАРУЛ РУХІИЯБ АДАБИЯТ БАККИ ВА ГЪЕЛЪУЛ ЦЕБЕТІЕЙ

МагІарухъе Бакъбаккул адабият бачІине байбихьана диналда цадахъ. ТарихчагІаз Дагъистаналда дин щулалъиялъе ва Ислам камиллъиялъе гІарабаз гьабураб хІалтІул бищун кІвар бугеблъун бихьизабулеб буго, гьезул дагІват, ай исламалъул къанунал лъазари ва шаригІат малъизе гьабураб хІалтІи.

МагІарул адабияталъул тІоцебе анализ гьабурав, ва гьеб лъазабиялда тІад гІемераб хІалтІи гьабурав гІалимчи МухІамадов Бадавица хъвалеб буго исламалда цадахъ Дагъистаналде бачІараб гІараб адабияталъ магІарул адабият нахъе къазабизе лъугьун букІанила ва цо хасаб заманалда халкъияб адабиятги (фольклор) рухІияб адабиятги бетІерлъи гьабиялъе къеркьолелги рукІанилан. Гьесул бихьизабиялда рекъон, рухІияб адабияталъ магІарул фольклоралъул элементалги къабул гьарун, бижун бачІун буго жибго жиндаго чІараб динияб адабият. МухІамадовасул пикру цо рахъалъ битІарабги буго, амма тІубанго гьединаб дандечІей адабияталда букІанин абизе кІвеларо. ГІараб мацІ ва адабият магІарухъ тІибитІиялъе кІвар бугеб ишлъун ккана гІарабазул хъизанал мугІрузде гочун рачІинги.

…Дол гІадамаз бачІана хъвай-хъвагІай, мацІ, адабият, кинабго исламалда борцараб ва щула гьабураб… Гьелдаса хадубги анцІила анкьабилеб гІасруялде щвезегІанги батІи-батІиял къокъаби, хъизанал рачІунаан Дагъистаналде. Гьезда гьоркьор рукІана мугІалимзаби, дагІватчагІи, суфиял ва гІадатиял гІарабал. Гьебго заманалда магІаруллъиялдасаги байбихьана мутагІилзаби гІараб ракьазде ун гІелму цІализе. Гьеб киналъулго хІасил букІана XIII-XVII гІасрабазда магІарухъ гІараб, ай исламияб маданияталъ асар гьаби ва магІарул гІадатазда гьорлъе шаригІаталъул асар бачІун, гІалимзабаз кинабго исламалъул кьучІалде бачин. МагІарул адабияталъе кІудияб асар ккана Бакъбаккул рахъалъул шагІирзабазул тІахьал цІалиялъ. Академик XI. XІамзатовас хъвалеб буго, мутагІалимазда гьоркьоб гІараб мацІалда бугеб художествияб адабият машгъураб букІанилан. ТІалаб гьабурав чиясе щолаанила цІализе Бакъбаккул шагІирзабазул диванал Абу

Нувасил, Абу Таммимил, Ал-Мутанаббил, Ал-Маарил, Ибн ал-Фарабил. Гьединго машгьурал рукIанила – Пирдоусил, Хаямил, Низамил, СагIадил, ХIапизил, Жамиясул, Навоил, Физулил ва цогиги бусурбабазул гьоркьохъел гIасрабазул адабияталъул вакилзабазул шигIраби.

ГIалимзабаз жидер вагIза-насихIат гIадамаз къабул гьабиялъул мурадалда, гIараб къагIидабазда тIаде фольклоралъул къагIидабиги хIалтIизаруна исламиял асарал хъваялъулъги. Гьедин тIоцебе бижун бачIана магIарул мацIалда рухIияб абун цIар щвараб адабият. Гьеб адабияталда гьоркьоре уна: туркаби, ай шаригIаталъул асарал, марсиятал, мавлидал, мадаихIал ва цогидалги назмияб къагIидаялда хъварал асарал. Гьезул гIемерисел магIарул адабияталда жанире рачIана, шагIирзабаз, гIалимзабаз гIараб адабияталдаса мисал босун. Авалалда гIицIго таржамаби рукIун ратизеги рес буго. Дагъистаналда нахъе цIунун хутIарал гIараб тIахьазда гьоркьор цIакъ гIемер ратула адабалъул ва шигIрабазул хIакъалъулъ тIахьал. Хапизил «Диван», ХIаририясул «Макъамал», Гьиндазул «Калила ва Димна», СагIадил «Гюлистан», Ас-Сападиясул «Силкул гIайн» ва жеги гIемерал тIолго исламияб халипаталда машгьурал тIахьаз магIарул рухIияб тема баккиялъе хасаб асар гьабуна ва жибго жиндаго чIараб адабият баккиялъе квербакъана. Хунзахъа Дибир-къадица «Калила ва Димна» ва цогидалги асарал магIарул мацIалде руссинаруна ва гьеб машгьурлъана магIарухъ.

РухIияб темаялда хъварал асаразул нилъехъе щвараб магIарул тIоцебесеб тарихияб нугI ккола Къудукьа Мусалас (1652-1717) хъвараб гьитIинабго назму.

**МагIарда гIазу буго,**
**ГIоралда накIкI чIун буго.**
**Бодул кутак хун буго,**
**Ханги парччахIав вуго.**

**БухI-бухIараб къехь гIадаб,**
**КъвакI-къвакIараб дуниял.**
**Ябагъидул кварида**
**Багьан чIвараб байтулман.**

Гьаниб Мусалас дандекквеялдалъун жиндирго гIумру рагIалде щун букIиналъул баян гьабулеб буго пашманаб асаралдалъун. Гьединал назмиял асарал жеги рукIун ратизе рес буго доб заманалъ, гьеб гурони нахъе хутIичIониги. Хадуб нилъее рагьун рачIуна ГIаймакиса Абубакарил (хв. I790с.) ва Кудалиса ХIасанил (хв. I795с.) туркаби. Гьев лъабавго гIалим магIарул рухIияб адабияталъул кьучI тIамурал шагIирзаби руго. Гьезда хадур киназдего гIунтIун магIарул гIалимзабаз насихIатиял асарал хъвана шигIрияб къагIидаялда, ай ругьунаб хIалалъ гьижабиги рекъезарун. Гьелдаго цадахъ цебетIолеб букIана гIараб мацI ва гIелму. ГIемерисел гIалимзаби рукIана рахьдал мацIалда рухIияб адабияталъе кьучI тIамурал шагIирзабиги.

Машгьурал исламалъул гIалимзабазул цIаразул сияхI гьабуни, XVII гIасруялдаса жакъа къоялде щвезегIан гьезда гьоркьов ватиларо диналъул

темаялда цо чанго шигIрияб асар хъвачIев гIалимчи. Гьез гьелде кIвар кьеялъе гIиллаги букIана гIадамазул иман щула гьабиялда тIад хIалтIи, бищунго кири кIудияб ва бищунго бусурманчиясе берцинаб, рекъараб иш букIин. Гьеб адабият букIана диналда бухьараб, ва асарал хъвалел гIадамал рукIана къадру бугел, халкъалъ жидер церехъабилъун тарал. Гьелъулъ букIана хIасил ва гьоркьоса къотIичIеб цебетIей. ЖамгIияталда гьоркьор кколел хиса-басиязухъ балагьичIого, заман хисаниги, гьеб адабият хисичIо. ВагIзаби рукIана халкъ исламалде ахIиялъул аслияб къагIидалъун. Гьезул дагьаб бугониги шигIрияб ирс нахъе хутIун буго ва нилъеца жакъаги пайда босула гьелдаса (ГIаймакиса Абубакар, Кудалиса ХIасан, Инхоса ГIали-хIажи, ГIободаса Сиражудин, Миякьоса ГIумар-хIажи, Багинуса ШугIайб-апанди, ГIурадаса Удурат, ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажияв, Шуланиса ИсмагIил ва цогидалги).

Дагь-дагь ккун адабият щулалъана ва, заманго инелде, рухIияб адабият абураб цIаралда гъоркь нилъеца кIвар кьолеб хIалалде бачIана. Академик ХI. ХIамзатовас хъвалеб буго: «Жакъа «рухIияб адабият» абун нилъеца рехсолеб адабият ккола, тIубанго эстетикияб ва художествияб хъулухъ гьабулеб ва диналъул тарихиябгун философияб буголъи загьир гьабулеб, диниял асарал (МухIамад аварагасул гIумру, асхIабзабазул, мазгьабалъул ва диналъул церехъабазул, диналъул аслабазул хIакъалъулъ биценал ва гь.ц.) шигIриял кьучIазда лъей».

ГIаймакиса Абубакарица (1711-1790) ва Кудалиса ХIасаница (1718-1795) халкъалде вагIзаби хIисабалда хъварал назмаби жакъа къоялъги машгьурал руго. Гьезул берцинаб насихIатияб мацIги, инсуца лъималазе гIадин ургъел батун, лъикI рукIине бокьун бицунеб рагIиги, киналго заманабазе рекъана ва магIарул рухIияб адабияталъул кьучIда бегана.

**Масала:**

… Эбел-эмен рази гьаре, вацал яцал гIатIид гьаре,
Цогидазе лъикIлъи гьабе, ахир лъикIлъи бегьала дуй…

*(ГIаймакиса Абубакар)*

**Яги:**

… БоцIи цIикIкIун, мехтарав вигьинего кIоларо,
Цо макъамалъ чIухIарав чияхъ валагьуларо.
Заманаялъ квегъичIев гIодове вуссунаро,
Щибго пикруго гьечIев гьалмагълъуму гьавуге…

*(Кудалиса ХIасан)*

Гьезул мисалалда хIалтIана XIX-абилеб гIасруялъул авалалда рукIарал Хунзахъа Дибир-къади, ГьаракIуниса СагIид ва цогидалги гIалимзаби.

МагIарул адабияталда хасаб бакI ккола гIалимчи Хунзахъа Дибир-къадица (1742-1817). Филологиял гIелмабазул кандидат, ДНЦялъул ИЯЛИялъул кIудияй гIелмияй хIалтIухъан П. М. ГIалибеговалъ хъварал баяназда рекъон, Дибир– къадица цIакъ кIудияб хIалтIи гьабун буго магIаруллъи цолъиялъе, ислам щулалъиялъе, адабият цебетIезабиялъе ва гIажам алип камиллъизе гIоло. ТIоцеве Дибир– къади цIалана жиндирго инсуда цеве, хадув Кудалиса

ХIасанида цеве цIалана гIемерал соназ, гъединго цIалана ЧIохъ МахIадида цеве ва цоги жидерго мадрасаби ругел гIалимзабазда цеве. Дол гIасрабаз рукIарал гIелмабазул гIемерисел къучIдасанго лъазе гьарун камилаб лъай щваниги, Дибир-къади ана ГIарабустаналдеги Персиялдеги. Шушаялда парс мацI лъазабуна Мирза Жамал Жаваншир (1773-1853) абулев шагIир, гIалим ва пачалихъияв хIаракатчиясухъ. Мирза вуго «Гъарабагъ-наме» машгьураб асар хъварав тарихчиги. Гьев вукIана Гъарабагъ-хан Ибрагьимил секретарь (мирза). Дибир-къадица Мирзада малъана гIараб мацI. Гьелдаса хадубги парс мацI лъазабизе Дибир-къади цIалана машгьурав гIалим Макъсуд Челеби Панахабадиясухъ. Ахирги лъай камил гьабуна Турциялда ва Шамалда. Дибир-къадида камилго лъалаан гIараб, парс, турк, гуржи ва Дагъистаналъул миллатазул магIарул, лъаргI, дарги, ва тум мацIал. Гьесда лъалел гIелмаби рукIана пикъгьи, мантIикъ, тавхIид, нужум, нахIви, адаб ва цогидалги. Эмен хун хадув Дибир-къади хунздерил бодул къадилъун тана. Амма цохIого цо шаригIаталъул суалал тIураялда къокълъичIо гьесул хIалтIи. Гьес тIуралаан ГIумма-ханасул гIакълучиясулги вакиласулги ишал. ГIумма-хан цIакъ рази вукIунаан жиндирго вазир ГьоцIалъа ГIалисканди (ХIамзат имамасул эмен) ва Дибир-къади гIадал чагIи аскIор рукIиналдаса ва гьезул гIакълуги къабул гьабулаан. Киса-кивего ГIумма-ханас жиндирго сапараздаги цадахъ вачунаан Дибир-къади. Гьеб, кин бугониги, гIалимчиясе захIматаб жо букIана ва Дибир-къадил хъвай-хъвагIаяздаса бичIчIулеб буго гьесие гIелмуялда тIадчIезе хIаракатбахъулев вукIине бокьун букIараблъи, амма пачалихъиял суалаз гьеб иш рекIее бокьухъе цебе бачине рес кколеб букIинчIолъи. Кин бугониги, Дибир-къадица гIемераб хIалтIи гьабуна гIелмуги, адабиятги, мацIги цебетIеялъе. Гьесда лъикI лъалаан Бакъбаккул улкабазул шагIирзабазул: СагIадил, ХIапизил, Фирдоусил, Румиясул, Жамил, Низамил ва цогидазулги асарал. Гьединго гьесда гIарабазул халкъиял асаралги лъикI лъалаан.

МагIарул мацI камил гьабиялда ва цоги мацIал малъиялда тIад гьарурал Дибир-къадил хIалтIаби руго магIарул гIелмабазда гъорлъ бищунго некIсиял. Гьес гьарун рукIана магIарул ва азербайжан, магIарул ва тум, магIарул ва гуржи гьитIиналго къамусал (словарал). Гьел хIалтIаби нахъе хутIун гьечIо. КIиго ва лъабго мацIалъул лугъатал гIуцIи букIана цIакъ кIвар бугеб ва жамгIияталъе хIажатаб хIалтIи. Гьев магIарул гIалимчияс гIуцIана гIараб, парс ва турк мацIазул лугъатал. Дол соназ цIакъ машгьураб букIана гьеб хIалтIи. Щай абуни, гIараб мацI лъалел мутагIилзабазе рес кьолеб букIана ислам гIелмуялдаса, адабияталдаса пайда босизе. Гьеб буго бергьун кIудияб махщалдида ва халкъалъе гьелъул бугеб хIажалъи бихьун гьабураб хIалтIи. Долдаса нахъе магIарул рухIияб ва дунявияб адабияталъе Бакъбаккул ракьазда букIараб цебе тIураб адабияталъ кIудияб асар гьабуна. Хасаб кIвар кьолаан Дибир-къадица гIелму малъиялъул къагIидаби камил гьариялдеги. Гьесул руго лъималазе мацI малъизе хъварал хIалтIабиги: «Тибян ал-лисан ли тагIлим ас-сибян», («Лъималазе малъизе мацIалъул баян»). Гьединго: «МажмугI ал-лугъат» («МацIазул мажмугI») абураб парс ва турк словарь буго. Жиндирго хIалтIабазулъ Дибир-къадица, пуланаб мисал ва рехсараб иш, далил, хIужа босараб бакI бихьизабун (накълу), камил гьабун буго. Гьелъги батила хIалтIи ргIа-ракьанде щвараб, мухIканаб, тIад калам гьечIеб бугеб.

Цоги Дибир-къадил буго, «ТIалтIиясул насихIатал» абун гьанжесел гIалимзабаз цIар лъураб асар. (ТIалтIияв абун хъван буго Дибир-къадица жиндирго хIалтIабазда гъоркь. Гьелъул магIна буго Хунзахъ ТIалтIа авалалдаса абураб. Гьеб авалги буго ханзабиги рукIараб, росдал (хIатта Аваристаналъулго) Бол-мажгитги букIараб машгьураб бакI). Гьеб асаралда, гIумруги лъарав, дунялги бихьарав, хIалбихьиги бугев авторас гьарулел руго насихIатал иман камил гьабиялда, Аллагьасул рахIму-цIобалде хьулалда, ритIухълъиялда рукIине ккеялда хурхун. Къуръаналдаса аятал, хIадисал рачун хъварал гьесул насихIатал, бечедаб рухIияб хазиналъун лъугьана магIарулазе.

Дибир-къадил художествиял асаразда гьоркьоб хасаб бакI ккола ГIумма-хан (1761-1801с.с.) хвеялде гьабураб поэма-марсияталъ.

Гьеб марсияталда ГIумма-хан вихьизавулев вуго ритIухъав, лебалав, сахаватав чилъун. ХIатта, рагъул сапараздаги гьес низам цIуни ва зулму биччангутIиги бихьизабулеб буго. ГIумма-ханил хвел магIаруллъиялъе кIудияб ками букIанин абулеб пикру буго асаралда аслияблъун. Аваристан цолъизабун гьеб гучаб пачалихълъун гьабизе дос кьураб кIваралъеги бахъараб жигаралъеги кьун буго мустахIикъаб къимат.

МагIарул адабияталда жаниб ГIумма-ханасе сайигъат гьабураб Дибир-къадил поэма-марсият ккола тIоцебесеб рагIа-ракьанде щвараб, камилаб асар. Гьеб байбихьулеб буго ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьабиялдаса, хадуб бицунеб буго поэмаялъул багьадурасул гьунарал, гьес умматалъе гьабураб пайдаялъул, сверухъ ругел ракьазул бутIруз гьесул гьабулеб букIараб адаб-хIурматалъул, жиндирго халкъалъе гьесул букIараб бербалагьи-гурхIелалъул хIакъалъулъ:

**…..Бихьухъе тушманзаби жал гьесдаса хIинкъана,**
**КIудиял гьесул къасдал гьесул кIварлъун рукIана.**
**Чан чIухIараб ракьалде гьес гьужумал гьарурал,**
**Гьел ракьазда щулиял хьулби кигIан росарал?**
**Мулкал жидер гIатIидал, къосарал тушманзаби**
**КигIан гIемер мерхьарал гьесул аскарул чуяз?**
**Дудалъун ракI къварилъун, кIанцIизе бакI тIагIарал**
**ТIад кверлъун рекъон тезе кигIан мун къачIадарав?**

Ахиралдаги ТIадегIанав Аллагьасда гьарулеб буго авторас, мунагьал чури тIалаб гьабун ва хьулалги загьир гьарулел руго ГIумма-хан лъикIав чи вукIиналдалъун досие алжан насиблъиялда:

**….Я, дир Аллагь, мун вуго гьоболасе хIурматав,**
**Гьав нижер гьобол вуго, гурхIелалде хьул буго.**
**ГIадамазул бищунго сахаватав вукIанин,**
**Сахаватал рукIунеб алжан кье дуца гьесий.**
**БахIарчияв вукIана, гьал халкъал нугIзал руго,**
**Рокьаралгун данделъун гьенивги гьев вукIина.**

**ХIелму бугев, сабурав, нечаравги вукIана,**
**Я, тIадегIанав Аллагь, мун гурхIагиха гьесда.**
**ТIалтIияс гьаб марсият халат гьабун бицана,**
**Цебе Дудасан гьесий гIатIилъиги букIана…**

Дибир-къадил адабияб ирсалъул жанразул хал гьабидал, гьениб буго марсиятги, поэмаги, назмуги, туркиги, шигIруги. Художествиял асаразул гIемерисел гIараб мацIалда ругониги, гIажамалъ хъваралги гьезда гьоркьор ратулел руго.

Художествияб адабияталда цадахъ Дибир-къадица цебетIезабуна доб заманалда цIакъ кIвар букIараб гIажам хъвай-хъвагIай. Гьес хъвана гIемерал тIахьал. БатIи-батIияб къагIидаялъ (насх, настIаликъ, шекаст) хъварал гьесул нусхаби нахъе руго жегиги. Хвана Дибир-къади 1817-абилеб соналъ. Гьесул хоб бугеб бакI лъалеб гьечIо.

Дибир-къадил заманаялда магIарухъ гIумру гьабун вукIана машгьурав гIалимчи, лъабавго имамасул (ГъазимухIамад, ХIамзат, Шамил) мугIалим, ГьаракIуниса СагIид (1763\4-1834). ГIемерал асарал гьечIо нилъехъе щварал, амма адабияталъул кьучI лъурал асарал руго гьесул. ГьаракIуниса СагIидица живго хвелалде хъван буго:

**Метер ине къасд буго,**
**Къокъине хиял буго;**
**Доба гъелареб рекIел,**
**Анибго ургъел буго.**
**Росу тезе ккун буго,**
**Сапар гIагарлъун буго,**
**Рокьарал гъудулзаби**
**Тезе захIмалъун буго...**
**Хабалъ вугев дун пакъир**
**КигIандай къварилъила.**
**РакI гъолеб къо аниб тун,**
**Керен киндай турила.**

СагIидица тIоцебе авар адабияталда хъвана элегия «ХIамихъ магIу» абураб.

**Нижер хIама хванилан,**
**Хабар цояс бициндал,**
**БакIал гьирал гIадинал**
**Пашманлъаби рачIана.**

**Гьаб гIатIидаб дуниял,**
**Дие гьеб къварилъана.**
**Гьекъолел жал кьогIлъана,**
**Кьураб сабру бакIлъана.**

Аслияб къагIидаялда гьел шагIирзабазул асарал дидактикиял насихIатал рукIана. Дунялалъул дагьлъи ва хехго тIаса ин бихьизабулеб буго ва гьелдалъун ахираталде къачIазе ккеялде гьесизарулел руго гьез. ГIалимзабаз

шигIрабаздалъун насихIат гьабулеб букIана халкъ шаргIияб нухде ахIиялъе, гьезул кIвар буссун бугоан, гIадатал хисун, исламалъул кьучIалда гIумру гьабиялде.

ШаригIаталда данде кколарел гIадатал халкъалда жанир жеги гучалда рукIана ва, кигIан гIалимзабаз вагIзаби гьаруниги, букIине кколеб хIасил кьечIолъиялъ, гьел (гIадатал) тIагIинариялде данде ва цоги кIвар бугел гIемерал гIиллабаздалъун, гъазават лъазабуна XIX гIасруялъул авалалда магIарухъ диниял церехъабаз. ТIоцебе гIадатазда дандерахъин загьир гьабуна ГъазимухIамад имамасул нухмалъиялда гъоркь Генуб росдал жамагIаталъ. Гьез цо къоялъ гьабураб хIукмуялда рекъон, росурагIалде росун гIадатал хъварал тIахьал рухIана.

Дагъистаналъул тIоцевесев имам, ГъазимухIамад гьавуна Генуб росулъ 1794 (1795) соналда. Инсул рахъалдасан гьев кколев вуго ГIурадаса гIалим Ибрагьим-хIажиясул наслуялъул чи. ГъазимухIамадил умумузул чанго наслу букIана гIалимзабилъун. Гьесул эмен гIелму цIаларав чи вукIаниги, гьелда рекъараб гIамал гьечIев вукIун вуго. Кверда махщел бугев гьес тункIазе хъундагъал гьарулаан. ГьитIинаб мехалдасаго ГъазимухIамад цIалана кIудияв эмен ИсмагIилида цеве. Гьелдаса хадув ГъазимухIамад ана Унсоколове ГъазимухIамад абулев гIалимасда цеве цIализе. (Гьениве гьесда хадув Шамилги вачIуна). Хадур кIиялго цIалула Рихьуниса ХIажимухIамадихъ, ХIариколоса Лачиниласухъ, ГIоротIаса ХIажиясухъ, ГьаракIуниса СагIидихъ ва гь.ц. Кинабниги анцIила кIиго соналъ цIалана гьев кIиявго ва гъваридаб лъай щун буго исламиял гIелмабазул. Гьев цIалун вуго Генув, Хъаранив, Унсоколов, ЧIикIав, Индиралда, Таргъуялда, ГьаракIунив ва цоги росабалъ.

ГьитIинго гIелмуялда гIамал рекъарав, шаргIалъ малъухье хьвадулев ГъазимухIамадие инсул пишаги рекIее гIолароан. Инсуца жиндирго рагIи гIадахъ босичIеб мехалъ, ГъазимухIамад тIокIав эв вихьулеб бакIалде вачIинарилан, гьедун, росулъа къватIиве уна, гIелму цIализе нияталда. Амма, кватIичIого эмен хванилан хабарги бачIун нахъвуссуна ва эменги вукъун анкьго къоялъ хабада Къуръанги цIалун, цIидасанги цIализе уна. Бицен буго, гьесул эмен хвелалде цеве, гIагарлъиги бакIарун, тавбуги гьабун, рузман сордоялъ накълулъанилан. Цо заманалъ гIелму цIалиги жибго тун, ГъазимухIамад инсуца малъун букIараб хъундагъал гьариялде вуссун, росулъго чIола. Гьеб мехалъ эбелалъ гьесде гIайиб гьабула, гIелму цIали гьоркьоб къотIизе тунилан. ЦIидасан къватIиве вахъуна ГъазимухIамад гIелму тIалаб гьабун. МагIаруллъиялда щив гIалим вугилан рагIаниги гьесда цеве ун цIалулааан ГъазимухIамад. Бицен буго ЧIикIав цIалун вахъиндал гьесда гьарулеб букIанила дарсал кьун гъоваго чIаян. ГъазимухIамадил гIелму-лъаялъул хIакъалъулъ доб мехалда магIарухъго цIар ун букIана. ГIумру лъебериде бахиналде ГъазимухIамадида жо малъулев гIалим хутIун вукIинчIо магIарухъ. ГIемерал биценал руго гьесул хIакъалъулъ ГьаракIуниса СагIидихъ цIалулаго. СагIид вукIана доб мехалъ бищунго цевetIурав гIалимчи. Гьесухье тIолго Дагъистаналдасаго рачIунаан цIализе мутагIилзаби. РукIинисел имамзаби ГъазимухIамад, ХIамзат, Шамил, Ярагъиялдаса МухIамад-апанди, Игьалиса СагIид, Къарахъа МухIамад ТIагьир, Гьолокьа Дайитбег, Хваршиса Загъалав, Эндиреялдаса Ташав-хIажи, Хунзахъа НурмухIамад-къади, Гъазанущиса ГIабдурахIаман ва

жеги цогидалги гIемерал жидеца гIелму тIибитIиялъеги гъазаваталъеги нахъа бергьараб кумек гьабизе бугел гIалимзаби. ГъазимухIамад цIалулеб заманалда, гьесде цIикIкIун кIвар кьолеб букIун буго СагIидица. Гьелъ цо-цо мутагIилзаби рази гьечIогоги рукIунаанила, жидее дарс цIализе щолеб гьечIилан. Гьеб мехалъ СагIид мукIурлъун вуго, ГъазимухIамад дарс цIализеян жиндихъеги вачIун, жиндие эбги цIалун анин абун. Киве аниги, ГъазимухIамадица жиндирго гIелму бахчун гурого, цIалараб жо загьир гьабун гьечIо. Лъица гьикъаниги, абулеб букIун буго «Жами» абулеб грамматикаялъул тIехь цIалулев вугилан.

ЦIалун хадув ГъазимухIамад вахъуна къвакIун шаригIат ккурав, амру-нагью гьабиялда тIадчIарав, бечедав-мискинав, залимав-загIипав ватIа гьавичIого киназдаго рекъараб насихIат гьабулев гIалимлъун. Гьебго заманалда Дагъистаналда загьирлъула накъшубандияб тIарикъаталъул устар Ярагъиялдаса МухIамад-апанди ва гьес ижаза кьурав Гъазигъумекиса Жамалудин. ГъазимухIамад цин Жамалудин устарасухъе уна, хадувго – Ярагъиясухъеги. Гьес ГъазимухIамад лъабго къоялъ жиндирго рокъовги тун, тIарикъатги малъун витIула нахъе. Гьелдаса хадуб ГъазимухIамад гIезегIан мехалъ халваталда чIола. Гьев, Шамилги цадахъ вачун, росдадаса рикIкIада бугеб «Ракъдал кIкIал» абулеб бакIалде ун, хIужрарукъзалги гьарун, жанив чIола халваталда, цIализе тIахьалги цадахъ росун. Гьенир жанир гьел рукIаго, гьезухъе зияраталъ рачIуна Ярагъиявги Жамалудин-устарги. Гьелдаса хадув ГъазимухIамадица байбихьана, росабалъ шаригIат лъун, гIадатал хвезариялде. ТIоцебе жиндирго Генуб росулъ лъуна гьес шаригIат. Кинниги вагIза-хабаралдалъун иш билълъанхъулареблъи бичIчIун, гъазаваталъул хвалчен борхизе ккана шаригIат лъеялъе гIоло. 1828 соналъул хасалихъе Ярагъиялда МухIамад– апандияс мажлис гIуцIана ва лъазе гьабуна гъазават. Ярагъияс киналго эркенал жамагIатазда, росдал церехъабазда ва къадизабазда лъазе гьабуна гъазаваталъул байрахъ ГъазимухIамадица борхулеб бугеблъи ва гьебго мажлисалда гьев Имамлъунги лъазе гьавуна. Халкъалда гьоркьоб тIибитIана имам вахъиналъул хIакъалъулъ хабар ва цо-цо росабалъа вакилзаби рачIун, гьениб шаригIат лъезе ГъазимухIамадилгун къотIи гьабуна. Кин бугониги, дандечIаралги камулел рукIинчIо. ГъазимухIамадица росабалъ шаригIат лъелалде цебе, хъван, цадахъ босун букIана «ГIадатазул бетIергьаби исламалдаса рахъун ккеялъе къуватаб хIужа» абураб гьитIинабго мажмугI. Гьеб тIехь хъвазе ГъазимухIамад уна Бузнаб абулеб бакIалде, цадахъ эбелалъул вацгIалги вачун, гIемерал тIахьалги росун, жинцаго хъвалебщинаб жоялъе далилал рехсезе гIоло. Гьеб тIехьалъул авалалда лъуна гьаб назмуги (къокъ гьабун лъолеб буго):

**Иблисалъе как балел гIусатазул цо къукъа**
**ГIадатазул къанунал къвалакъе ккун чIун руго,**
**Къо бачIина, Аллагьас, МухIамадги иблисги**
**МахIшаралдеги ахIун, эзул диван гьабулеб.**

Имам вукIана назму-вагIзаялъе пасахIатав чи. Гьаб назмуялдаса бихьулеб буго кигIан махщалида гьес шигIрияб коцониб гIелмияб вагIза рекъезабун бугебалиги. Гьединаб баянги кьолаго, ГъазимухIамадица байбихьана

халкъ шаригIаталде ахIизе. Амма бакIазда ругел тIадчагIазе рекIее гIолеб букIинчIо цIияб низам ва байбихьана жеги лъебергогIан соналъ халатбахъараб Пачаясулаб Россиялъулгун рагъ. ГIалимзабаз бихьизабулеб буго гъазаваталъул соназда Дагъистаналда гIелмуялде кIудияб кIвар кьолеб букIанин ва киса-кибего мадрасаби хIалтIулел рукIанин. Гьеб букIана Аллагьасе гIоло байбихьараб ва дин тIибитIиялъул нияталда гьабураб хIалтIул хIасил. Кин бугониги, диналда дандечIей лъугIичIо, жакъа къоялъги (киналго ихтиярал кьун ругин таниги) бихьулебги буго.

ГъазимухIамад-имамас байбихьараб гъазаваталъ магIарул адабияталдаги цIияб гьумер рагьана – гIелмиял темаби, пикраби шигIрияб къагIидаялда загьир гьабизе лъугьана. Кинаб бугониги шаргIияб хIукмуги гIалимас назмуялдалъун баян гьабуна. Гьединго Кавказалъул рагъул соназдаги гьеб лъугIун хадубги магIарухъ тIоритIун рачIана гъазваталъул хIакъалъулъ назмабиги. Аслияб куцалда гьел рукIана зулмуялъул, имамасул ва муридзабазул бахIарчилъиялъул, къо хIехьеялъул, бусурбабазул иманалъул къвакIиялъул хIакъалъулъ хъварал. Камулел рукIинчIо имам какулелги гIадамал. Яхсаялдаса Юсупица хъван букIана Шамилил хIаракатчилъи какулеб назму. Гьелда данде Къарахъа МухIамад-ТIагьирица хъвана щибаб калимаялде данде шаргIияб хIукмуги рехсараб жаваб-назму.

**ЮсупхIажи:**
Шамилил бахIарчилъи, мухIур лъугьун, тIагIана,
ТIолгояз имамилан эсда цIар чIвананиги.

**МухIамадтIагьир:**
Шамилил бахIарчилъи байрахълъун парпадана,
Гьединин имамилан эсда халкъалъ цIар чIвараб.

Къарахъа МухIммад-ТIагьир вукIана ичIго соналъ имам Шамилие мирзалъун хъулухъ гьабурав гIалим. Кавказалъул рагъазул хIакъалъулъ кодоре щварал асаразул бищун камилаб ва мухIканаб буго Къарахъиясул «Барикъату суюф аль жабалийа фи багIд аль гъазават аш-Шамилийа» абураб тIехь. Гьеб гуребги чанги шаригIаталъул баянал кьурал тIахьал хъвана Къарахъияс.

ХIуригат бахъилелде магIарухъ гIараб мацIалда тIиритIун рукIана киналго гIелмаби: философия, адабият (поэзия), мантIикъ (логика) ва цогидалги. ГьелъиеI нугIлъи гьабула, магIарул адабияталъул халгьабулаго, гьениб гIараб мацIалда хъвараб адабияталъ гIезегIан бакI кквеялъги. ГIараб мацIалда жидерго асарал нахъе тана ГIурадаса МуртазагIалица (хв 1865с.), Къарахъа МухIамад-ТIагьирица (1812-1882), Сугъралъа ХIажи-МухIамадица (1821-1870), ХIоцоса Нажмудиница (1860-1925), Аргъваниса Пахрудиница (1867-1930), ЧIикIаса ХIамзат-хIажица (хв.192?) ва цогидазги. Гьединго магIарул ва гIараб мацIалда асарал хъвана: Багинуса ШугIайб-апандияс, КъахIиса ХIасан-апандияс ГIасаса Дибирасул МухIамадица ва цогидазги. МагIарул мацIалда асарал нахъе тана гIемерал гIалимзабаз. Диниял аслабазул мажмугIалги назмияб къагIидаялда хъвана гIалимзабаз.

ТIоцересел асарал цIалидал, гьел ратула киналго гIадин диналъул аслаби лъазариялде, гIадамасул хасият лъикIлъизабиялде, ай Къуръан

– хIадисалдаса ва свалат салам лъеяв Аварагасул гIумруялдаса росарал темабаздасан хъварал. Гьезда гьоркьор руго: ЧIохъа ГIабдулагь-хIажиясул «Уммул баян», ГIободаса Сиражудинил «Бустан Аваристан», Гьигьалъа ХIусайниясул «Манзумат» (назмаби), КIудияб мавлид ва цогидалги. Гьединаб адабият гIарабазда гьоркьобги машгьураб буго.

Дагь-дагькккун гIатIилъана «рухIияб» абун цIар тараб адабияталъул тематика. XVIII гIасруялда раккана тарихиял темабазда хъварал асарал. Хунзахъа Дибир-къадица (1742-1817) хъвана «ГIумма-ханиде» абураб поэма, Миякьоса ГIумар-хIажияс (1849-1921) «Аварагзабазул къисаби», Инхоса ГIали-хIажияс «Макка бахъи», «Дагъистаналъул бахIарзазде» абурал поэмаби. Гьединго магIарул эпикияб поэзия гIуцIиялъулъ кIвар бугеб бакI ккола Хьаргабиса МухIамад Бегица (Бегилас), (1840-1912) ва гьесул хъвадарухъанлъиялъ.

Хъварал асарал тIиритIиялъе бищунго захIматаб суал букIана кагъат къанагIаб заман букIин ва щибаб тIехь кквералъ хъвазе ккей. Гьедин бугониги, гIалимзабаз назмияб рахъалде цIакъ кIвар кьолеб букIана, ва гьез исламалъул кьучIалда гIуцIана гIараб ва магIарул мацIазда адабият. Халкъалда гьоркьоб адабият тIибитIиялъе ва цебетIеялъе бищун кIвар бугеблъун букIана гIажам алип гIуцIи. ГIажам хъвай-хъвагIаялъул кумекалдалъун, нахъе цIунизе бигьалъана ва халкъалда гьоркьор машгьурлъана миллиял авторазул асарал. Профессор С. ХIайбуллаевас хъвалеб буго, магIарул адабияталъул халгьабуни, гьеб XVII гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялдаса жакъа къоялде щвезегIан цебетIолеб бугила гьоркьоса къотIичIого. Гьоркьохъел гIасрабазул машгьурал гIалимзаби ГIободаса ШагIбан-къадица, ГIаймакиса Абубакарица, Кудалиса ХIасаница, Хунзахъа Дибир-къадица гIажамалъе кьучI лъуна ва хадусел гIарсабазда гIажам алип хIалтIизабулеб букIана. ГIажам баккиялъул хIакъалъулъ, машгьурав гIалим – тарихчи М.С. СагIидовас хъвалеб буго: ТIоцебе магIарул рагIаби хIалтIизарун ГIандиса ГIали-Мирзаца (гьавуна 1442\3) 1485 соналъ хъвараб ГIандуникI нуцалил васияталда анцIила анлъго рагIи магIарул мацIалда бугилан. Гьесдаса хадуб ХIарахьиса ТIайгибица (1563-1668) дагьабги камил гьабунила гIажам алипба. Бищунго гIемер хIалтIи гIажам камил гьабиялъе, гьес бихьизабухъе, гьабун буго Хунзахъа Дибир-къадица (1742-1817): «…Гьес гIажам алип камил гьабуна гьаркьилал хIарпазе хIаракаби лъун цIалулеб хIалалда. Дибир-къадица камил гьабураб гIажамалдаса магIарулаз, кIудияб хиса-басиго гьабичIого, пайда босана хIуригатги бахъун замана хисизегIан. Имаматалъул заманалъ абуни «лълъ» гьаракь бихьизабулеб хIарп тIаде жубана. Дибир-къадица гьеб хIарп цо къагIидаялда хъван гьечIоан. Гьеб хъвай-хъвагIаялда тIад хIалтIизе хасаб комиссия бихьизабун букIана имамас. Гьел руго Шамилил мугIалим ХIариколоса Лаченилав, КIулзебалдаса ГIали ва цогидалги… XX абилеб гIасруялъул авалалда гIажамалъ цIакъ гIемерал тIахьал рахъана Темир-Хан Шура М-М. Мавраевасул басмаханаялда. ГIемерисел гьел тIахьал рукIана диналъул темаялда хъварал. 1902 абилеб соналъ Истамбулалда басмаялда бахъун букIана МухIамад Аварагасул (с.гI.в.с.) гIумруялъул хIакъалъулъ бицунеб гьитIинабго тIехь. Гьеб хъван букIана Миякьоса ГIадул вас ГIумарица.

Гьединлъидал нилъеда чIезабизе кIола Дибир-къадица бахъараб гIажам алиф магIарулазул миллияб хъвай-хъвагIай букIин». Филологиял гIелмабазул

доктор Чакар Юсуповалъ хъвалеб буго: «АнцI-анцI соназ Дагъистаналъул гIалимзабазул чанго кьер цIикIкIараб хIаракатчилъигун хIалтIана нилъерго миллияб хъвай-хъвагIай гIуцIиялда тIад. Гьеб гIуцIун хадуб Дагъистаналъул адабият, хасго байбихьуда щулаго бухьараблъун лъугьана рухIанияб, динияб гIумруялда. Гьезулъ загьирлъана хадуб гIараб мацIалда ва миллиял мацIазда гIуцIараб динияб поэзиялъулъ щулалъарал пикрабиги, масъалабиги. Гьеб поэзиялъул аслу-кьучIлъун, байбихьи-аваллъун лъугьана Къуръаналдасаги ва цогидал хириял тIахьаздасаги миллиял мацIазде руссинарун бигьаго бичIчIуледухъ кьурал асарал». ГIажам бахъи букIана магIарухъ бищунго цIакъ ислам дин щула гьабиялъе ккараб кумек. Гьеб алипалда хъвазе байбихьана тIахьал, вагIзаби, гьездаго цадахъ тIиритIана шигIраби, мавлидал, туркаби ва марсиятал. ГIалимзабаз гьеб рахъалде кIвар кьеялъе гIилла букIана пасахIатаб калам, бегIераб ва гIужилаб рагIи асар гьабулеблъун букIин.

Диниял асарал абун гIемер соназ цIализе гьукъун рукIаниги, Инхоса ГIали-хIажиясулги, Миякьоса ГIумар-хIажилги ва цогидазулги асарал машгьурал рукIана халкъалда гьоркьор. Масала, ГIали-хIажияс динияб адабияталда цIияб рухI лъун, гьеб цебетIеялъе цIиял нухал рагьана, ругел гIатIид гьаруна. ГIали-хIажияс кьучI лъуна мавлидал хъваялъул хасаб къагIидаялъе: “Жеги магIарул адабияталда лъалеб букIинчIеб анцIила ункъо яги анцIила анлъго гьижа бугел мухъаздалъун назму хъвай, гьелъ рес кьуна гIодоб биччан, тIадагьго, гIенеккулезда бицунеб хабар бичIчIиялъе”. МагIарул мацIалда ругьунал алпазал, дандекквеял, машгьурал фразеологизмал хIалтIизаруна ГIали-хIажияс жиндирго мавлидазулъ свалат салам лъеяв МухIамад аварагасул сипат гьабулаго. Гьелъ рес кьуна халкъалда Расуласул сипат бичIчIиялъе ва ракIалда чIеялъе. Гьес хъвана къокъал, ахIизе бигьаял мавлидал. МагIарул адабияталъул классик шагIир, гIалимчи, исламалъул аслияб, бищун кIвар бугеб тIалаб – дагIват гьаби жиндир тIолго гIумрудул магIналъун гьабурав ГIали-хIажил асарал руго щибаб заманалда рекъарал, щибаб мехалъе данде ккарал, гIасраби аниги, басралъи гьечIел. Камилаб магIарул мацI, гIакъилаб рагIи, гIужилаб мисал, исламалъул кьучI – кинабго махщалида данде бачун буго ГIали-хIажияс жиндирго асаразда. Гьелъин гьев магIарул шагIирзабазул хадусел наслабазе мисаллъун вугев. Гьес церетIезаруна адабияталъул батIи-батIиял жанрал: назму, иллагьияб шигIру, сатира, юмор, элегия, алпазал ва гьел гурел цогидалги. ГIали-хIажиясул асараз кумек гьабула исламалъул тарих, свалат салам лъеяв Аварагасул гIумру лъазе. Гьесул «Макка бахъи» абураб поэма буго гIарабазул ракьалда ислам тIибитIи, рагъуе хIадурлъи, свалат салам лъеяв Аварагасул хIалимлъи, сабру, нич – кинабго баян гьабун хъвараб пасихIаб асар. Гьединго ГIали-хIажиясул поэзиялъулъ бищунго кIвар бугеб бакI ккола напсалдехун, гьабулеб вагIза-хитIабаз, инсанасул рухIияб рахъ цебетIеялде кантIизарулел назмабаз.

Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас хъвалеб буго: «АнцIила ичIабилеб гIасруялъул кIиабилеб бащалъи Инхоса ГIали-хIажиясул гьунаралъул бакъалъ къалъизабураб, «гIакълудул ралъадалъ» бечед гьабураб, рокьул шигIрабаз пана гьабураб, сатираялъул кучIдуз кантIизабураб, насихIатиял назмабаз заман рагьараб, кицабиял алпазаз

даимлъи кьураб буго магIарул адабияталъе», – абун. ГIали-хIажиясул заманалда рухIияб адабият цебетIезабурал шагIирзаби ккола Гиничукьа ХIайдарбег (1829-1873), ЧIохъа ГIабдуллагь-хIажияв (хв.194?), Багинуса ШугIайб-апанди (хв. 1909с.), ГIалахъа ХIажи ХIусен (1843-1916) ва цогидалги. ГIали-хIажиясдаса хадур рахъарал рухIияб темаялда хъвадарарал шагIирзаби цIакъ гIемер руго. Гьесдаса хадуб цIияб хIухьел чIвараб гIадин чIаголъун, цебетIун бачIана магIарул динияб ва дунявияб адабият. Гьениб хасаб бакI ккола Миякьоса ГIумар-хIажи Зияуддиница. Жиндир гIемерисеб гIумру ГIусманияб пачалихъалда тIобитIарав гьев гIалим ва шайих рахьдал мацIалда хъвадарана ва Эдирнеялда, Истамбулалда, Темир-Хан Шураб Мавраевасул басмаханаялда, тIахьал риччан, магIарулазухъе щвезаруна. ГIумар-хIажил гIумруялъул ва динияб хIаракаталъул бицунаго, МуртазагIалиевас хъвалеб буго, гьес нахъе танила гIараб ва турк мацIазда хъварал камилал гIелмиял асаралги магIарул мацIалда хъварал пасихIал, магIна гъваридал, исламияб динал де халкъалъул ракI базабулел мавлидалги туркабиги.

Гьединго ГIумар-хIажил буго «Къисас ан-набия» (Аварагзабазул къисаби) абураб тIоцебе магIарул мацIалда хъвараб эпикияб асар. ГIумар-хIажиясул ирсалъул халгьабидал гьенир гIицIго диниял асарал гурони ратулел гьечIо. Гьелъулъ буго гьесул Инхоса ГIали- хIажиясдаса батIалъиги. ГIали-хIажи адабияталъул классиклъун вуго, Миякьоса ГIумар-хIажи абуни динияб адабияталъул классиклъун рикIкIине бегьила.

XX гIасруялъул авалалда магIарул адабияталда загьирлъана цIиял цIарал, жидер рухIияб ирс халкъалъе хазиналъун бугел. Темир-Хан Шураб М.М. Мавраевасул басмаханаялда къватIире риччарал тIахьаз нилъее машгьур гьавуна ГIободаса Сиражудин (1868-1914). Гьесул адабияб ирс батIи-батIиял жанрал хасиятал руго. Жанралъул рахъалъ «ХIосен чIваялъул турки» буго эпикияб поэма, мухIканго, свалат салам лъеяв, Аварагасул ясалъул вас чIваялъул хIужа рагьулеб. Гьесул «Бустан Авaристан» (Аваристаналъул ах) абураб диналъул аслаби баян гьарулеб тIехь гIемерисеб шигIрияб къагIидаялда хъвараб буго. Гьединго тIарикъаталъул адабал баян гьарулеб КъахIиса ХIасан-апандиясул «Хуласатул адаб» абураб тIехьги буго жинда жаниб адабалъул малъа-хъваял ругеб, гIемерав чиясе пайда щвараб, тIубанго шигIрияб къагIидаялда хъвараб. Гьелго соназ Мавраевасул басмаханаялда хIалтIарав катиб, гIалим Шуланиса ИсмагIилилги (1865-1930) буго бечедаб рухIияб ирс нахъе цIунун. Масала, «Аллагьасул парзалъе кIарчанлъун гIумру арав», «Адабул хIукму» ва цогидалги асарал насихIат гIадин къабул гьарула цIалдолез.

Гьидалъа Удурат (1850-1921) гIалим, шагIир, вагIиз машгьурлъана жиндирго, ай мухъазул ахиралда цого рагIи такрарлъулел насихIатаздалъун:

**Дуниял сапар буго, гIибадат базар буго,**
**СагIадат тIокIлъи буго, тIалаб гьечIого буго.**
**ВатIан ахират буго, тIагIат хазина буго.**
**Г l амал ккурасе жаза, Жаннатул Пирдавс буго.**

**Г Iадан, дунял, дирго черх, хадуб шайтIанги буго.**
**Дин гьабизе гьукъулеб, ункъо тушманги буго.**
**Гьабураб гIамал холеб гIужбугин рияъ буго,**
**Г Iамалго гьабичIого, гъаплаталда черх буго.**

Гьаб къагIида хIалтIизабиялъ туркиялъулъ пасихIлъиялъулги рекIел хIалалъулги асар цIикIкIинабулеб буго. Удуратица нахъе тана рухIияб темаялда хъварал гIемерал туркаби.

Гьигьалъа ГъазимухIамадил вас МухIамад ХIусайнияс (1835-1935) бечед гьабуна магIарул адабият, поэзиялъул ва прозаялъул жанразда хъварал асараздалъун. Гьес хъвана жакъа къоялъги халкъалда гьоркьор машгьурал мавлидалги назмабиги. Аварагасул гIумру баян гьабураб «Къалаиду жавагьир…» абураб эпикияб асар нахъе тана Багинуса ШугIайб апандияс (хв. I909 с.). Аварагасул гIумру баян гьабулел асаразда гьоркьоб гьеб поэма рикIкIуна Расуласул гIумру лъазабиялъе бищунго камилаблъунги мухIканаблъунги.

РухIияб адабият цебетIеялъе квербакъарал киналго гIалимзаби шагIирзабилъун ратулел руго цо-цониги назму, турки камулеб гьечIо гьезул гьунаралъулъ. Гьанир нилъеца рехсана гьезул цIикIкIун ирс нахъе таразул цIарал. БитIун тIахьал басмаялда рахъизеги асарал хъваялъе санагIалъабиги ккараб XX гIасруялъул авалалда Дагъистаналда ккана кIудияб хиса-баси, ай тIолго Россиялъул империялдаго ккараб 1917 соналъул Октябралъулаб инкъилаб. Гьелъ халкъалъул гIумру кьучIдасанго хисана ва байбихьана рухIияб (динияб) рахъалде мугъ рехараб, батIияб тарих.

*МухIамадрасул ГIУМАРОВ.*
*ДНЦялъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул соискатель.*

# ХIажи ГIарипов гьавуралдаса - 90 сон

## ДОВ ВУКIАНА ХЪВАДАРУХЪАН

Цо-цо чи вукIуна цевеса араб мехалда гIадан жиндихъ чIалгIунев, цо хабаралъе аскIове щвезе бокьилаанин кколев. Нилъер аварагасул хIадис буго «ГIадамазул бищун лъикIав ккола жиндир гIумру халалъарав, гIамал-тIабигIатги берцинав чи» абураб. Гьединав чи вукIана Шамил районалъул КъахIиб росулъа ГIарипов ХIажи ХIажиевич.

Жиндир гIумру дагьаб халат гьабеян Аллагьасда гьаризе бегьулеб букIарабаниги, лъица гьараниги ва гьелъие гьев мустахIикъав вукIаниги, гьес гьеб гьаризе букIинчIо: гьесул намусалъ гьеб биччазе букIинчIо. ГIарипов ХIажил гIамал-тIабигIат берцинабги гьайбатабги букIана. Лъабкъого сон байгун, «БагIараб байрахъ» газеталъул бетIерав редакторлъиялдаса гьев ун вукIана Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул пресс–хъулухъалъул нухмалъулевлъун. Чанго соналъ гьенивги хIалтIун хIохьбахъиялде ун вукIана. ГIемераб заманго ун букIинчIо, дихъе гьев рокъове кIалъана ва гьикъана:



– ГIалица абулеб буго редакциялде, заместительлъун хIалтIизе, тIадвуссаян. Щибдай гьабила?

– Метерго вачIа, – ян абуна дица.

– Намуслъулев вуго. Редакциялъул хIалтIухъабазда ккелагурищ гьанжеги гьав херав чи щиб къваригIун вачIараван? – ан жиндирго щакдари загьир гьабуна ХIажица.

– Мун мекъав вуго, – ян абуна дица, – гьелъул гIаксалда дур хIалбихьиги, лъайги, гIакълуги редакторасеги редакциялъул киналго хIалтIухъабазеги цIакъ хIажат буго.

ХIажи газетаялъул редакциялде тIадвуссана ва гьелдалъун тIолабго коллектив гьесдаса бохана.

Гьев вукIана гъваридаб лъаялъул, къокъаб, амма гъваридаб каламалъул, гIакъилав инсан. Я хIалтIулъ, я щивгIаги чиясда аскIоб жинде кинагIаги гIайиб ккезе биччангутIизе яхI бахъулаан гьес. Гьеб букIана гьесул кIудияб бахIарчилъи. Гьев вукIана росулъ хIурмат гьабулеб тухумалъул, Аллагьасул вокьулев лагъ. Гьедин батизеги ккола, къисматалъ ХIажи къварид гьавичIо: цIакъ кIудияб хъулухъалде ккечIониги – масала, республикаялъул бетIерлъун – лъикIал ишазда вукIана. Гьев вукIана журналистлъун вукIине вижарав чи. Гьединлъидал, гIицIго гьединлъидал батизе ккола гьес партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарасул, партиялъул МахIачхъала шагьаралъул

комитеталъул пропагандаялъул ва агитациялъул отделалъул заведующиясул хъулухъалдаса инкар гьабураб. Гьел хъулухъалин абуни кколаан кIудияб хIакимлъиялде болъо.

ЗахIматалъулаб гIумруялде ГIариповас байбихьана цIакъго гьитIинго. Росдал гьоркьохъеб школалда цIалулев ичIабилеб классалъул цIалдохъан гьев вачана районалъул «ЦIияб канлъи» газеталъул жавабияв секретарлъун хIалтIизе. ЛъугIизабуна Ленинградалъул ТIадегIанаб партиялъулаб школалъул журналистазул факультет.

ЦIалиги лъугIун, Дагъистаналде тIадвуссингун, ГIарипов ХIажил ракI гIодобе биччана гьитIинго букIараб анищ тIубанин, профессионалияв журналист вахъанилан. «Амма, – ян пикру гьабула гьес, – дипломалъ дун журналистлъун гьавуларо, дун гьелъие мустахIикълъизе ккола». Гьевин абуни, цебехун абухъе, гIайиб ккезе чIолев чи вукIинчIо, чIезеги чIечIо.

ХIажи хIалтIизе лъугьана «Комсомолец Дагестана» газеталъул отделалъул заведующийлъун ва хехго тIамула гьелъул редакторлъун. Гьениса гьев вачуна ДАССРалъул Министрзабазул советалъул телевидениялъул ва радиовещаниялъул Пачалихъалъулаб комитеталъул председателасул заместительлъун.

Жеги «Комсомолец Дагестана» газеталда хIалтIулаго ХIажица хъвана диссертация. Гьелъ гьесулъ жеги гIатIилъизе, щулалъизе ва ракIчIараблъун гьабуна гIумруялде бербалагьи, борхизабуна гьесул интеллигентлъиялъулаб даража, ракьалда инсанасулаб даража, гIелмуялде нух.

Амма ГIарипов ХIажи журналисттасулаб ишалъе хилиплъичIо.

КIудияб махщелалъул, кIудияб гьунаралъул журналист, гIуцIарухъан хIисабалда живго вихьизавизе гьесие гIатIидго рес щвана, гьелде щвезегIан гьес кIиго-лъабго документалиялгун художествиял тIахьал хъван рукIаниги, республикаялъул «БагIараб байрахъ» (хадуса «ХIакъикъат») газеталъул бетIерав редакторлъун ккаралдаса.

Гьес газеталъул редакциялъул хIалтIиги жибго газетаги, «кьолболъангоян» абухъе хисизаруна. Газеталдаса лъугIизаруна магIна гурел, хIасил гурел



**ХIажи ГIариповги ГIабдулмажид Хачаловги**

халатал, чIамучIал макъалаби. Гьеб редакторасе бигьаго букIинчIо. Гьединал макъалаби гьезул авторазухъе, цо нухалда гурел, кIиго ва жеги лъабго нухалдаги тIадруссинарулаан «цоги нухалда цIале», «кIвар кьун цIалеянги» абун. Газеталда рахъизе байбихьана цIалдолезе хIажатал темабазда берцинго хъварал, гъираялда цIалулел ва жидеда тIасан цIалдолезул бахIс кколелги макъалби; цIикIкIана росабалъа хъвадарулезул къадар.

ГIариповасе битIккана. Коммунистазул партиялъул гIумруялъулал ахирал соназдасан байбихьун хъвадарулел чагIазе ихтияр щвана халкъалъул тарихалъул, тIаде нуцIаги рагьун, хъахIалде хIахIабин, чIегIералде чIегIерабинги абун, хIинкъичIого, къуличIого бицине. Масала, газеталъул редакторасе рес щвана, гъуждулги дагьалго кьура-къулизарун, вагъа-вашарун, цевегIан къазе. ХIажица, гIор щвадго цIул бахъеян абухъе, гьеб ресалдаса хехго пайда босана. Газеталъул хисана цIар, формат, куц. Гьеб лъугьана кодоб кквезеги, цIализеги, нахъе цIунизеги санагIатаблъун, берцинаблъунги.



***КвегIиса квараниде:*** **цебесеб кьерда лъабабилев ХIажи ГIарипов**

Киндай газета лъикIлъизабила, киндай газеталъул тираж цIикIкIинаби-лаян кидаго ургъулев вукIарав редакторасда ракIалде ккола щибаб анкьи-анкьи, кIи-кIи номерги цолъизабун, «Шамат къоялъул» номер биччазе ва гьелда «хIажатаб калам» абураб рубрикаги рагьизе. Гьеб букIана жиндир рагIул къимат гьабулев ГIарипов ХIажие кIудияб жавабчилъиялъулаб ва захIматаб иш. Гьес лъагIалил ахиралда газеталда бахъана «КIолищ нилъеда газета гьабизе?» абураб программаялъулаб макъала. Гьеб букIана цIияб со-налдаса хадуб редакция хIалтIизе бугеб куцалъул бицунеб гуребги, кинал-гIаги газетазул хIалтIухъабазеги дарслъун кколеб кIудияб хIалбихьи бугев журналистасул малъа-хъвай. Авторас суал лъолеб букIана; «КIвезе бугебищ журналистазул коллективалда гьедин хIалтIизе ва шамат къоялъул номерал риччазе?» Гьес жиндицаго жавабги кьолеб букIана «руго», – ян.

КIвана. «Шамат къоялъул» номерал лъугьана жал щвеялъухъ цIалдолел ралагьун чIолеллъун, цIализе гъира бугеллъун. Гьелъул хIасилалда авторас бицен гьабулеб цIияб соналда газеталъул тираж бахана кIикъоазаргоялде!

ГIарипов ХIажил бицунелъул цебе рехун бачIуна цоги хIужа. Щвараб ресалдаса пайдаги босун, МахIачхъалаялда имам Шамилие памятник лъезе

хIажат букIиналъул суал борхана ГIариповас. Республикаялъулаб газеталъул редактор хIисабалдаги, машгъурав журналист хIисабалдаги, Дагъистан хирияв гьелъул гражданин хIисабалдаги, гьес кIудияб хIаракатчилъи бихьизабуна гьеб ишалъе; гIуцIана газеталдасан бахIсал, гара-чIвариял, «гургинал столал», гIалимзабазул церерахъинал. Анкьи-анкьие газеталдасан халкъалда лъазабулеб букIана Шамилие памятникалъе бакIарулеб гIарац кигIан гIун бугебали.

ГIарипов ХIажи вукIинчIо политикаялда гьоркьове лъугьунев, гIадамазул пикру хIабургъинабулев хIаракатчи. Амма, балъго лъалев чиясда гIадин, гьесда лъалаан Дагъистаналда ва жеги Россиялдагоги ккезехъинесел кIвар бугел лъикIал гурел лъугьа-бахъинал, лъалаан, халкъазда гьоркьосел лъугьа-бахъиназул бицунеб хIикматаб алат гьесда кодоб букIараб гIадин. Гьес «БагIараб байрахъ», «ХIакъикъат», «Дагестанская правда», «Панорама Дагестана», «Махачкалинские известия» ва цогидалги газетазул гьурмаздасан, хIужабаздалъун щула гьарурал мисалалги рехсон, ахIи бана Дагъистаналда миллатчилъиялъулал рикьалаби лъугьиналда хIинкъи бугилан; Россиялда «чачаназулаб» рагъ ккеялда хIинкъи бугин, гьелъул цIа нилъер ракьалдеги щвезе бегьулилан. Гьебни щиб, халкъазда гьоркьосев политикияв оборевателас гIадаб кIвар кьолаан гьес къватIисел пачалихъазда кколел лъугьа-бахъиназдеги. Гьезулъ гьесда батулаан нилъер ватIаналдехун цо кинаб бугониги лъикIаб гуреб бухьен, макру.

Гьесул макъалаби рукIунаан кIвар бугел, заманаялъ тIалаб гьабулел темабазда хъварал гурелги, гьираялда цIалулел, рекIее асар гьабулел, рекIелъан риччан, рекIелъ къалам ччун хъварал. Гьес хъвалеб буго: «… хIасраталъ, тIадегIанаб жавабчилъиялъ течIого, цогидазе дагъабниги асар гьаби мурадалда макъалаби хъвалесда кIола гIадамазул пикру жиндехунго буссинабизе», – ян.

Ахираб заманалда гьесул батIаго цIакъ рахIат хвезабулеб букIана хIажат гьечIел рагъазги хIалуцараб ахIвал-хIалалъги, рачун унел лъикIаздаса лъикIал, гьайбатал гIолохъабазул – Дагъистаналъул васазул къисматалъги. Гьезул хIакъалъулъ хъварал гьесул очеркалги публицистикаялъулал макъалабиги релълъуна художествиял асаразда.

Афгъанистаналда чIварал Дагъистаналъул киналго васазул хIакъалъулъ баянал ракIари ва гьезул хIакъалъулъ тIахьал хъвай – цохIо гьеб хIалтIицин букIана кIудияб бахIарчилъи. Гьелъие гьес кьураб кIудияб захIмат, сардалгун къоял – гьеб цоги чиясда лъалароан. Гьесул вас Афгъанистаналда вагъулев вукIин цо гьесда гурони лъалароан. Лъади гуккизе, рекIелъ къалареб гьереси гьелъие ургъизе кколеб бугилан бицунаан ХIажица. Щивав афгъанистаналъуласул хIакъалъулъ хъвалеб мехалда, рокъове тIадвуссун вугониги, жиндирго вас жиндир хIакъалъулъ хъвалесул бакIалда вихьулин жиндаян бицунаан.

Гьедин гьес хъвана 139 дагъистаниясул хIакъалъулъ – нусиялда лъебералда ичIго очерк! «БахIарчилъиялъе даимаб рецц» абураб гIаммаб цIаралъул кIиго тIехь.

Хасго хъвадарухъанас-публицистас, чара гьечIого гIемер цIализеги ккола. ГIариповас цIализеги цIалулаан – газетал гурелги тIахьалги. Кинав авторасул кинаб тIехьалъул цIар бахъаниги, гьес гIажаиблъизарулаан. Гьев

вукIана жинда кинабго жо лъазе кколин гьабулеб жоги лъицагIаги рагIи бицунареб букIине кколинги чIарав чи. МухIканлъи, камиллъи, берцинлъи – гьеб букIана гьесул хIалтIул къагIида. Гьеб тIалаб гьабулаан редакциялъул журналистаздасаги. Узухъда, гьеб гьесие бигьаго букIинчIо – цIакъ захIматго букIана. Гьесда кколаан, гьес рикIкIунаан редакциялъул киналго хIалтIухъаби, жив гIадин, жавабчилъиялда хIалтIизе кколилан.

Редактор ГIарипов ХIажи хIалтIуде вачIунаан сардал рорчIун хъвадарун ва цIалдон.

ГьединлъидалинГIариповасултIахьалги,очеркалги,публицистикаялъулал макъалабиги цIалдолезе рокьулел рукIарал. ГIемерал баркалаялъул кагътал, телеграммаби рачIана гьесухъе, масала, Афгъанисатаналда рагъаразул хIакъалъулъ хъварал тIахьазухъ. Рехселин цо кIиягояб: «Нилъее киназего хIажат букIинчIеб ва кьогIаб рагъда гIемерал улбузул чIварал васал гIадамазул ракIазулъ цIунун хутIиялъе дуца гьабураб кIудияб хIаракатчилъиялъулаб хIалтIухъ – гьезул къисматги лъазабун хъварал тIахьазухъ дуе кIудияб баркала. Саша вукIана инжер цохIо бугеб лъимер – ниж гьесухъ ралагьун хутIана.

Ноженковазул хъизан», МахIачхъала».

«…Дуца тIаде босун буго цIакъ бакIаб масъала. Киналго улбузул гIодоцин гьечIеб унти дурго рекIелъан биччазе хIукму гьабун буго дуца…

Ирина Гасратова, Гъизилюрт шагьар».

Гьедин къабул гьабуна цIалдолез ГIариповасул имам Шамилил рагъазул хIакъалъулъ «Бекараб хвалчен» абураб къисаги.

ГIарипов ХIажица щвезабуна магIарулазухъе гьезие цIакъ къиматаблъун кколеб ЧIохъа ХIажигIалил «Шамил лъалесул хабар» абураб къисаги.

Гьес магIарул мацIалде руссинаруна гьединго гIурусазулги, къватIисел улкабазулги хъвадарухъабазулги асарал. Гьес руссинаруна гьел, таржама гьаби мурадалда гурел, нилъее лъазе хIажатал, пайдаял, тарбия кьеялъулал рукIун. Масала, «ГIакъилав Ахикарил хIакъалъулъ къиса» щивав чияс – гьитIинасги кIудиясги цIализе мустахIикъаб буго.

Гьединав вукIана, гьедин хIалтIана журналист-публицист, хъвадарухъан ГIарипов ХIажи. Абизе бегьула гьесул захIмат, гьес хъварал тIахьалги гIадада ккечIилан: цIалдолезе гьел рокьана, гьел хутIана гьес гIумру гIадада тIамичIолъиялъе нугIзаллъун. 1985 соналда дагъистаниял – Социалистияб ЗахIматалъул бахIарзазул хIакъалъулъ очерказул тIехьалъухъ гьесие кьуна С.Стальскиясул цIаралда букIараб республикаялъул пачалихъалъулаб премия, 1995 соналда гьесие кьуна Афгъанистаналда чIваразул хIакъалъулъ хъвараб кIиго тIехьалъухъ Дагъистан Республикаялъул пачалихъалъулаб премия. Гьев мустахIикълъана ЗахIматалъул БагIараб Байрахъалъул орденалъе, гIемерал медалазе, грамотабазе. Гьесие бищунго кIудияб къиматлъун ккола лъикIав инсанлъун вукIиналъухъ гьев лъалезги гьесул тIахьал цIаларазги ракI-ракIалъ кьолеб баркала.

***МухIамад ГIАБДУЛХIАЛИМОВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан.***

## ЧИЯР ЯС

***(хабар)***

Росу рагIалда бугеб иццухъе гIагарлъулаго Майсартида гьениб ясазул цо къукъа бихьана. Гьезул гурулъ ругоан гьалъул гьудул Асиятги, гIадамаз «нич гьечIин» цIар лъурай ХIаваги. Бихьинчиясул гIадаб хъачIаб гьаракьалъул ХIавал релъи рикIкIадеги рагIулеб букIана. Щаялиго, Майсаратие гьеб рекIее гIечIо. «ВахI, щибдай гьаз бицунеб жо? Щай гьал релъанхъулел?» – илан пикру гьабуна гьелъ. Амма гьей аскIое щолаго, хабарги къотIизе тун, киналго гьелдехун руссана.

– РорчIами, ясал, щай нуж руцIцIун чIарал, балъгояб хабарищ бугеб?

– ЙорчIами, Майсарат, щай гурин дуе гьазул чIанда хабар, бихье гIеретI, дица цIелин, – Асиятица гьелъул гIеретI гьарзаго чвахулеб лъеда гъоркье ккуна.

Майсарат иргадал ясазухъ ялагьана. Гьезул цо-цоял гIодоре ралагьана, цойгиязул бадиб гьелда жиндехунго бугеб гурхIараб балагьи бихьана. ХIавал гьурмада сихIираб гьими тIибитIун бугоан, гьелъул цо кинабалиго рохалил цIурал бераз жийго йорлъ-йорлъун ялей йигин ккана гьелда.

– Щай мун жакъа кватIарай? Рогьалилъго абурасухъе йортунищ йикIарай? – илан тенкезе байбихьана ХIаваца.

– Кинав абурав? Щиб дуца бицунеб жо?

– Гьа-гьа! Бихьулищ мокъокъил мунагь гьечIеб къвакъвади!

– Ясал, гьаб щиб хабар?

– Доле дур абурав, цIогьор гIадин, сардилъ нахъвуссун вуго армиялдаса. Дуе цIакъаб сайигъатги буго гьес босун бачIун.

– ЮцIцIа, ничгьечI! – ян Асиятица ХIавал гъеж ккуна.

– Щай дуца дир кIалкъалеб? Мунго юцIцIа, гьанже ирга диде щвана! Екере, Майсарат, Юсупида къвал базе. Духъ гIодулей цо ясалъул жоги йигин доя! Гьа-гьа!

– Кинай яс?! – Майсарат, хьвагIун гIеретIги мугъалде рехун, рокъоехун гIедегIана. Гьелъул гIундузда багъулеб букIана ХIавал чанлъараб релъи.

Жваргъи-кьвагьиялда рагьулеб кавудул сас рагIигун Майсаратил эбел Зулайхат рагъиде яккун ячIана. ГIертIиниса чвахун бачIараб лъеца риччарал ясалъул гъуждулги, кьер тIураб гьумерги бихьун, эбел рахIатхун лъугьана.

– Дуе щиб, дир яс, лъица мун къварид гьаюрай?

– Лъицаго гуро, – ян эбелалъ гIеретI мугъзадаса босарабго Майсарат рокъое йортун ана. Рагъи бакьулъ лъовухъе гIеретIги тун, ясалда хадуй эбелги жаниехун лъугьана. Майсарат гIодизе къачIаан йикIана.

– Бице, дир яс, щиб лъугьараб, кьвагьулеб бугин дир ракI?

– Юсуп вачIун рагIула, эбел…

– Вуй, абурав вас нахъвуссараб мехалъ гIодизейищ кколей?

– КIваричIо дие дов! – ян гIек-гIекиялда гIодизе лъугьана Майсарат.

– Гьеб щиб цIакъаб рагIи, досухъ ялагьун гурищ мун гьалгощинал соназ йикIарай?

– Дов…дов хIалихьат вукIун вуго, эбел.

– Щиб дос дуе гьабураб? Кида гьев нахъвуссарав?

– Нолъ, цIогьор гIадин, сардилъ вачIун рагIула, хадуй гьаюн цо ясалъул жогун.

– Кинай яс?

– Жиндирго, цойгиялъе гьаюрай.

– Батиларо, гъарин! Лъица дуда гьеб бицараб?

– Иццухъ ясаз, ХIаваца.

– Вуя, гьелъул хабаралдагийищ мун божулей? Гьей ничгьечIица бокьараб бицине бегьила. Мун гIедегIуге Юсупидаса инкар гьабизе.

– Йохъ, эбел, гьеб битIараб буго. Асиятицвги абуна яс йигилан. ГIадада вукIун гьечIо гьев вуцIцIун чIарав. Араб соналъ микьго моцI бачIищ гьесул хабар-кагъат къотIун. ЧIван ватилин нилъги рукIун, гьев цIияй бахIарайгун кепазда!

– Кин бугониги, гIедегIуге, дир яс. Дун ина Юсупил дое щвезе, дица лъазабила хIакъикъат. ГIела гIодарай, цIорораб лъеца гьумерги чуре, гIакаги бечIчIун, гьеб рохьдолъе балагьизабе.

– Вай эбел, кин дун гIадамазда цее къватIие яккилей? ХIава гIадаз тIаде гъегъ базейищ?

– ГьедигIан тату хварай жо мун йигилан йикIинчIо дун, Майсарат. Дуде чIимих рехарасда дуца гамачI речIчIе. БетIер къулизе ккараб жо щиб бугеб? Дуца Юсупие хиянатлъи гьабунищ бугеб? Щай мун нечезе кколей?

ГIечул цIун таргьаги босун Зулайхат Юсупил дое ана. Майсарат лъикI заманаялъ пикрабазда хутIана. Юсупгун цадахъ рагъ ккараб тIоцебесеб къоялъго армиялде ун вукIана ХIавал абуравв Рашидги. ГьелъгIаги батила Майсаратилги ХIавалги цоцаздехун гьудуллъи цIикIкIараб. Гьел яцал гIадин цадахъ унаан хур чIаразеги, хер бецизеги. Амма гьеб гьудуллъи хеккого бихxана. Жеги лъагIел ун букIинчIо гIолохъаби армиялде аралдаса. ХIаваца цо къоялъ жий росасе инехъин йигилан кьвагьун тана. Майсаратица цин гьелда Рашид ракIалде щвезавуна, намус-яхIалъул бицана, хадуй ягъана, семана, бадибчIвана. ХIавац, лъикI буго, инаро, тIасалъугьаян абуна. Хадусеб къоялъ жиндирабго бицине лъугьана. Ахирги ХIаваца калам къотIизабуна. «Рашид, я чIвала, я сакъатлъун вачIина. Кида рагъ лъугIилеб? ГIолохъанлъи араб мехалъ ригьнал татуги талихIги щиб букIинеб? Мунго йикIа Юсупихъ ялагьун, гьес цойги гIолохъанайги ячун хадуй ялагьун телин мун», – абун ХIава киназего квешезего гIадин чIухIдарун хьвадулаан. Гьеб мехалъ лъуна гьелда гIадамаз «ничгьечIилан» тIокIцIар. ЛъагIалидасан росасги рехун тун ХIава гIолохъанго къорол хутIана. Жиндиего кьечIеб талихIалъе росуцоял гIайибиял ругел гIадин ХIава щивасухъ рокьукъго ялагьана. КIал-мацIги гьелъул кьогIлъана.

Рагъдаса лъукъун яги унтун гIолохъанчи нахъвуссун вачIани, ХIава тIоцее гьезухъе йортулаан, эбел-инсудехун недегьго кIалъан, васасде берал щвезарун, гьин рехулей йикIунаан. Гьелъие ургъел букIинчIо квер-бер гьечIев чи данде чIваниги. Амма ХIавал къориниве цонигияв ккечIо. Рашидги вачIана лъукъун, гьей сардилъ гьесухъе ана, тIасалъугьаян гьарана. Гьелда лъалаан Рашидие жийго йокьулейлъи, хьул букIана гьесда кIочон ятиларилан. Амма Рашидица цогияйги ячун инагьдилей тана ХIава. Цо нухалъ Майсаратица: «Гьедин лъикI дуе», – ян абун букIана гьелда.

«Гьале гьанже дирги къисмат гьединго ккана. Юсупица цогияйги ячун дунги хутIана», – ян угьун биччана Майсаратица. Рохьдолъе гIакаги щвезабун, нахъюссун ячIарай гьелда эбел рокъой ятана.

– Огь, эбел, талихI къарай дун! ТIокIай къватIий яхьинаро, – ян нахъойги гIодизе лъугьана Майсарат.

– Щай, дир яс, дур талихI къолеб? Мун херлъунищ йигей? Юсуп чIван

рагIулин абураб хабаралда киналго божун ругеб мехалъ дов ГIусманил эбел йикIана жиндирго васасе гьарулей. Бегьуларев васищ гьев вугев? – ян абуна эбелалъ Майсаратил хIалбихьизего гIадин.

– Вай, кIваричIо, эбел, дие щивго, те гьеб хабар.

– ЛъикI буго, дир яс. Юсупида гIайиб бугин ккечIо дида. Ясги цIакъ лъикIай жо йигоан. «Папаго-папаян» йикIуна гьеседа.

– Кинай йикIаниги щиб гьей чияр яс.

– Вай абуге гьедин, Майсарат, рагъдаса нахъвуссунин дов вугев. Мунги кIочон гьечIо досда. «Зулайхат-эбел, рокъосезул щиб хIал бугеб?» – ян вукIана цIехолдилев.

– Дун цIехолдилароан, эбел, йортилаан цеего гьесухъе.

– Гьелеха, дир яс, цIакъ битIараб рагIи. Рилълъа Юсупил доре щвезе, – янги абун эбелалъ гьелъухъе рагъ ккелалдего бертаде хIадурун букIараб бахIаралъул гурде кьуна. Майсарат, хъабалоги ретIун, матIуялда цее эхетана. Жийго разилъана жиндирго гьайбатлъиялдаса. Амма гьеб рохел цо лахIаталъ хутIана гьелъул беразулъ.

– Эбел, дуца гIайиб гьабуге, кIоларо дида жакъа росдал гIадамазда цее Юсупил дое бахIарай гIадин ине. Гьесдаги ккела яхI гьечIей жо йигилан. Щиб лъалеб гьесул рекIелъ жеги сахлъичIеб ругъун батизе бегьула.

– Дуего бокьараб гьабе, дир яс, гьев живго вачIине бегьула нилъехъе…

БахIаралъул гурдеялъ Майсаратил пикраби рикIкIаде рачахъана. Гьелда ракIалде щвана тIоцеве Юсупгун дандчIвараб къо.

Гьей хIанцIил цIун къандалъогун, рохьоса ячIуней йикIана. МугIрул чIедерабго сухъмахъалдасан биччан чугун вачIунев рекIарасе нух кьезеян хьибилалдехун кIанцIулаго, гьелъул бох къуркьана. Майсарат йилълъине кIоларого хутIана. ТIаде вачIарав Юсупица «бох бекунищ ккараб, дир мокъокъин?» махсаро гьабуна гьелъие. Ясалъ: «А дурго нухда», – ян жаваб кьуна Юсупие ва гьесда хIал лъазе теларин тIаде яхъун цо-кIиго гали тIамуна. ГIебуялъ чурхъулеб бугеб гIадин тIубанго черхалда гъар-гъар бана, хIалуцун ракIгун гIодой ккезе яхъана. Юсупида бичIчIана гьелъул хIал, гьев медучилищеги лъугIизабун фельдшерлъун хIалтIулев вукIана росулъ. Гьение щвезегIан йилълъине Майсаратие кумек гьабуна гьес. Гьелъул доб мехалъ 15 сон букIана… Санаде гьей яхарайго хаслихъе бертин гьабизе хIадурлъулел рукIана гьел…

ТалихI бугев чи вукIун вуго Юсуп. Байбихьарал тIоцересел къояздаса нахъе вукIана гьев рагъда, чанго захIматаб рагъул корониве кканиги, цониги ругъунги щвечIого нахъвуссана гьев. МоцIида жаниб цо-кIигониги кагъат хъвачIого толароан гьес Майсаратихъе. ГIицIго тушманасухъ бугеб ракьалде партизаназухъе витIараб мехалъ рес щвечIо кагъат-хабар битIизе. Цо нухалъ разведкаялъ арал гIолохъаби нахъруссун рачIана фашистаз росу бухIулеб бугилан. Хехго гьенире рортана гьел. Амма фашистаз жидерго вахIшияб иш гьабун батана, росу бухIун, гIадамал чIван ратана.

ГIолохъабаз халгьабулеб букIана хъархъазда гъорлъ чIагояв чи вугищали. Щуго-анлъго лъимер кодобе щвана. Гьезул цояй йикIана Юсупида ятарай яс. Одеялоялъулъги жемун, картошкадул чIахIилъ яхчун ятана гьей эбелалъ. Жийго чIваниги яс чIаго хутIилин пикру гьабун батила гьелъ. Каранда цо чанго гуллаги щун чехьатIе рехун йигоан ясалъул эбел. Гьей Юсупида гIажаибго Майсаратида релълъун йихьана.

Рагъухъабаз лъимал жидедаго цадахъ рачана. КIиго моцIниги бан батила гьез гьениб. Юсупиде ругьунлъун, недегълъун йикIана Маша. Лъималазул

рокъоеги яс МухIамадова Марямилан цIарги хъван кьуна. Машада живго кIоченчIого вукIине суратги тана гьениб. Рагъги лъугIун нахъвуссун вачIунаго Юсуп ясалда хадув ана. Гьев вихьаравго: «Папа!» – янги ахIун, гьесухъе йортун ячIана Маша.

Юсупица ясалъул гьеб къиса росуцоязда бицун букIинчIо. Гьикъарасда гьес: «Яс дир йиго, цIарги эбелалъул лъун буго», – ян къокъ гьабун тана. Гьев хIинкъун вукIана абуралъе хиянатлъи бахчизелъун гьерсал рицунев вугин гIадамаз абилилан. Ахирги гьесул рекIелъ къан букIана цойги пикру: «Щибдай Майсаратица гьабила, киндай ясалдехун ялагьила?» – абураб. Юсуп вачIаралдаса чанго къо ун букIана. Росуцояз кибго гьезул бицунеб рагIулаан. Цояз талихI кьуна Майсаратиейилан абулаан, цойгидаз Юсупиде гIайиб гьабулаан.

Майсарат гIадамазда хIал лъазе теларин иццухъги хурийги рази– ракиго йикIунаан, амма рокъое щварайго гIодун йиччалаан. Цин гьей гьесулаан Юсупида согIго кIалъазе ине, кинабго бадиб чIвазе, хадуй гIодун яхъарайго, гьесул кагъталги росун гьел цIализе лъугьунаан. Юсупил цониги кагъат билизе тун букIинчIо гьелъ. Майсаратихъ ккараб рокьул, гьелде бугеб жиндирго хIасраталъул бицун букIана гьениб. Гьеб рокьуца хвалдаса цIунун вугин хъвалеб букIана гьес. «Унго, гьадинал кагътал дихъе хъвалев Юсупил ракI кигIан цIакъай ясалъдай мукIур гьабуна? Щай дун гьесда циндаго кIочон тарай?» – ян гьарулаан гьелъ пикраби. Гьездаго цадахъ цо– цо щакдаризе бачIунаан «ГьедигIан тохав чи гьечIо Юсуп, гьес цогидай ячун йикIарайани, цебего дихъе хъвалаан. Цосинав дир рокьуда щаклъун гурищ гьев вугев? Дир хIл бихьулевцин гуродай?»

Цо къоялъ гьей Асиятги ячун Юсупил дое инеян къватIий яахъана. Гьудулалъул рукъалда аскIое щварайго, гьенисан магIарулабги гIурусабги жубараб ясалъул гаргар рагIана. Цин гьей гьениса нахъюссине, цинги кинай жодай йигоян абураб пикрулъ нуцIа рагьизе тIамуна.

– ЙорчIами, Аслият.

– ЙорчIами, Майсарат, ячIарай лъикIин.

– Тетя, Аслият, гьай щий? – ян гьикъана кIиго сон барай гIадай Машаца, Майсаратихъ ялагьунги чIун.

– ГЬай…Гьай дур эбел йиго.

– Вай, дуца бицунеб щиб? – ян йиххун ккана Майсарат.

– ЮцIцIа.

– Эбелищ?

– Уха, дир месед, эбел…

Цин яс нахъе-нахъе къана. «Гуро, гуро», – ян абулеб гIадин гьелъ бигьа гьабун бетIер кIибикIулеб букIана. Майсаратил ракI хIалуцун бачIана. Гьей хIухьел цIазе кIоларого гIадин лъугьана. Цояб гъажалде кIалалги рехун чIвараб кIаз Майсаратица бахъана, гьелъ щекъер данде къалеб бугеб гIадин. Меседил кьераб расул гъалал цере рехун рачIана. Ясалъул беразулъ цо гIажаибаб кунчIи пархана. Гьебго лахIзаталъ Маша «Мама!» – янги ахIун, екерун ячIун, Майсаратил горбода хурхана, къочардана. «Мамочка, кий йикIарай? Дица мун киего йиччаларо, папаги вачIина», – ян хадуб-цебе гъезабуна гьелъ.

Лъаларо, чIинчIу бахъидал эбелалда релълъун йихьун ятизе бегьула гьей Машада яги инсуца гIемер бицуней йикIарай эбел ятидал йохун ятизе бегьула

гьей. Кин бугониги Машаца къабул гьаюна Майсарат ва гьелъул карандеги шапун, Асиятгун хабаралда йикӀадго кьижун ккана яс. Кроваталда гьейги лъун Майсарат рокъое гӀедегӀана.

– Мун кие? Цадахъ щай гьей ячунарей?

– Вуя, гӀадамаца шибин абилеб?

– Бокьараб бицине те, дуе гьезул ургъел щиб?!

– Юсуп дида вихьичӀо. Гьесул рекӀелъ щиб бугебали лъаларо, ячун пайда гьечӀо. Нижехъеги гьев жеги ваккичӀо.

– Намуслъун ватилаха.

– Огь, дир яц, гьедингӀаги ватулевани.

Нахъисеб къоялъ радал цудунго яхъун Майсарат лъел гӀеретӀги цӀун Юсупил дое йилълъана. Кроваталда кьижун йигей ясалда аскӀов гӀодовги чӀун, гьелъул хӀеренал расазда квер бахъулев вугоан Юсуп. Майсарат йихьарайго, гьев данде вортун вачӀана ва гӀеретӀ гъажалдаса босизе кумек гьабуна. Гьел кӀиялго лъикӀ заманалъ цоцахъ ралагьун хутӀана. Юсупида Майсаратил беразулъ бихьана гӀорхъи гьечӀеб рокьул асар, талихӀалъул кунчӀи. Гьев гьесарана гьей жиндирго каранде къазе. Гьеб лахӀазаталъ макьидаса йорчӀарай Маша, «Мама!» – янги ахӀун, екерун ячӀана. ЦохӀо гъоркьан ратӀлилъ йигей гьей каранде къайдал, цо гӀажаибаб асар чвахун бачӀана Майсаратил рекӀелъе.

Кодой Машаги ккун, Юсупгун цадахъ, Майсарат эбелалъухъе йилълъана. Гьеб букӀана риидалил роцӀараб къо.



## РухIиял церехъаби

### ИМАМЗАБАЗУЛ НАСИХIАТЧАГIАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ХАЛКЪАЛЪУЛ БИЦЕНАЛ

АнцIила ичIабилеб къарнуялъул 20-25 абилел соназда, пачаясулаб Россиялъ Кавказалда билълъанхъизабулеб букIараб колониалияб политикаялда данде Шималияб Кавказалъул халкъазул бахIарчияб къеркьеялъе гьабун букIана халатбахъараб цебеккунисеб хIадурлъи. Гьеб гIумруялде бахъинабуна ва тIобитIана мугIрузулаб улкаялъул халкъазда гьоркьоб кьучIаб божилъи ва кIудияб къадру бугел диниял хIаракатчагIаз ва рухIиял церехъабаз. Гьезул мурад цебелъун тIобитIараб хIаракатчилъиялъул хIасилалда Дагъистаналда ва Чачанлъиялда машгьураблъун лъугьана муридизм, хадуб гьелъул лъугьана политикияб хасият, хасаб тIабгI. Гьеб багъа-бачариялъе бетIерлъи гьабуна ТIадегIанав Аллагьас жидее кIудияб гIакълу, пагьму, лъай, кашмулъи ва гьунар кьурал Дагъистаналъул батIи-батIиял миллатазул гIадамаз. Гьезда гьоркьов нилъеда якъинго вихьула кIигояв – тарихалда жидер цIарал хутIарал шайихзаби Ярагъиялдаса МухIамад ва Гъазигъумекиса Жамалудин.

Муридизмалъул рухIиял церехъаби хIисабалда гьезул рагIи, хIатта Шамил имамасецин кидаго букIана тIубазабизе тIадаблъун. ЗахIматаб иш буго мугIрузулал халкъаз жидерго миллияб эркенлъиялъе гIоло гьабураб кьеркьеялъулъ гьезул кIудияб кIваралъе рагIа-ракьанде щвараб къимат кьезе.

Дагъистаналъул ва Чачанлъиялъул лъабавго имам – ГъазимухIамадил, ХIамзатбегил, Шамилил насихIатчаг1илъун, мугIалимзабилъун рукIарал МухIамад Ярагъиясул, Гъазигъумекиса Жамалудинил гIумруялъул, хIаракатчилъиялъул, гьезул сипат-сураталъул хIакъалъулъ, Дагъистаналъул халкъазул фольклоралда, жакъа къоялде щвезегIанги цIунун хутIун ругел биценал гIемер руго.

### МУХIАМАД ЯРАГЪИЯВ

Шайих МухIамад Ярагъиевас жиндирго вагIзабазда, мажгиталда гьарурал динияб хасияталъул кIалъаязда, гIалимзабазда гьоркьоб тIоцебе байбихьана магIарулал гIадатияб ихтиярлъун, роценлъун кколел гIадатаздаса инкарги гьабун, исламалъул ихтияралъулаб чIараб низам хIисабалда шаригIат хIалтIизабизе. АнцI-анцI соназ гьесул идеябаз, гьваридал пикрабаз магIарулазул къеркьеялъе къуват кьуна, гьира-шавкъ бижизабуна.

МухIамад Ярагъияв рижиялъул рахъалъ агулав ккола. Гьев гьавуна 1771 соналда цебе букIараб Кюри округалъул лезгиязул Вини-Ярагъ росулъ исламияб диналъул гIалимчи ИсмагIилил хъизаналда. Гьесие рахьдал мацIлъун лъугьана лезги. Бусурбан гIелмуялъе гьев цIалана жиндирго инсуда цеве

мадрасаялда, хадув цIалун вуго Сугъралъ росдал мадрасаялда. МухIамадие гьитIинго щун буго гъваридаб лъай ва лъикIаб тарбия. ЦIалун вуго доб заманалда Дагъистаналда ва гьеб бахун къватIирехун машгьурлъун рукIарал гIалимал: Хачмасалдаса СагIидида, Шизаналдаса СагIидида, Кудалиса ХIасанида, Ахтиялдаса МухIамад-апандида цеве, лъазарун руго Бакъбаккул улкабазул халкъазул мацIал. Хадубккун МухIамадица, инсуцаго гIадин, мударислъи гьабун буго.



Кюрдамиралдаса ИсмагIилица жиндихъего кьураб муридизмалъул гIелмуги къабул гьабун, МухIамад Ярагъиев лъугьана, жиндирго росуцоязда, мутагIилзабазда ва Дагъистаналъул батIи-батIиял бакIаздаса зияраталъ рачIарал чагIазда гьоркьоб муридизмалъул цIиял идеяби тIиритIизаризе, гIемерал вагIзаби гьаризе.

МухIамад Ярагъиясда цере, ТIаса Ярагъи росулъ букIараб мадрасаялда цIалана, хадуб тIарикъаталъул гIелму тIибитIизабиялъулаб хIаракатчилъиялъулъ муршидасул кIудияб ишалъе гьалмагълъи гьабурав чилъун лъугьарав, гьесул хIалтIи гьоркьоса тIезе течIого цебе бачарав Гъазигъумекиса Жамалудин, рукIинесел имамзаби – ГъазимухIамад, ХIамзатбег, Шамил, гьединго Сугъралъа ГIабдурахIман-хIажи, ГIахъушаса ГIабдула ва цогидалги. Гьесул мутагIиллъун вукIана Хунзахъа наиб Ахъбердил МухIамадги.

Шайих МухIамад Ярагъияс жинцаго ралел каказда, гьарулел дугIабазда гьарулаан: «ТIадегIанав Аллагь, дуца МухIамад аварагасе (с.гI.т.в.) ритIулаан цадахъ къеркьезе гьалмагъзаби. Халкъ битIараб нухде ккезабизе ва Меседил рахасалъул шайихзабазул кумекалдалъун халкъалда квер чIвазе, гьелъие кумек гьабизе, рахъккквезе дихъе имамзаби ритIе», – ян. Муршидасул каказул ва дугIаязул ахIи рагIараб гIадин,рукIинесел имамзаби ГъазимухIамад ва Шамил жалго рачIана МухIамад Ярагъиясухъе.

Халкъалъул пикрабазулъ, гьелъул рекIелъ МухIамад Ярагъиясул гIумру тIубан цIун буго гIажаибал, хIикматал жалаз, мугIжизатаз ва караматаз. Гьел ритIухъ гьарулел, ритIараллъун рикIкIунел руго цояс цоясда рицун, гIадамаз цоцахъе кьурал баяназул, гьесул ккарал гIадатиял гурел, хIикматал, цо къасдалда гьарурал ишазул, муршидасда хурхарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ ругел харбаз. Заманалдаса гьел фольклоралде сверула, дагьдагьккун гьел шайихасул сипат-сураталда сверухъ гIуцIулел биценазул, тавaтуразул кьучIлъун, гьезул аслулъун лъугьуна.

ГIурусазул гIалимчи В.А.Поттоца хъвараб биценалда рекъон, муршид МухIамад Ярагъияв цеве вахъунев вуго Аллагьасулав гьоркьохъанлъун ва гьес халкъалда цебесан Генуса ГъазимухIамад имамлъун лъазавулев вуго ва кIудияб, тIадегIанаб мурадалда гьабулеб рагъ – магIарулазул къеркьей байбихьизе гьесие изну, пурман кьола. КIвар цIикIкIарал, жавабиял хIукмаби къабул гьарулеб заманалда, Аллагьасдаги гIадамаздаги гьоркьор хIалтIулел диниял гьоркьохъаби, ТIадегIанавгун эркенго кIалъазе Бичасул рокъор –

мажиталъур жалго цохIо чIолаан ва ракIалдаго гьечIого гьезие хIакъикъат баянлъулаан, Аллагьасухъа гьезие щолаан кашму-карамалъи, нухмалъи, малъа-хъваял, насихIатал.

1825 соналда, Дагъистаналъул тарихалда тIоцебе Ярагъ росулъ тIобитIана тIадегIанал рухIиял церехъабазул мажлис. Гьеб данделъиялда шайих МухIамад Ярагъияс бицана диналъ бусурбабазда тIадаллъун гьарун ругел ишазул, паризаял жалазул хIакъалъулъ. Гьезда гьоркьоб тIоцебесеблъун букIана бусурбаби жидерго эркенлъиялда божи. Мажлисалда хIукму гьабуна Россиялъул пачаясул власталъул политикаялде данде къеркьезе байбихьизе. МухIамад Ярагъияв лъугьана, магIарулаз жидерго эркенлъиялъе гIоло гьабулеб къеркьеялъул рухIияв цевехьанлъун. 1828-1831 соназ гьес жигараб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналда ва Чачаналда букIараб багъа-бачариялъулъ.

МухIамад Ярагъиясул, жиделъ рухIиялгун диниял, социалиялгун экономикиял ва политикиял идеяби цадахъ рекъезарурал ахIиял ва насихIатал, гIурусазул тарихчи В.А.Поттоца абухъе, «Электрикалъул токалъул хехлъиялда» тIиритIана тIолабго Дагъистаналда, гьениса гьел щвана Чачанлъиялдеги.

Доб заманалда, гIурус пачаясул Кавказалда вукIарав генерал– губернатор А.П.Ермоловасда, Югалъулаб Дагъистаналда МухIамад Ярагъияс тIобитIулеб, динияб гIелму тIибитIизабиялъул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ лъайдал, генералас Гъазигъумекиса Аслан-ханидаса тIалаб гьабуна, гьес, шайихасда гьеб хIалтIи, гIадамазе вагIзаби гьари тезабизе, гьелъие ахир лъезабизе кколилан. Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицунеб буго немцазул тарихчи Ф.Боденштедтил басмаялда бахъараб хIалтIиялдаги. Гъазигъумекиб тумазда гьоркьоб цIунун хутIараб машгьураб халкъияб биценалда гьеб лъугьа-бахъин рехсолеб буго жиндаса мисал, дарс босизе мустахIикъаб хIужалъун.

Бицуна, Аслан-ханасул амруялда рекъон, нукарзабаз чияр кверщел хIехьоларев шайих цIалаца вухараб сордоялъ ханасда бихьун бугила букIинесеб (балъголъи) бицунеб макьу: «Макьилъ Аслан-ханасухъе вачIун вуго васасда цIакъ ццим бахъарав гьесул эмен – Шахмардан-бег. Инсуца долго нукарзабазе буюрухъ кьун буго шайих вухарал цIалаз Аслан-хан вацIизе. Аслан-хан макьидаса ворчIана, хIакъикъаталдаги гьев цIалаца вухарав гIадин вукIана, гьесул тIолабго черх унтулеб, ссудулеб букIана. Гьев хIалица тIаде вахъана, как бана ва шайих валагьизе вилълъана. Гьев вегун вукIана росдал дибирасул рокъов. Генераласе мутIигIлъунгутIизе жинда кIоларин, вацIцIарулаго ва жиндаго гIайиб гьечIолъи чIезабулаго, Аслан-ханас сон нукарзабаз вухиялъе гIоло, жинда тIасалъугьайилан шайихасда гьарана.

– Аллагь дуда тIасалъугьани, дунги дуда тIасалъугьина, – ян хIалил-мадаралъ рагIилеб-рагIиларедухъ жаваб кьуна шайихас.

МагIарулазда гьоркьоб шайих МухIамад Ярагъиясул цIакъго кIудияб къадру-къимат букIана, гIадамаз гьесул хIаталдаса ун адаб-хIурмат гьабулаан, муршидасул напс гIорхъолъа борчIун кIодо гьабулаан, хIикматал лъугьа-бахъинал, балъголъаби, хIалкIоялъиял гьесул цIаралда рухьинарулаан, гьес гьарулел жалилан рикIкIунаан.

2000 соналда А.М.Гъаниевалъ Ахты росулъа хъвараб биценалда рекъон, диналъе гIоло гьабулеб рагъул цо гIахьалчияс бицун буго гIажаибал ишал гьаризе шайих МухIамад Ярагъиясул бугеб пагьму-гьунаралда, гьесул хIалкIолъабазда жив божуларилан, гьезда жиндир щаклъи кколилан. ГьебсагIатго «Роол бетIер» абулеб мугIрул рахъалдасан баккун бачIуна кIудияб цIадулаб шар ва гьелдаса къватIибе баккун якъинго бихьулеб букIана шайихасул гьумер. Тамашалъун хутIарав, бихьараб сураталъ хIикмалъизавурав гьев чияс цIадул шаралъе адаб-хIурматалда бетIер къулула ва абула: «Аллагь, дида тIасалъугьа», – ян. Шар гьебсагIатго тIагIуна.

Суфиязул шайихзабазул гIадин, МухIамад Ярагъиясул сипат-суратги гIадамаз къанунияблъун рикIкIунеб буго, гьез абулеб буго ТIадегIанас гьесие барахщичIого, сахаватго кIудияб гьунар, пагьму, тIадегIанаб хIалкIолъи, бальго жо лъаялъул бажари кьун бугилан. Шайихасул заманалда гIумру гьабун рукIарал гIадамал божулел рукIана Ярагъиясда тамашаял, хIикматал жал гьаризе кIолел рукIиналда, гьелъие гьесул махщел букIиналда ва сверухъ ругезе муршидас гьарурал ишаз, гьесул ккарал гIадаталдаса рахъарал лъугьа-бахъиназ цIакъ кутакаб, хаган хутIизарулеб асар гьабулаан. Гьелъие мисаллъун рехсезе бегьула «Ярагъиясул гIиял къайи», «Богол как», «Вихьуларев гьобол» ва гь.ц. биценал. Халгьабизин, К.Х.Акимовас Дербенталда Зиябат Насрулаевалда бицинабун хъвараб «Ярагъиясул гIиял къайи» абураб биценалъул. Риидал МухIамад Ярагъиясул гIияда вукIун вуго кIиго вехь. ГIиял къайи букIун буго Курахалъул мугIрузда, гьелда абулеб букIун буго Ярагъиясулабин. Роол багIарараб къо букIун буго. Цояв вехь ищцухъе лъел цIезе ун вуго. Гьесда бихьун буго ищцалда аскIоб бугеб гьоцIугIанасеб гьитIинаб майдан тIеркIелеб, сородулеб букIин. Вехь хIинкъиялъ кверде восун вуго ва гьесул таваккал гIун гьечIо ищцухъеги ун лъел цIезе. ТIадвуссун вачIарав вехьас жиндирго гьалмагъасда абула: «Дун тIокIав доб ищцухъе инаро, доба ракь сородулеб буго» – ян. Гьесда божичIев цояв вехьасе бокьун буго гьеб хIужаялда ракIчIезабизе ищцухъе ине. Цо заманалдасан, хIинкъиялъ сородилаго гьевги нахъвуссун вачIун вуго.

ГIухьбузда щиб гьабилебали лъалеб букIинчIо. Лъимги гьечIого риидалил къоял кин тIоритIилел? Гьениб аскIоб батIияб ищцги букIинчIо. Гьез хIукму гьабуна гьезул цояв ТIасияб Яргъалде ине ва ккараб къварилъиялъул хIакъалъулъ хважаинасда бицине. Нух букIана халатаб, захIматаб, росулъеги щун тIадруссине кколаан бакъалъ къвагъизабураб, цIакъ багIарараб расалъи къотIун.

Гьеб заманалда, жиндирго рокъов къаде как балев вукIарав МухIамад Ярагъиясда жиндирго гIухьбузе къварилъи букIин биччIчIана. Циндаго гьев жидедаго цеве чIедал, гьабизе жо лъаларого хутIарал гIухьби, цин гIажаиблъана, цинги рохана. «Щиб лъугьараб, дир васал? Щай нуж гьедин ургъалилъ ругел?» – ан гьикъана шайихас. Гьез гьесда бицана жидедаго бихьараб гIаламатлъиялъул, гIажаибаб жоялъул хIакъалъулъ. «Рилълъа, дун гьеб бакIалде балагьилин», – ан абуна МухIамад-апандияс. ГIухьбуз гьев ищц бугеб рахъалдехун вачана.

МухIамад-апандида бихьана, хIакъикъаталдаги, гIухьбуз абулеб бакIалда ракь сородулеб, гьаргьадулеб букIин ва лъел цIезе, лъим гьекъезе ищцалда аскIоре ине рес гьечIолъи. Гьеб мехалда шайихас дугIаги цIалулаго кверал зобалазде ритIана ва Аллагьасде ахIи бана, ТIадегIанасде хитIаб гьабуна.

Зоб букIана бацIцIадаб, кигIан гьитIинабги накIкIул парча гьечIеб. Циндаго бакъбаккул рахъалдасан баккун бачIана чIегIераб накIкI, бакътIерхьудаса – хъахIаб ва гьел лъураб хIалалда, гIедегIун цоцада данде ине лъугьана. Пириялъул чIор речIчIана иццалда аскIоб бугеб гьитIинаб байданалда. Ракьул гьаргьади лъугIана.

ГIухьби эхеде рорхидал, гьезда МухIамад-апанди гьенив вихьичIо.

БукIинесеб цебеккунго жиндаго цебе чIезабизе цIарккун абуни, щиб букIаниги баккизе, бачIине букIиналда нахъгIунтIи, къокъго абуни, балъголъи лъай цIакъго бихьулеб буго «Вихьуларев гьобол» абураб биценалдасан. Ахир росулъа гьобол жиндихъе вачIунев вукIин цебеккунго лъарав шайихас, лъадиялда лъазабула, гьесиеги кваназе жо хIадур гьабеян. Гьелъ квен цебе лъедал, гIазул цIурал хьиталгун нуцIихъан ваккула Ихриса гьобол.

1832 соналдаса нахъе 1838 соналде щвезегIан МухIамад Ярагъияв вукIана нилъер магIарухъ, магIарулаз жидерго эркенлъи цIунун гьабураб къеркьеялъул бакьулъ. Шайих МухIамад Ярагъиев Аллагьасул къадаралде щвана I838 соналда ва вукъун вуго Сугъралъ росулъ. Шамилил вукIарав секретарь, миллияб эркенлъиялъе гIоло мугIрузул халкъаз гьабураб къеркьеялъул тарих хъварав чи МухIамад-ТIагьир Къарахъияс хъвалеб буго: «Аллагьасул хIукмуялдалъун нилъер шайихасдаса ратIалъи ва нилъ эркен гьарулев чи МухIамад хабалъ вукъи, балагьаб талихI къосин ккола. Аллагьасул гьудул, аль-Ярагъиясул хвел сундасаго захIматаб, кIудияб ками букIана», – абун.

Нилъер заманаялъ Сугъралъе, Курахалъул мугIрузда ХутIа абулеб бакIалда бугеб «Ярагъиясул рагIдукье кколеб лабаллъи» зияратазде Кавказалдасаго гIемерал гIадамал рачIуна.

РухIияб цебетIеялъул, тIадегIанаб гIамал-хасияталъул, яхI-намусалъул инсан хIисабалда, диналъул ва эркенлъиялъул къеркьохъан гIадин, гьединго «магIарулазул тIоцевесев гIакъилав демократ» ва миллияб эркенлъиялъе гIоло Кавказалъул халкъаз гьабураб къеркьеялъул рухIияв цевехъан хIисабалда шайих МухIамад Ярагъияв халкъалъул рекIелъ хутIила, гьелъул гIумруялъе ва диналъе, нух бихьизабулеб гвангъараб цIвалъун.

## ГЪАЗИГЪУМЕКИСА ЖАМАЛУДИН

Имаматалъул рухIияб гIумруялъулъ, имам Шамилил вакьад Гъазигъумекиса шайих Жамалудиница ккола аслияб бакIазул цояб. Имаматалда гьесул букIана кIудияб къадру, гьесул гIакълуялъухъ гIенеккулаан киналго – имамзабиги муридзабиги, хIатта тушбабицин. Жамалудин гьавуна анцIила анкьабилеб гIасруялъул ахиралда, Гъазигъумекиб росулъ СагIид-ХIусейнил хъизаналда.

Бусурбабазул дунялалда Гъазигъумекиса Жамалудин машгьурлъун вукIана, гьев МухIамад аварагасул (с.гI.т.в.) битIахъегояб наслуялъул цоявлъун вукIиналъги. Жамалудинил тухум буго МухIамад аварагасе (с.гI.т.в.) цIакъ йокьулей йикIарай гьесул яс ПатIиматил вас ункъабилев халипа ГIалил вас ХIусенил наслулъун. Гьесул наслуялъе даималъего кьун буго сайгидазул цIар.



Жамалудинил эмен Макъабутта СагІид-ХІусенида бихьана жиндирго васасулъ цогидазул гьечІеб, цІакъ кІудияб бажари, пагьму-гьунар. Инсуца гьев росдал къадиясухъе цІализе кьуна. Жамалудин Дагъистаналда гуревги, Астраханалдаги, Турциялдаги цІалана. АнцІила анлъго сон барав, батІи-батІиял гІелмаби, киналгоязде гІунтІун Дагъистаналъул, гьединго гІараб, гІурус, турк мацІал лъалев гьев Гъумекиве тІадвуссана. Гьелде тІадеги гьесул букІана берцинаб гьаракь, лъикІ кІалъазе махщел, ораторлъиялъул гьунар.

«Имам Шамил» романалъул автор Марям Ибрагьимовалъги хъвалеб буго, Жамалудин Тегераналъул мадрасаялда цІаланилан, гьес Стамбулалда динияб (рухІияб) семинария лъугІизабунилан, гьесда персазул, азербайджан, турк ва гІемерисел Дагъистаналъул мацІал лъалаанила.

ГІолохъанав гІалимчиясде кІварбуссинабуна гъазигъумекдерил хан Асланица ва гьес Жамалудин вачана канцеляралда кагътал хъвалев чилъун (писарь) хІалтІизе. ГІолохъанав Жамалудиница ритІухъго хъулухъ гьабуна жиндирго хІакимасе, жиндаго тІадал ишал ракІбацІцІадго тІуразарулаан гьес. Ханасги лъикІаб бербалагьи гьабулаан Жамалудиниде. МухІканаб хъулухъалъухъ баркала кьун Аслан-ханас жиндирго мулкалдаса – Кюри ханлъиялдаса Жамалудиние кьун букІана лъабго росу.

Доб заманаялъул бищунго кІудиял гІалимзабазул цоявлъун вукІарав МухІамад-апанди Ярагъиясул бицунеб рагІарав Жамалудиница хІукму гьабуна ханасул кІалгІа рехун тезе ва гьев гІалимчиясул вагІза-насихІаталъухъ гІенеккизе ине, гьесухъа тІарикъаталъул гІелму босизе.

МухІамад-апанди Ярагъиясухъеги щун Жамалудиница гьесухъа тІарикъат босана. Цогидал битІараб нухде ккезаризе шайихас изнуги кьун Жамалудин Гъазигъумекиве тІадвуссана.

Жиндирго секретарь-гІакълучиясул хьвада-чІвадиялъулъ хиса-басиял кколел рукІин бихьаниги, Аслан-хан гьесул динияб машгъуллъиялде гьоркьове лъугьинчІо, тІарикъаталде Жамалудинил ракІбаялъе квалквал гьабичІо. Ханасул гьесде кІудиял хьулал рукІана, Аслан-ханасда ракІалда букІана гІолохъанав гІалимчиясдасан муридизмалъул багъа-бачари жиндиего пайдаялъе хІалтІизабизе. Ханасе жив сундуе гІоло хІажат вугев бичІчІидал, гьезда гьоркьоб кьал ккана. Жамалудиница ханасухъе нахъе кьуна жиндиего кьун букІараб лъабабго росу. Жамалудиница ургъунго гьабураб гьединаб ишалдаса хадуб Аслан-хан ургъана жиндиего мутІигІлъуларев секретарь чІвазе. Амма щибаб нухалда бихьулареб, тамашаяб къуваталъ Жамалудин хвалдаса цІунулаан. Гьадин хъвалеб буго гьесул вас ГІабдурахІманица гьединал лъугьа-бахъиназул цоялъул хІакъалъулъ: «Цо нухалда дир эмен чІвазе Аслан-ханасухъе вачана. Дир эмен гІансиде тІадеги вегун, гьесда

цеве чIана. Аслан-ханасул кьер тIуна, гIодов чIараб бакIалдаса тIаде вахъана, хIинкъун лъугьарав гIадин, цояб рокъове-хIужраялде унаго абуна: «Гьев рокъове виччай ва гьесие кинабгIаги зарал гьабуге. Унго– унголъунги дида цеве гьев чIараб мехалда, дида бихьана гьесул анцIабго килищ, гьел нахучирахъал гIадин кенчIолел рукIана».

Гьеб биценалъул хадуб бижараб варианталда рекъон, Жамалудин Аслан-ханас ахIун, гьесухъе ана, гIансида гIункIрукьги лъун гьесда цеве чIана. «Карамалъи бугев шайихасул балагьиялъ Аслан-хан хIикмалъизавуна, хварав чиясул гIадин гьурмал кьерги тIун, гьев хехго цояб рокъовехун ана. Шайихасда щиб гьабилебин нукарзабаз кьураб суалалъе, сородулев Аслан-ханас жаваб кьуна: «Гьев рокъове виччай, дида бихьулеб буго, гьесул берал хIедучирахъал гIадин кенчIолел руго», – ян.

Гьал биценазда Жамалудин вихьизавун вуго, киналго шайихзабазе гIадин, жинда сверухъ ругел гIадамазде хIикматаб асар гьабизе гьунар кьурав чилъун, гьел жиндирго мурадалъе мутIигI гьаризе, квершаликье рачине ТIадегIанас бажари сайигъат гьабурав шайихлъун.

Имаматалда шайих Жамалудинил букIана кIудияб къадру, гьев рикIкIунаан цIакъго хIурматияв чилъун, гьес рухIияб асар гьабулаан живго Шамилие, гьединго гьесул наибзабазеги. Дагъистаналъул ва Чачаналъул халкъаз жидерго миллияб эркенлъиялъе гIоло гьабураб къеркьеялъе жинцаго нухмалъи гьабураб тIолабго заманаялъ имам Шамилил шайихасдехун букIана хассаб адаб-хIурматалъулаб бербалагьи, гьес Жамалудин рикIкIунаан къадру-къимат бугев гIалимчилъун, жиндирго гIакълучилъун. Гьесул пикруги гIадахъ босун Шамилица 1841 соналда гIуцIана Диванханаялъул Совет. Гьелда гьоркьове унаан 32 чи, амма тIарамагъадисеб, хIасилияб хIукму къотIулелъул рагIи абулаан анлъго чияс. Гьезда гьоркьовги цевесев вукIана – Гъазигъумекиса Жамалудин. Гьел рукIана халкъалъ рикIкIунел гIакъилзаби, Дагъистаналъул халкъазул лъикIал, мустахIикъал вакилзаби.

ЦохIо Жамалудин вукIана Шамилил гIунгутIабазул, гьалатIазул хIакъалъулъ бицине, жиндаго имамасда гьезул абизе кIолев чи. Амма гьес жиндего имамасул бугеб божилъи киданиги заралалъе хIалтIизабичIо, жиндирго хIалкIолъиялдаса гIаммаб ишалъе пайда босана. Чанго нухалда наибзаби, гьездаго гьоркьов Даниял-бегги жахIдачагIаз гъоркьан гьарулел мацIаздаса, лъолел бугьтаназдаса хвасар гьарурав. Жамалудинил гIакълабазухъ Шамил кидаго гIенеккулаан. Амма, гьединаб адаб-хIурмат гъорлъ бессараб бербалагьи Шамилил шайихасдехун букIаниги, цIакъго лъикIал гьоркьорлъабазухъги балагьичIого, имам цо нухалда Жамалудинихъ гIенеккичIо…

Иш букIана гьадин. АнцIила ичIабилеб гIасруялъул 50-абилел соназул кIиабилеб бащалъиялда магIарулазул къеркьеялъул битIккунгутIаби рукIана. Имамасул васазул разилъиги щун, Жамалудиница хIалбихьана, царизмалъулгун хадубккун гьабулеб къеркьеялъул хIасил кколареблъи, гьеб гIададисеб иш букIин Шамилида бичIчIизабизе, гьев гьелда божизавизе. Шамил шайихас рехсарал хIужабазухъ, гьес рачарал далилазухъ гIенеккичIо…

КIудияв шайихасул цIакъго якъинал хасияталлъун рукIана гIадан хиралъи, гIадамасда рахIму букIин, гьесие лъикIлъи бокьи. Жамалудиница

кIудияб гIахьаллъи гьабуна, муридзабаз асир гьарурал гуржиязул гиназал Орбелианил ва Чавчавадзел лъудби ва гиназ И.Орбелиани асирлъудаса хвасар гьариялъулъги. Гьезие гьев цевегосев гIагарав чи гIадин вокьана.

Кавказалъул рагъул соназда Жамалудин кидаго Шамилида цадахъ вукIана. Имамасе гьес кьолаан гIакъилал, цIодорал гIакълаби, Шамилил байбихьиязул гъираялда рахъ кколаан. Жиндирго къадру-къиматалдалъун, киназдего бугеб асаралдалъун, бакIалъулал хIакимзабазулгун ругел бухьеназдалъун Жамалудинида кIолаан гьел Шамилил рахъалде рачIинаризе. Имамасул гIумруялъулъ рукIарал киналго захIмалъабазда, хIалуцарал лъугьа-бахъиназда гьев Шамилида аскIов, кIигъеж цун цадахъ вукIанилан абизе бегьула. Гъуниб магIарда асир гьавурав имам Шамил Темир-Хан-Шураве вачун вачIиндал, гьениве вачIана Жамалудин. Лъалеб букIахъе, Жамалуднил яс Загьидат йикIана Шамилил лъади, гьесул кIиявго васасе – ГIабдурахIмание ва ГIабдурахIимие рачун рукIана Шамилил ясал. Гьел имамасул кIудияб хъизаналда цадахъ Россиялде унел рукIана. РакI-ракIалъ вокьулев вукIарав, къадру-къимат бугев гIалимчиясулгун, ригь арав вакьадасулгун Шамилица жинцаго къо-лъикI гьабуна.

Халкъиял асаразулъ шайих Жамалудин нилъеда цеве чIолев вуго, ТIадегIанав Аллагьас жиндие барахщичIого, сахаватаб пагьму, гьунар кьурав гIалимчилъун, бальго лъалев бусурбабазул къануниявлъун лъугьарав шайихлъун. Гьесда кIолеб буго букIинесеб цебечIезабизе, гьесулъ буго хIалкIолъи, хIикматал ишал гьаризе бажари, гьесда рихьулел рукIана букIинесеб бицунел макьаби.

Шамилил пристав А.Руновскиясул баяназда рекъон, Жамалудинил васал ГIабдурахIман ва ГIабдурахIим тIулбикьарал вацал рукIинчIо, гьел кколаан батIи-батIиял улбузул васал. Шайих Жамалудинил тIоцеесей чIужу йикIана магIарулай.

Жамалудиница цебеккунго бицана Аслан-ханасе вас гьавизе вукIин. Кинали, Аслан-ханас буюрана Жамалудин жиндихъего ахIизе. Ханас хIохьбахъи гьабулеб рукъалда цебе бугеб жанахIалъуса унаго Жамалудин дандчIвана ханасул лъади Умакусумгун.

Аслан-ханасда рагIана, жанахIалъуб Жамалудиница лъиеялиго, таваккал гьечIого, вас-васдилаго, ворчIамиги кьун «Ассаламу гIалайкум!» – ан абулеб.

– Дуца гьабулеб щиб, Жамалудин, дуе бокьунищ бугеб руччабаздаги «Ассаламу гIалайкумилан» абулеб бусурбабазул цIияб гIадат билълъанхъизабизе? – ян гIажаиблъана хан.

– Гьедин гуро, бетIерчIахъаяв хан, дица салам дур лъадуе кьечIо, кватIичIого дунялалде вачIине вугев дур васасе кьуна, – ян жаваб кьуна Жамалудиница.

Шайихас цебеккунго бицараб жо, гьес къотIараб къагIидаялъ тIубана ва Аслан-ханасе гьавуна гIемераб мехалъ гьев жиндихъ балагьун чIарав вас. Жинцаго кьураб рагIиги хвезабичIого, жиндиего вас гьавун хадуб, Аслан-ханас Жамалудиние сайигъаталъе кьуна Кюри округалъул лъабго росу.

Бицуна, Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадие ва гьесул гьалмагъасе бокьун букIанила Жамалудинил цебеккун жо лъаялъул, гьесул нахъгIунтIиялъул хIалбихьизе, гьал щалали гьеда лъалищали ракIчIезабизе.

«ТIоцеве гьалмагъ вачIана рокъове жаниве лъугьун ва гьес дир инсуе салам кьуна, – ян хъвалеб буго Жамалуднил вас ГIабдурахIманица. – ГъазимухIамадица жиндаго тIадаблъун гьабураб куцалда гьев инсуда аскIов гIодов чIана. ГъазимухIамад вихьаравго инсуца абуна: «Огь, ГъазимухIамад, лъикI щварав», – гьесул квер босана ва «Мун мустахIикълъараб бакI гьалмагъасда аскIоб гуреб, гьаб буго», – янги абун жиндирго хьолбохъ гIодов чIезавуна. «Дун ГъазимухIамад вукIин кин дуда лъалеб?» – ан гьикъана имамас.

Эмен гьимана ва жаваб кьуна: «Нилъер хириял тIахьазда хъван гьечIищ: «Диналъул тIалабаздаса таруларев муъминчиясул цебеккун лъаялдаса, нахъгIунтIиялдаса цIодорлъи гьабеян, щайгурелъул, гьев валагьулелъул Аллагьасул бералъ ва гьесда дунялалда кинабго бихьулелъул. Дур щаклъи кколебищ бугеб дун диналдаса тарулев чи вукIиналда?»

ГъазимухIамад жаваб кьечIого чIана ва гьев дир инсул цебеккун лъаялъе, нахъгIунтIиялъе мукIурлъана. Хадуб инсуца ГъазимухIамадил гьалмагъасул хIакъалъулъги кинабго бицана, гьевги тамашалъун хутIана, гьеб рагIарав ГъазимухIамад дагьавги гьурмалъа хисана.

Дир инсухъа тIарикъаталъул гIелмуги босун ГъазимухIамад рокъове тIадвуссана ва гьесие амру гьабун букIараб куцалда, Генуб росдал рагIалда хас гьабун гьесие бараб хIужраялъув живго цохIо чIана».

Гьединал тIабигIиял гурел къуватал гьунарал кьун рукIана гьесухъе ТIадегIанас ва шайих Жамалудинил Аллагьас шавкъ кьун бижараб гIелмуялъ кIудияб асар гьабулеб букIана гьесул заманалда гIумру гьабулел гIадамазе.

Шамил асир гьавун хадуб Гъазигъумекиса Жамалудиница ва гьесул хъизаналъ гIумру гьабулеб букIана ТIелекь. Жиндие гьабураб лъикIлъи кIоченчIев гуржиязул гиназ Чавчавадзел кумекалдалъун, хеккого Жамалудиние изну кьуна Турциялде ине.

Гъазигъумекиса Жамалудиница жиндирго гIумруялъул ахирал сонал тIамуна Стамбул шагьаралъул Ускудар авалалда. Гьев Аллагьасул къадаралде щвана 1866 соналда. Вукъун вуго Стамбулалъул хабалалъ. Гьесул хабаде зияраталъ батIи-батIиял бакIаздаса, гьездаго гьоркьор Дагъистаналдасаги гIемерал гIадамал щола.

Диналъе, жидерго миллияб эркенлъиялъе гIоло Северияб Кавказалъул халкъаз анцIила ичIабилеб къарнуялда гьабураб къеркьеялъул нухмалъулеллъун, гьелъул рухIиял церехъабилъун рукIарал шайихзаби МухIамад Ярагъиясул ва Гъазигъумекиса Жамалудинил сипат-суратал, имамзабазул насихIатчагIазул гIумруялъул баянал, гьунарал халкъалъул фольклоралда, биценазда цIунун хутIун руго. Гьел гIелаз гIелазухъе кьун цере рачунел руго.

Халкъияб прозаялда гьел кьезе ккола ритIухъаб куцалда. Тарихалда лъикIал лъалкIал тарал бахIарзал, гIалимзаби, тIарикъаталъул хIаракатчагIи, заманаялъул чваххиялъ хисизаризе бегьуларо, гьезул кIодолъи тIадегIанаблъун, хIакъикъияблъун букIине ккола.

***Мисай ХАЛИДОВА, филологиял гIелмабазул доктор, ДНЦялъул МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул аслияй гIелмияй хIалтIухъан.***

# ГӀакълуялъул дандерижи

## НУЦӀИДАСА ХЪАРЩИ БАХЪУГЕ

Жиндирго рокъоб бугеб хӀехьезе кӀолареб ахӀвал-хӀалалъ кӀанцӀизе бакӀ тӀагӀарав цо чи шагьаралъул къватӀахъ тира- сверулев вукӀанила. Вихьанила гьесда басриябго рукъалда цеве гӀодов чӀарав халатаб хъахӀаб мегежалъул херав. Гьадав чиясда дирго бугеб хӀалалъул бицани, гӀакълу дандбани, щибин лъалеб кумек щвезе бегьулин пикруги гьабун, саламги кьун гьесда аскӀов гӀодов чӀанила.

– Я, кӀудияв чи, – ян абунила гьес, – мун, дир хӀисабалда, вукӀине ккола, гӀумруги бихьарав, гӀадамалги ричӀчӀулев, бокьараб ахӀвал-хӀалалъе къимат кьунги бажарулев, хӀажаталъуб чиясе кьезе гӀакълуги бугев чи. Дир буго дуде бикьизе цӀакъ кӀудияб ургъел.

– Гьев дуда ракӀалде ккарав гӀанасев чиги дун гуро, – ян абунила херас. – БукӀаниги, бицеха дурго унти. Щиб лъалеб, кӀиялго цадахъ ургъани, батизеги бегьула нилъеда дур ургъел бигьалъиялъе нух.

– Дир руго чӀужуги, васги, ясги, – ян байбихьанила гьев чияс. – ЧӀужу йиго гьекъолдухъан, яс хъахӀба, вас наркоман. ТӀадежоялъеги, кигӀан балагьаниги, диего хӀалтӀиги щолеб гьечӀо. Щиб дица гьабилеб гьаб гӀазабалдаса ворчӀизе, гӀадамазул гӀадаб магӀнаяб ахӀвал-хӀал дирго рокъоб лъугьинабизе.

– Дуца дурго рукъалъул нуцӀида чӀвай «Кидаго гьадин букӀунаро» абун тӀад хъвараб хъарщи.

– Гьебищха цого цо дие кьезе дуда батараб гӀакълу?

– У, гьеб буго. Гьедин гьабе, – ян абунила херас.

Гьесул жавабалда разилъичӀониги, херасе баркалаги кьун, рокъове тӀадвуссанила гьадав чи.

Жаниб цо балъгояб магӀна гьечӀеб гӀакълу херасул гьеб батиларин хӀисабги гьабун, чӀванила нуцӀида гьадаб хъвай- хъвагӀай гьабураб хъарщи.

Цо-цоккун унел рукӀанила къоял, анкьал, моцӀал…

Аллагьасул хӀалкӀолъиялдалъун, дагь-дагькккун хисанила гьев чиясул рокъоб ахӀвал-хӀал.

Гьекъолеб жоги тун, рос-рукъалъул тӀалаб-агъаз бугей гӀаданлъун лъугьанила лъади. Васги наркотиказдасаги вацӀцӀалъун, лъадиги ячун, лъималги гьарун, хӀалтӀи-пишаялдеги вуссун, берцинаб гӀумру-яшавалде ванила. Ясалъухъеги цо пуланаб къоялъ бачӀанила рокьи. Рос-рукъалдеги гӀащикълъун, доб саяхъаб гӀамалги кӀочон тун, лъикӀай лъадилъунги лъималазул тӀалаб-агъаз бугей эбеллъунги яхъанила гьейги. Живго гьев чиясулги, гьабулеб-толебги данде билълъун, магӀишат-яшав цебетӀун бачӀанила. ЛъикӀаб, гӀадамал бахилаб ресалдеги, цӀар бугеб хъулухъалдеги ваханила гьев.

Гьедин гьоркьоб щугогӀан сон ун хадуб, жиндирго гӀумру-яшавалдаса чӀухӀарав гьадав чи, хирияб машинаялдаги рекӀун, шагьаралда свера-тирулаго, добго бакӀалда гӀодов чӀун ватанила довго херав чи.

– Гьа, херав, добго бакI хинлъизабулевищ вугев? – абун пахруго кIалъанила машинаялъул гордол цIерги гIодобе биччан гьадав чи. – Гьалеха, кидаялиго гIакълу гьикъизе духъе вачIун вукIарав дун гьаб борхалъуде, кIудияб хIакимлъиялде вахана. Мунин абуни, дагьавги херлъунги вуго. ХутIарал къоял рикIкIунев ватиларищха.

Гьес херасе биценила жиндиргоги хъизан-лъималазулги гIумруялда ккараб хиса-басиялъулги ва гьесда ракIрелъараб хьимигун, тIадеги жубанила:

– Жакъа гьечIищ дур дие кьезе гIакълу?

– НуцIидаса хъарщи бахъуге, – ян абунила херас.

## ДУНЯЛНИ ХИСА-СВЕРУЛЕБ ЖО БУГО…

РекIа-ворчун унев цо базарганасда хурив хIалтIулев ватанила мискинав векьарухъан. Базарганас гьесие жиндихъго букIараб квен-тIехги гIахьал гьабунила, тIадежоялъеги, гьесда ракIгурхIун, дагьа-макъаб гIарацги кьунила.

– Баркала дуе, лъикIав чи, – ян абунила векьарухъанас. – Дунял хиса-сверулеб жо буго, кида-къадги дур гIаданлъи бецIизе кIвелеб батила дидаги.

БецIизелъун гурин, садакъаде гьабураб жо бугин жиндир гьебин абунила базарганас. Сундалъунин гьасги дие гьаб гIаданлъи бецIилебин ракIалдеги кканила гьесда.

Анила гьоркьоб замана.

Ханас жиндихъего ахIун рукIанила улка-ракьалда ругелщинал къадруял гIадамал. Гьезда гьоркьов гьадав базарганги вукIанила. Гьев гIажаиблъун хутIанила, ханасда хьолбохъ гIодов чIун гьесул вазирлъун дов мискинчи ватараб мехалъ. Вазирасдаги бер кIутIарабго лъанила доб жив захIматаб хIалалда вугеб мехалда гIаданлъи гьабурав базарган. Гьес батIаго вачун базарганасе лъикIаб гьоболлъиги гьабунила, нухбитIиялъеян месед-гIарацги кьунила. Ва къолъикI гьабулаго:

– Дунял хиса-сверулеб жо буго, – иланги абунила.

Анила дагьабги заман.

Цо къоялъ базарганасухъе чапар вачIанила ханас ахIулев вугилан. Ханасул жинде хIажалъи щибдай бугоян, лъикIалъедай, квешалъедаян васвасдилаго анила гьев чапарасда цадахъ.

Вугилаха ханасул тахбакIида гIодов чIун, аскIор цересел гIадамалгун, дов кидаялиго гьасда хур бекьулев ватарав мискинчи.

Базарганасул хIурматалда лъикIаб гIодорчIей, квана-гьекъейги гьабунила ханас, гьесие сайигъаталъе гIемераб гIарац-меседги кьунила. Ва, гьаб нухалъги, къолъикI гьабулаго абунила:

– Дунял хиса-сверулеб жо буго, – илан.

Анила гьоркьоб лъикIаланго заман.

Базарганасда ракIалде кканила, гьадаб хIалалъ жиндир адаб-хIурмат гьабурав ханасухъе щвезе ун лъикIилан. Росанила гьесие лъикIалан сайигъаталги, вахъанила нухда…

Ханасул кIалгIаялде щведал биценила, дов ханги хванин, гьесул бакIалда батIиявги вугин.

Анила базарган хабалалъе, щванила ханасул хабаде. Гъесул заниялда хъван ругоанила гъадалго «Дунял хиса-сверулеб жо буго» абурал рагIаби.

«Дунялни хиса-сверулеб жо буго», – илан хIисаб гъабунила базарганас: «Амма гъаб хисуларо».

## ТАЛИХIАЙ ГIАДАН ЙИКIУН ЙИГО ДУН

– Къасиги-къадги хIалтIулелги рукIуна дунги росги хурирги харинирги, цоги-цоги нижехъа гъабун бажарулебщиналъубги, – ян абунила цIакъ пашманго чIужугIаданалъ, гIумру бихьарав, гIакъилавин гIадамаз рикIкIунев ригь арав чиясда. – Амма чехь гIорцIизе хинкI-чедги, черх бацараб ретIелги нижееги лъималазеги киданиги щвечIо. ТIадежоялъеги, басралъун тIутIу-хъухъун буго нижер мина-миркги. ГъечIищ дур, гьеб захIматаб хIал хисизабиялъе, нижер магIишаталда дагьа-макъабниги рухI речIчIизабиялъе кумекалъе батизесеб, нижее кьезе гIакълу.

Гьелда щибго рагIиги абичIого, херас чIужугIадан ячанила берцинго къачIараб, кIудияб минаялда аскIое. Гьенир азбаралда расандулел ругоанила лъикIго ретIа-къарал гIисинал лъималги. Минаялдаги лъималаздаги хIайранлъун, ялагьун хутIанила гьей гIадан. Гьелъул пикрабиги ричIчIун, херас чIужугIадан ячанила азбаралде жание.

Ругилаха ахикь гIодорги чIун квана-гьекъолел ахIи-хIуралда чанго бихьинчиги, чанго чIужугIаданги. Гьезие квен баччулей йигила цIакъ пашманай цоги чIужугIаданги. Щибаб нухалда столалде батIияб-цIияб жо босун ячIарайго, гьей хIакъир гьаюн рагIаби рехулев цо бихьинчиги вугила. БичIчIанила гьай гIаданалда, гьадав чи гьей пашманай чIужугIаданалъул рос вукIинги, цоги хутIанщинабги…

Ячанила дов херас гьей чIужугIадан жеги кIудияб, дагьабги берцинаб минаялда аскIое. КIутIанила гьес кавуялда. Гьебги рагьун, беразулъ цIакъ гъваридаб пашманлъи бессарав гIолохъанчияс, хIурматияб къагIидаялда къабул гьарунила гьалбал. Гьевгун цадахъ херавги дой чIужугIаданги щванила цо рокъоре. Гьенив бусада лъун ичIго-анцIго сон барав гIадав васги вугила, гьесде тIадеги къулун къваридго гIолохъанай чIужугIаданги йигила.

Гьей гIаданалъ гьазие квен-тIехги бачIанила. Гара-чIварулаго гьелъул росасги биցанила, чанго соналъ цебе гъотIодаса гъоркьеги вортун мугъзал гьодги бекун, кинабгIаги дару-сабабалъул кумекги ккечIого вугин жидер гьев цого цо вугев василанги.

Гьоболлъиялъухъ гьел лъикIал гIадамазе баркалаги кьун, гьезул васасе сахлъиги гьарун, гьал кIиялго къватIире рахъанила.

Гьаб нухалда херас дой гIадан унго-унгоял кIалгIабахъе ячанила. Гьезие каву рагьанила беразулъ гIажаибаб чIалгIенги чIамучIлъиги бессарай, гьай гIаданалъулго ригьалъул гIадай чIужугIаданалъ.

– Дир эмен вукIана цIакъ бечедав чи. Гьесул дун гурони цоги лъимерги букIинчIо, – илан биցанила гьалбадерие, гьезда цадахъ чайги гьекъолаго рукъалъул хважаиналъ. – Гьаб минаги, цадахъго гIезегIан боцIи-рикъзиги инсудасан ирсалъе щвана дие. Амма гьеб киналъулго пайда щиб, я аскIов рос гуро, я ракIгьеялъе лъимер гуро, я кIалъазе чи гуро. Къисмат мугъ рехун чIана дидехун. Кида лъие ккелебали лъалареб гьаб кинабго байтулманги хьихьун хутIун йиго дун Аллагьас кьурал къоял лъугIизегIан…

БачIинин дуеги талихIалъул бакъ баккулеб къоян гьей гIаданалъе ракIмакIги гьабун къватIире рахъанила гьал.

КъотIноре щведал суал кьолеб магIнаялда балагьанила херав чIужугIаданалъухъ.

– БичIчIана лъикIав чи, бичIчIана, – ян абунила гьелъ. – Дуе цIакъ кIудияб баркала гIумруялъул хIакъикъат бихьизе дир берал рагьаралъухъ. Дир вуго ургъел бикьизеги, рокьи чучизеги, мугъчIвазеги лъикIав рос, сах-саламатал лъимал, басриябго букIаниги, гьал жакъа дида рихьараздаса берцинаб минамирк. ТалихIай гIадан йикIун йиго дун. Рецц Аллагьасе. Гьев тIасалъугьинев ватила дунялги гIадамалги рихьичIого, ричIчIичIого дир рекIелъе лъугьун букIараб сабрукълъиялдаса.

## ЩИВАС ЖИНДАГО РОРЦУНА ЦОГИЯЛ

Свакан бакъанида рокъове щварав векьарухъан жиндирго басриябго минаялда цебе бугеб ганчIида гIодов чIун вукIанила. Вихьанила гьев гIагардегIанго бугеб нухдасан унев чиясда. Гьес хIисаб гьабунила, щибго хIалтIи-ишги гьечIого гIодов чIарав гьадав чи цIакъ кIухIалав чи ватилилан.

Гьесдаго хадув вачIунев цогияс пикру гьабунила, гьадав чи, къотIносан унел-рачIунел руччабазухъ балагьизе ганчIида гIодов чIарав цIакъ саяхъав чи ватилилан.

Лъабабилев нухлуласда ракIалде кканила, гьадав чи къоялъ хIалтIулевги вукIун, свак чучизе гIодов чIарав чи ватилилан.

Гьезул тIоцевесев вукIанила гIумруялъ нухда батараб гамачIгицин цояб рахъалде рехичIев, гьабуразул гьабурабги кванан вукIунев, цIакъ кIухIалав чи. КIиабилев – кидаго руччабазда хадув свердун къоял тIамулев цIакъ саяхъав чи. Лъабабилев – гьитIинаб къоялдасаго гIетI тIун босараб чадил къимат лъарав, цIакъ хIалтIун ругьунав чи.

Гьедин, щивав чияс жиндаго рорцунила цогиялги.

## АЛЛАГЬ РЕКIЕЛЪ ВУКIИНЕ ККОЛА

ВукIанила цо чи, тIолабго гIумруялъ гIадамаздаса ватIа тIун рохьовги чIун, Аллагьасе дин гьабулев. ГIадамал цIакъ рухIдаллъун рукIунаанила гьесда. Цо къоялъ гьев чиясухъе вачIанила малаик ва абунила:

– Мун а гьадаб аскIоб бугеб росулъе. Дова вуго пуланав бечедав чи, гIумруялъ лъиениги кигIан гьитIинабги заралги гьабичIев, кидаго мискиналзихъазе садакъаги бикьулев, жиндаса бажарарабщинаб лъикIлъиги гIадамазе гьабулев. Гьесда абе дуца, мун бащдаб лъагIалидаса хвезеги вугин, хун хадуб Аллагьас мун алжаналдеги витIизе вугин.

Малаикасул тIадкъай тIубазе къватIиве вахъанила гьев чи. Нухда унаго гьес хIисаб гьабулеб букIанила, дица тIадчIун гьабураб диналъул хIасилалда дун Аллагьасул вакиллъун вахъанилан. Гьаб цогияб халкъалде дандеккун, цIакъ кIудияб даражаялде вахарав чи вугин дунилан.

Росулъе щведал, гьес дов бечедав, лъикIав чиясда бицанила малаикас жиндаго абураб жо. Гьев чиясул щибго хIал хисичIила ва абунила жив Аллагьасул хIукмуялда разияв вугин.

Росулъ цIакъ хехго тIибитIанила гьеб хабар. ГIадамал, хасго мискинзаби

цIакъ пашманлъанила жидеда кверчIвазе вукIарав лъикIав чи кватIичIого хвезехъин вукIиналдаса. Гьев чиясин абуни, жеги цIикIкIун садакъабиги кьолел рукIанила, цоги бажарарабщинаб кумекги гьабулеб букIанила гIадамазе.

Анила бащдаб лъагIелги, лъагIелги, жеги чанго сонги. Гьадав чийин абуни, сах-саламатго ругьунаб куцалъ росуцоял рохизарулев вукIанила. Дов рохьовги чIун дин гьабулев чиясдейин абуни халкъалъул рокьукълъи бижанила. Гьерсихъан вукIун вугилан, киналго гьесда тIад релъулел рукIанила.

Анила гьедин жеги чанго сон.

Цо къоялъ гьадавго малаик вачIанила рохьове дов чиясухъе.

Гьес малаикасда абунила, дуца дун махсародеги ккун витIанин росулъе гьадав чиясухъе. Гьанже дида гIадамал божулел гьечIин, гьезда дун рихун вугин, тIадежоялъеги гьел, гьерсихъанилан дида тIад релъулелги ругин.

Малаикас абунила:

– Аллагьас дун витIун вукIана дов чиясулги дурги хIалбихьизе. Дос, кигIанго хвел гIагарлъун бугин абуниги, Аллагьасе рецц гьабун, жеги-жеги лъикIал ишазда жиндирго хутIарал къоял инаризе хIаракат бахъана. Дудайин абуни ракIалде ккана гьаб халкъул гIаламалдаса мун тIокIав вугилан. Дур рекIелъе лъугьана бергьун кIудияб чIухIи. Якъинлъана, дуца дин, Аллагьасе гIоло гуреб, гIадамазда берцин вихьизе, гьез цIакъав, тIокIав чи вугин абизе гIоло гьабулеб букIин. Бихьана дур рекIелъ Аллагь гьечIевлъи.

ЦохIо Аллагьасда лъала дов чиясеги дуеги дунялалда гIумру гьабизе кигIан къоял хутIаралали. Амма ракIчIараб жо буго, дов алжаналде, мун жужахIалде ине вукIин.

## ГЬЕДИН БУКIУНА

ЦIалдохъабаз мугIалимасда гьикъанила:

– Щай гIадамаз дагIбадулелъул, гьаракь борхизабулеб? – илан.

– КIиго чи дагIбадулелъул, гьезул ракIал цоцаздаса рикIкIалъула. Гьединлъидал, гьаракь борхун кIалъани гурони гьел цоцазда рагIуларо, – ян жаваб кьунила мугIалимас.

– Рокьи ккарал щайха цоцазда щурун кIалъалел?

– Рокьи ккаразул ракIал цоцазде гIагарлъула, кигIан щурун абуниги, гьез бицунеб жо цоцазда рагIула. Рокьи унго-унголъунги гучаб бугони, гьезул ракIал журала. Гьединаб мехалъ, кIалъачIониги, бераз бицунги цоцазда гьел ричIчIула.

## Ж А ХI Д А

ГодекIанив гIодов чIун хабар-кIалалда вукIанила анцIго чи. Гьанжесеб чIухIараб машинаялдаги рекIун тIаде вачIанила гIолохъанаб ригьалъул цоги чи. Гьес годекIанир ратаразе, саламги кьун, хъваш-баш гьабунила. Цинги абунила:

– Дун къватIиве вахъун вукIана, дидасагоги хъизамалдасаги садакъаде дагьа-макъаб гIарац бикьизе. Нужги лъикIал гIадамал ругин ккола дида, нужее кьела дица гьаб гIарац.

Гъединги абун, гъев чияс, годекIанив вукIарав анцIасего лъаб-лъаб азар-азар гъурущ кьунила. Ахирги гьесухъ азарго гъурущ хутIанила. Гьебги, гьел гIадамазда гьоркьов бищун мискинав ватилин ккарав чиясе кьунила. ГодекIанир рукIараз гьев чиясе лъикIаб гьари-рахьи гьабунила.

ТIасан кIалалъ гьединаб гьари-рахьи гьабуниги, дов чияс мугъ барабго, гьезул ичIгояв гьесда тIасан гаргадизе лъугьанила. Цояс гьев цIогьор рагIун абунила, цогияс чIвадарухъан ватизе кколин, лъабабилес хIиллачи ватизе кколин абунила… Гьедин щивасул кIалалъ, расги барахщичIого ракIалде ккара-ккараб хъублъи чIехьолеб букIанила гьесде. Щивасда жанибин абуни бухъардулеб букIанила цого пикру – доб хутIараб азарго гъурущ дие щвезе кколаанин абураб асар. Гьеб асар бергьун, жахIдаялъул накIкIуца бахчизабун, гьезда кIочон танила, гьадав чиясдасан жидее лъабазарго гъурущ щвараблъи.

## БАРАКАТ ЩВЕЗЕ БЕГЬУЛА

ВукIанила цIакъ сахаватав хан. Гьес жиндир улка-ракьалда ругел гIадамазе кидаго бикьулаанила гIарац-месед, гьабулаанила хIажалъи ккаразе, гьарун вачIарасе цоги-цоги кумекги.

Цо къоялъ вазирас ханасда абунила, гьеб бечелъи гьедин дуца бикьизе гурин цере рукIарал ханзабаз данде гьабураб. ЗахIматаб къо бачIани батизе, ханлъиялъул хазина-рукъ, гIарац-меседалъул цIун букIине кколин. Дуцаги, дуда цере рукIарал ханзабаз гIадин халкъалъухъа магъало бакIарейин, гьезие буголъи бикьичIогойин.

– Хазина-рукъ къварилъи ккараб къоялде бечедго букIине кколин абурал рагIаби дур ритIарал ратизеги бегьула, – ян абунила ханас. – Гьединаб къоялде нахърател камунги нилъ гьечIо. Амма хан гIорцIун¸ халкъ бакъун букIине кколин абураб азарил соназ щулалъараб, гIадатлъун лъугьараб пикруялдаги дун разияв гьечIо. Дун гьаб дунялалде абадиялъго вукIине вачIарав чи гуро. Хун хадуб дир хIакъалъулъ гIадамаз бечедав хан вукIанин абиялдаса, сахаватав хан вукIанин абизе бокьила дие. Щиб лъалеб, Аллагьасда цеве вахъараб къоялъги дие гьелъул баракат щвезе бегьула.



# Гъабги, добги, добцоябги

* * *

Эбелги, эменги, ясги – лъабалго гІинкъал рукІанила. Рокъове вачІаравго инсуца абунила чІужуялдаги ясалдаги дун сапаралъ ине кколев вугин, дир ретІел-хьит къачІаян.

Гьес абураб бичІчІичІей эбелалъ ясалда абула:

– Яхъа, дир яс, эмен вакъун рагІула, квен цебе лъе.

Жиндирго пикрабалъ йигей ясалъ жаваб кьола:

– Щибха гьабилеб, гьедигІан гьев вас нужее рекІее гІун ватани, дун разияй йиго гьесие ине.

* * *

Базаралда чахъу бичулев ватарав чиясда дарам гьабизе бокьарас гьикъула:

– Алъул багьа щиб?

– Анлъазарго гъурущ.

– Лъабазаргоялде кьеларищ, дихъ гьеб гурони гьечІо.

– Бащдаб лъиеха дица бичилеб?

* * *

ГІоралъ восун унев цо чи ахІдолев вукІун вуго: «Я, Хизри, я, Ильяс», – илан.

Гьев хвасар гьавизе жиндасаго бажарулареблъи бичІчІарав гІурул рагІалда вукІарас гІоралъ унесде ахІун буго:

– Хизриги Ильясги гъора Чирюрталда рихьана дида гІоралъ босун бачІараб цІул бахъулел. Гьел къваригІун ратани, мун гъове а.

Гьев, дов чияс «малъарабги гьабун», гІоралъ Чирюрталде ун вуго.

* * *

Рузман къоялъ вагІза-насихІат гьабулаго, росдал дибирас абунила, кІиго копекалъул хІакъ тІад бугев чи алжаналде гІагардецин виччаларилан.

Гьеб мехалъ рузман базе данделъараб жамагІаталда гьоркьоса цояс ахІанила:

– Гьедин батани, нужер алжанги букІинаха, доб заманалдаго ЦІадаса ХІамзатица абухъе, агъвалисезул чІунтараб хІамам гІадин цониги чиги жанив гьечІого, – ян.

* * *

Жиндирго гІиги бачун гъутаналде унев цо магІарулав щун вуго гІодоблъиялда бугеб цо росулъе. ГІияда цадахъ цо гьойги букІун буго. Цо кавудахъа кІанцІун бачІун магІаруласул гьоялда тІад речІчІун буго цогияб. ЛъикІ багъун буго кІиябго. Ахирги магІаруласул гьоялъ доб цояб чІван буго. Гьеб мехалъ речІчІун таманчагун магІарулас жиндирго гьой чІван буго. АскІор рукІараз гьикъун буго, щайин дуца гьедин багъулеб гъой чІварабилан. БетІергьанчи бергьунареб бакІалда гьойги бергьине бегьуларин абун буго магІарулас.

* * *

Армиялдаса чІужуги ячун вачІун вуго гІолохъанчи. Гьелъулгун лъай-хъвайги гьабун, гьикъа-бакъарун лъугІидал, васас инсуда гьикъула:

– Эмен, лур ракI рекъанищ дир чІужуялда?

Гьелъул гьурмалги чорхолги берцинлъи гьечІолъиги васасда битІахъе абизе кІвечІого, инсуца жаваб кьунила:

– Гьайни квешай ятиларо, амма шагьаралде жанивегІан лъугьинчІого, рагІалда ятарай ячун йигоха дуца, – ян.

* * *

Доб советияб заманалда, гъоркь цІар гьечІел гІарзаби лъида-лъидасаги тІадегІанал идарабазде хъвалел чагІи камулароан. Балъго гьединал гІарзал хъван ругьунав, амма колхозалъул хІалтІуде жигар-жан бугев цо чи вукІанила. ХІукму ккола гьев партиялде восизе. Райкомалъул бюроялде ахІун вачІарав гьесие суал кьунила:

– Бице, лъица хъвараб «Капитал»? – илан.

– Нуж божа, гьалмагъзаби, гьеб дица хъвараб жо гуро, – ян вихха-хочун лъугьанила гьев чи.

* * *

Мадугьаласул цІибараб минаялъул цо рукъалда ункъо нуцІа бихьарав чияс абунила:

– Гьаб рукъни хасало цІакъ хинаб букІина, – илан.

– Гьаб щай батІаго хинаб букІунеб?

– Дир минаялъул щибаб рукъалда цо-цо нуцІа буго. Хасало гьел нуцІби къараб мехалда рукъзал лъикІго хинлъула. Ункъо нуцІа къараб мехалда дур гьаб рукъ цІакъго хинлъиларищха.

# МагӀарулазул хъвадарухъабазул эркенаб годекӀан







Индекс годовой  63333
Индекс полугодовой  73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун кկве* ***«Гьудуллъи».***

